


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

**TEMWANYAJ MARY K.
BAXTER**

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifiye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Entrodiksyon.....	5
2- Anndan Lanfè a	5
3- Janm goch Lanfè a	8
4- Janm dwat Lanfè a	12
5- Lòt antonwa.....	16
6- Tinèl lapèrèz la	19
7- Aktivite yo ki nan Lanfè a.	21
8- Vant Lanfè a.....	23
9- Selil Lanfè yo	24
10- Atrosite yo nan Lanfè a	26
11- Kè Lanfè a.....	30
12- Fènwa deyò yo	34
13- Kòn yo	35
14- Bra dwat Lanfè a.....	37
15- Bra goch Lanfè a	39
16- Mitan Lanfè a	40
17- Machwa Lanfè yo	44
18- Apèl pou Repantans	48
Envitasyon	54

TEMWANYAJ MARY K. BAXTER

Anvan ou li temwayaj sa a, nou ankouraje'w li yon avètisman enpòtan nou te fè konsènan temwayaj yo. Avètisman sa a ki gen tit "Avètisman Temwayaj" li trouve sou sit www.mcreveil.org.

Chè zanmi, nou trouve li esansyèl pou mete a dispozisyon nou temwanyaj Mary K. Baxter sa a, ki se yon resi ase detaye sou Lanfè. Mary te gen privilèj kondwi pa Senyè Jezi Kris nan Lanfè, e sa se a plizye repriz, pou wè ak temwanye ke Lanfè a reyèl e byen reyèl. Tèks sa a se yon ekstrè de liv li a ki rele "A divine revelation of Hell", Temwanyaj sa a li ase pou fè nou grandi; e nou priye ke pou li atenn objektif li a, ki se pou fè nou echape nan tèrib chatiman etènèl la. Ke kè nou sansib a dènye avètisman sa!

1- Entrodiksyon

Mwen rekonèt san pisans sinatirèl Senyè Jezi Kris la, liv sa a pa t'ap ekri, pa pi plis dayè ke tout lòt liv ki propoze yo pou pale de aprè vi. Jezi sèl ki kenbe kle Lanfè yo, e se Li ki te peye pri ki fè nou antre nan syèl la. Ekri liv sa a te pou mwen yon long eksperyans, sèl ak ekszijans. Donk, plizye ane te ekoule anvan ke revelasyon sa te ekri nan yon liv. Se Senyè a ki te ban mwen revelasyon sa an 1976. Sa te pran mwen 8 mwa pou te mete li sou papye. Redaksyon avèk men an li menm te kouvri yon peryòd de plizye ane, e mete referans bibliik yo nan lòd etap pa etap te pran yon lòt ane. Pou louvraj la te fini li te pran mwen esansyèlman de livè 1982 ak lane 1983. An plis, pou yon periòd trant nwit Jezi te mennen mwen nan Lanfè, ak dizwit vizit nan Syèl la.

Mwen wè jodi a ke Senyè a t'ap prepare'm deja pou ekri liv sa a lòske'm te timoun ankò mwen te konn fè rèv sou Bondye. Aprè nouvel nesans mwen, mwen te gen yon lanmou trè fò pou moun ki pèdi yo e mwen te vle wè nanm yo sove. Aprè sa Senyè te parèt avèk mwen an 1976, e li te fè'm konnen ke li te chwazi'm pou yon misyon patikilye. Li te di'm, "pitit mwen, mwen pral manifeste'm avèk ou pou ka mennen anpil moun soti nan fè nwa yo vin nan limyè a. Donk Senyè a Bondye chwazi'w pou yon misyon: Ekri tout bagay ke mwen pral montre'w yo e di'w yo. Mwen pral revele'w reyalite Lanfè a pou ke anpil moun ka sove pandan y'ap repanti yo nan move chemen yo a anvan ke li trò ta. Jezi Kris, mwen pral fè nanm ou soti nan kò'w e mwen pral transpòte'w nan Lanfè ak nan lòt lye ke mwen vle'w wè. Mwen pral montre'w tou vizyon syèl yo ak lòt lye e pral ba ou anpil revelasyon."

2- Anndan Lanfè a

An Mas 1976, alò ke mwen te nan kay la mwen t'ap priye, mwen te resevwa yon vizit Senyè Jezi Kris. Mwen t'ap priye nan lespri pandan plizye jou, kan, sibitman, mwen te vrèman resanti prezans Bondye. Pisans Li ak laglwa Li ranpli kay la. Yon limyè trè briye te klere sal kote'm t'ap priye a, e yon santiman dou e mèvèye te anvlope'm. Epi anpil flo limyè kontinye ap deplwaye pa vag ki t'ap woule youn sou lòt, yo te anvlope yo ak youn t'ap penetre lòt. Alò vwa Senyè a te fè tande li: "Mwen se Jezi Kris, Senyè'w la. Mwen vle ba'w yon revelasyon pou ka prepare sen yo pou retou Mwen ak mennen anpil moun nan dwati. Pisans fè nwa yo se yon reyalite, e jijman Mwen yo veritab, pitit Mwen, pa Lespri Mwen, e Mwen pral

montre'w anpil bagay ke Mwen vle fè mond lan konnen. Mwen pral parèt avèk ou plizye fwa, Mwen pral fè lespri'w soti nan kò'w e Mwen pral reyèlman mennen'w nan Lanfè. Mwen vle ke'w ekri yon liv ladann ou pral di sa ke'w pral wè yo ak tout bagay ke Mwen pral revele'w yo. Ou menm avèk Mwen, ansanm, nou pral pakouri Lanfè. Ou pral fè yon resi tout bagay sa yo ki te la, ki la, e ki pral rive. Pawòl Mwen yo vrè, fidèl e yo merite pou fè yo konfyans. Mwen se Sila ki La a e pa gen anyen ki sanble avèk Mwen."

"Senyè!" Mwen te di: "Ki sa Ou vle pou mwen fè?" Tout mwen menm ta dezire kriye a Jezi ak di Li tout rekonesans mwen pou prezans Li. Pou pi byen ekri sa, mwen pral di ke lanmou te anvlope'm. Se te lanmou ki bèl la, pi pezig la, plen jwa. Yon lanmou pisan ke mwen pa't janm resanti ankò. Louwanj te kòmanse leve nan tout mwen menm vè Bondye. Rapid mwen te gen dezi ba Li lavi'm an nantye, pou Li ka itilize'l pou sove moun yo nan peche yo. Mwen te konnen pa Lespri Li ke se te Jezi, Pitit Bondye a ki te rete la nan pyès la avèk mwen. Mwen pa trouve mo pou pale de divin prezans Li a. Men mwen konnen ke se te Jezi.

"Pitit Mwen", Jezi di'm, "Mwen pral mennen'w anndan Lanfè pa Lespri'm pou'w ka fè yon rapò sou reyalite sa a, pou'w ka di a mond lan an antye ke Lanfè reyèl, pou ke moun pèdi yo soti nan fè nwa a pou yo ka vini nan limyè Levanjil Jezi Kris la." Menm moman an, lespri'm te separe ki te kò'm e mwen te anlve avèk Jezi an wo chanm mwen an, nan direksyon Syèl la. Mwen te rann mwen kont trè byen de sa ki te rive'm nan. Mwen te wè mari'm ak timoun mwen yo nan kay nou an, anba nou. Yo t'ap dòmi. Se te kòm si mwen te mouri, e ke kò'm te rete deyè, sou kabann nan, tandis ke lespri'm te anlve avèk Jezi an wo do kay la. Se te kòm si do ka la te antyèman roule, e mwen te ka wè trè klèman chanm fanmi'm yo ki t'ap dòmi nan kabann yo. Mwen te santi Jezi te touche'm: "Pa krenn", Li di'm. "Yo ansekirite." Li te konnen panse'm yo.

Mwen pral fè tout efò'm pou mwen eseye dekri nou, pwen pa pwen, sa ke'm te wè ak resanti. Gen bagay ke mwen pa't konprann. Senyè a te ban mwen sinyifikasyon majorite nan yo, men pou lòt, Li pa't di'm anyen. Mwen te konnen, depi lè sa a, e mwen konnen, ke bagay sa yo te pase vrèman e sèl Bondye ki te ka montre'm yo. Glwa a Non Sen Li a! Kwè mwen, chè zanmi, Lanfè se yon reyalite. Lespri te kondwi'm ladann plizye fwa pandan preparasyon liv sa a.

Byento nou te trè wo nan syèl la. Mwen te retounen vè Jezi pou gade Li. Li te tout an glwa e an tout pisans, e yon gran lapè t'ap soti nan Li. Li te pran men'm: "Mwen renmen ou", Li te di mwen. "Pa pè, donk mwen avèk ou." Aprè sa, nou monte piwo piwo toujou nan Syèl la. Mwen te ka wè latè kounye a anba nou. Yon bann sòt antonwa te nan plizyè kote nan tè a t'ap jayi pandan yo t'ap tounen tout otou de yon pwen santral, epi yo te retire yo. Yo t'ap tounen yo trè wo sou tè a, e yo te sanble a bann fòm koub, anpil e sal, ki te toujou ap mouvman yo. Yo t'ap soti tout kote nan tè a. "Sa sa ye?" Mwen te mande Senyè Jezi, alò ke nou t'ap aproche sou youn nan antonwa sa yo. Li te reponn mwen: "Yo se antre lanfè a. Nou pral pase nan youn nan pasaj sa yo pou nou penetre anndan Lanfè a." Se sa nou te fè tou swit aprè. Yo te kapab di yon tinèl ki t'ap vire sou li menm nan 2 sans, tankou yon toup.

Gwo bout fè nwa te desann sou nou e avèk fè nwa sa yo te gen yon sant si tèlman santi ki te vin jwenn nou ke li te koupe souf mwen. Sou tout longè falèz

tinèl sa a gen yon bann fòm vivan tankou yo grave nan mi yo. Yon bann kreyati sonm, ki gen koulè gri fonce. Fòm sa yo t'ap bouje e t'ap kriye dèyè nou tandis ke nou t'ap pase. San yo pa't bezyen di'm li, mwen te konnen ke yo te mechan. Kreyati sa yo te kapab mouvman yo men yo te rete atache nan mi yo. Yo t'ap degaje yon sant ki santi anpil e yo t'ap rele pandan yo t'ap pouse gwo kri fò. Mwen te resanti yon fòs envizib mache anndan tinèl la. Nan fènwa a, mwen te ka pafwa distenge kreyati sa yo. Yon bwouya sal te rekouvri majorite nan yo. "Senyè, sa sa a ye?" Mwen te mande pandan'm te sere trè fò men Jezi. Li di: "Se lespri movè yo ye ki prè pou vomi sou tè a lòske satan bay lòd la."

Tandis ke t'ap avanse plis toujou nan tinèl la, kreyati movè sa yo t'ap moke nou. Yo t'ap eseye touche nou men yo pa't kapab, a koz pisans Jezi a. Lè a te vrèman sal e polye. Sèl prezans Jezi ki te anpeche'm rele devan tout bagay degoutan sa yo. Men wi, mwen te genyen tout sans mwen. Nan lye sa a mwen te ka tande, santi, wè ak menm resanti mal la. Nan chak domèn sans mwen yo te vin pi sansib, sant ak salte a te rann mwen prèske malad. Anpil rèl te ranpli atmosfè a alò ke nou t'ap aproche nan fon tinèl la. Yon bann kri pèse t'ap monte vin rankontre nou nan fènwa tinèl la. Tout sòt de bwi te ranpli lè a. Tout zalontou mwen, mwen te ka resanti krent la, lanmò ak peche a.

Sant santi ki pi mal nan sant santi ke'm pa't janm konn santi te ranpli atmosfè a: Se te sant chè k'ap dekonpoze. Li te sanble soti nan tout direksyon yo. Jamè sou tè a mwen pa't janm konn resanti tout move bagay sa yo, ni konn tande tout kri dezespwa sa yo. Trè vit mwen te konprann ke se kri mò yo te ye, e ke Lanfè a te ranpli ak jemisman yo. Mwen te santi yon souf malsen konsa kèk bagay k'ap atire nou devan nou. Bann limyè, tankou bann eklè ou bann flach ki pou fè'w wè yon bagay, te penetre fènwa e te projete bann lonbraj gri sou mi yo. Se apèn si'm te ka distenge fòm nan a yon bagay ki te kanpe li la devan mwen. Lòske mwen te apèsi ke se te yon gwo koulèv ki t'ap ronpe devan nou, mwen te fè bak sou chòk. Pandan mwen t'ap obsève pi byen, mwen te wè koulèv sa yo te patikilyèman lèd t'ap balanse tout kote.

"Nou prale byento antre nan janm goch Lanfè a", Jezi te di'm. "Devan'w, ou pral wè anpil gran doule, anpil tèrib tristès, ak bann bagay degoutan ke'w pap ka dekri. Sere'w avèk Mwen e Mwen ap ba'w fòs ak pwoteksyon pou travèse Lanfè a. Bagay ke ou pral wè yo, pral pou avètisman. Liv ke ou pral ekri a pral sove anpil nanm pou pa ale nan Lanfè a. Sa ke'w wè isi an byen reyèl. Men pa krenn, donk m'ap evèk ou. "Anfen, Senyè Jezi avèk mwen te rive nan fon tinèl la. Nou te anfonse nou alò anndan lanfè a. Mwen pral fè tout sa mwen ka fè pou mwen dekri nou sa ke mwen te wè, e m'ap fè li nan lòd ke Bondye te ban mwen an.

Devan nou, byen lwen tou ke li te posib pou wè, bann objè ki t'ap vole ki t'ap fonce isit ak lòt bò. Bann bwi jemisman ak bann kri ki te fè tris te ranpli lè a. Pi lwen devan, mwen te apèsi yon fèb klate. Nou te dirije nou sou li. Chemen an te trè rèd, te kouvri ak yon pousyè sal. Byento, nou te rive nan antre yon ti tinèl trè sonm. Te genyen la bann bagay ke'w pa ka dekri, yo te trò efreyab pou dekri. E yo santi yon perèz paralyze nan Lanfè. Mwen te konnen ke si Jezi pa't avèk mwen, mwen pa t'ap janm soti ladan. Alòs ke mwen ekri liy sa yo, genyen bagay ke mwen te wè la ke mwen toujou pa konprann. Men Senyè a konn tout bagay, e Li te ede'm pou konprann esansyèl nan sa ke'm te wè yo. Lèse'm avèti nou. Pa ale sitou nan lye sa a; se yon kote ki fè wont ki gen touman, doule atrès ak

pèn ki pa'p janm fini. Nanm nou pral rete toujou vivan. Nanm nan pa'p janm mouri; li se veritab pèsonalite nou e li prale, swa nan Syèl, swa nan Lanfè. Si nou pami moun ki panse ke Lanfè se isi sou tè a, e byen, nou gen rezon! Donk se la ke li trouve li, **nan mitan latè a menm**. E genyen la bann nanm toumante lannwit kou lajounen. Pa genyen rejwisans nan Lanfè. Pa genyen konpasyon, pa genyen repo. Se sèlman yon lye doulè ki depase konpreyansyon.

3- Janm goch Lanfè a.

Yon sant trè santi te ranpli lè a. Jezi di mwen: "Nan janm goch Lanfè a gen anpil trou. Tinèl sa a debouche nan lòt pati Lanfè yo, men nou pral pase kèlke tan nan janm goch la dabò. Bagay sa yo ke'w kòmanse wè yo pral toujou avèk ou. Mond lan dwe o kouran de reyalite Lanfè a. Anpil pechè ak menm kèk nan pèp mwen an pa kwè ke Lanfè se reyèl. Ou te chwazi pa Mwen menm pou revele yo verite sa yo. Tout sa ke Mwen pral montre'w nan Lanfè a ak tout lòt bagay Mwen pral montre'w yo vrè. Jezi te montre Li avèk mwen sou fòm yon limyè briyan, pi briyan ke solèy la. Yon fòm moun te nan sant limyè sa a. Kèlke fwa mwen te wè Jezi tankou yon moun, men lòt fwa, Li te sou fòm yon lespri. Li te pale ankò: "Pitit, kan Mwen pale, Papa a pale. Papa a ak Mwen, nou se youn. Sonje pou nou renmen anvan tout lòt bagay. Vin kounye, e swiv Mwen."

Kòm nou t'ap mache, bann lespri mechan kouri ale lwen prezans Senyè a. "O Bondye, ô Bondye," mwen te kriye. "Sa ki pral rive apre?" Kòm mwen te di anvan an, mwen te gen tout lazezou mwen nan Lanfè a. Tout sa ki nan Lanfè a yo tout gen lazezou. Pa mwen an te fonksyonè trè byen. Tout kote te gen krent, bann danje ke'w pa ka pale te kole tout kote. Chak pa ke mwen te poze te pi tèrib ke sa anvan an. Te genyen ladan bann ouvèti nan tay ti fenèt, yo t'ap ouvri e yo t'ap fèmen trè rapidman an wo tinèl la. Kri yo te ranpli lè a kan plizyè kreyati dyabolik t'ap vole tout ozalantou a, an wo ak deyò pòt Lanfè a. Nou te rive byento nan bout tinèl la. Mwen te tranble ak lapèrèz a koz danje de perèz la ki te tout ozalantou nou. Mwen si rekonesan nan pwoteksyon Jezi a. Mwen remèsye Bondye pou pouvwa Li genyen tout kote nan pwoteksyon, menm nan trou Lanfè. Menm avèk boukliye protektè sa a, mwen te kontinye panse: pa volonte pa'm, Papa, men ke pa'w la fèt. Mwen te gade kò mwen. Pou premye fwa, mwen te remake ke mwen te sou fòm lespri ki te gen fòm mwen. Mwen te mande'm sa ki ta pral rive.

Jezi ak mwen, t'ap mache nan tinèl la jis nan yon santye avèk bann etandi laj te sou chak kote. Te genyen la bann trou dife tout kote tout sa ke je te ka wè. Trou yo te genyen anviwon 1m 20 nan dyamèt ak 90cm profondè e te genyen yon fòm tèrin. Jezi di: "La a genyen anpil trou tankou sa a nan janm goch Lanfè a. Mwen pral montre'w kèk nan yo." Mwen te rete prè Jezi sou santye a e t'ap gade youn nan trou yo. Souf te fikse nan kote trou a e t'ap brile tankou chabon trè wouj. Nan sant trou a te gen yon nanm pèdi ki te mouri e te ale nan Lanfè. Dife a te kòmanse nan fon trou a, t'ap baleye'l depi anba rive anwo e te anvlope nanm pèdi ak flanm yo. Nan yon ti moman dife a te apeze e te vin yon bann tizon, answit avèk yon gran bwi, nanm toumante a te rebran atak nan trou a.

Mwen te gade e mwen te wè ke nanm pèdi a nan trou a te nan yo kaj anndan yon fòm zo. "Senyè mwen", mwen te kriye lè mwen te wè sa, "Ou pa ka fè yo soti?" Vizyon sa a te tèrib! Mwen te panse ke moun sa a te kapab mwen menm.

Mwen di: "Senyè, ke se tris pou wè ak pou konnen ke yon nanm vivan la anndan an." Mwen te tandè yon kri nan sant premye trou a. Mwen te wè yon nanm sou fòm zo, t'ap kriye: Jezi, gen pitye pou mwen!" "O, Senyè!" Mwen di. Se te vwa yon fanm. Mwen te gade li e te vle retier'l nan dife a. Jan'm te wè li a te brize kè'm. Fòm zo yon fanm avèk yon bwouya gwo sal anndan an t'ap pale avèk Jezi. Sou chòk, mwen t'ap koute'l. Chè dekonpoze a te koke tou lèd avèk zo li yo e, kòm li t'ap boule, li te tonbe nan fon trou a. Nan plas je li yo, kounye se epas vid. Li pa't gen cheve. Dife a te kòmanse nan pye li yo pa ti flanm e t'ap grandi detan zantan ke li t'ap monte nan tout kò li. Fanm nan te sanble toujou ap boule, menm lòske flanm yo te sèlman tankou bann tizon. Nan pi fon nan li menm te gen bann kri ki t'ap soti ak bann jemisman dezespwa, "Senyè, Senyè, mwen vle soti isi a!"

Li te kontinye ap lonje men'l bay Jezi. Mwen te gade Jezi, e Li te gen yon gran chagren sou vizaj Li. Jezi di'm: "pitit Mwen, ou isi a avèk Mwen pou fè mond lan konnen ke peche a kondwi nan lanmò, e ke Lanfè a reyèl." Mwen te gade ankò fanm nan, e vè yo t'ap ronpe deyò sou kò zo a. Dife pat nwizib pou yo. Jezi di: "Li konnen e li santi vè sa yo anndan li." "Bondye, gen pitye!" Mwen t'ap kriye, kòm dife a te atenn pi fò nan kò li e ke boule tèrib yo kòmanse ankò yon lòt fwa. Bann gwo kri ak profon jemisman t'ap souke fòm zo nanm fanm sa a. Li te pèdi. Pa't genyen pyès rout pou soti la. "Jezi, poukisa li isi a? Mwen te mande a yon ti vwa, donk mwen te trè pè. Jezi di: "Vini". Chemen nou te sou li a se te yon chemen endirèk e tètire ant trou dife sa yo pou tout sa'm te kapab wè yo. Kri mò vivan yo, mele ak jemisman yo ak kri repinyan, te vin nan zòrèy mwen nan tout kote.

Pat gen okenn moman trankilite nan Lanfè a. Sant moun mouri ak chè pouri te ranpli atmosfè a. Nou te rive nan trou swivan an. Anndan trou sa a, ki te menm gwo ak lòt la, se te yon lòt fòm kò zo. Nou te tandè vwa yon gason nan trou a, pandan li t'ap di: "Senyè, ke dousè'w sou mwen!" Se sèlman kan li te pale, ke mwen te ka konnen si nanm nan se te yon gason ou yon fanm. Bann gwo jemisman gwo doulè t'ap soti nan nonm sa a. "Mwen si dezole, Jezi. Padone'm. Fè'm soti isi a. Mwen nan kote touman sa depi anpil ane. Mwen sipliye'w, fè'm soti!" Anpil gwo doulè te fè tranble chapant zo li a kòm li t'ap sipliye: "silteplè, Jezi, lèse'm soti!" Mwen te gade Jezi e mwen te wè ke Li t'ap kriye tou. "Senyè Jezi" nonm nan t'ap kriye nan trou dife a, "mwen pa soufri ase pou peche'm yo? Mwen la, depi karantan ke'm te mouri" Jezi di: "Li ekri, jis la ap viv pa lafwa! Tout mokè yo ak tout moun ki pa kwè yo se nan lak dife a yo pral jwenn a pa yo. Ou pa't kwè nan Laverite a. Plizyè fwa, pèp Mwen an yo te voye yo jwenn ou pou montre'w chemen an. Men ou pa't koute yo. Ou te ri yo e ou te refize Levanjil la. Byen ke Mwen te mouri sou yon kwa pou ou, ou te moke'm e ou pat repanti nan peche'w yo. Papa Mwen te ba ou anpil opòtinite pou'w sove. Si sèlman ou te koute!" Jezi te kriye. "Mwen konnen, Senyè, mwen konnen!" Nonm nan te kriye. "Men mwen repanti kounye a." "Se trò ta ", Jezi di. "Jijman an tonbe."

Nonm nan te kontinye: "Senyè, kèk manm nan fanmi'm vini isi a, donk yo pa repanti tou. Silteplè, Senyè, pèmèt mwen ale di yo ke yo dwe repanti nan peche yo pandan yo sou latè toujou. Mwen pa vle ke yo vini isi a." Jezi di: "Yo gen pastè yo, doktè yo, ansyen yo- tout ap preche Levanjil la. Y'ap di yo sa. Yo

genyen tou avantaj sistèm kominikasyon modèn nan ak anpil lòt mwayen pou konnen Mwen. Mwen te voye pou yo anpil ouvriye pou yo ka kwè e pou yo ka sove. Si yo pa kwè kan yo tande Levanjil, yo pa'p kwè menm si yon moun ta leve soti nan lanmò." Pandan li tande sa, nonm nan te trè nève e te kòmanse modi. Li t'ap di bann pawòl mechain ak blasfèmatawa. Mwen te gade avèk degou kòman flanm yo te anvlope li e chè mouri, pouri li a te kòmanse boule e ap tonbe. Anndan koki mouri nonm sa a, mwen te wè nanm li. Li te sanble ak yon bwouya gri sal e te ranpli anndan kò zo li a. Mwen te tounen kote Jezi e te kriye: "Senyè, se tèrib!" Jezi di: "Lanfè a reyèl; jijman an vrè. Sa se sèlman kòmansman bagay efreyab yo ke Mwen dwe montre'w. Genyen pi plis k'ap vini. Di mond lan pou mwen ke Lanfè a reyèl, ke gason ak fanm dwe repanti yo nan peche yo. Vini, swiv Mwen. Nou dwe kontinye."

Nan trou swivan an, te gen yon fanm trè fen, ki sanble genyen katrentan. Mwen pa ka di kòman'm te fè konn laj li, men mwen te konnen'l. Po a te anlve sou zo li yo pa flanm yo ki te toujou ap boule, e se zo sèl ki te rete avèk yon nanm kouvri e sal anndan an. Alò mwen te gade ke dife a t'ap boule'l. Rapid se sèlman zo yo ki te genyen ak vè yo t'ap ronpe anndan an e ke dife a pa't ka boule. "Senyè, se tèrib!" Mwen te kriye. "Mwen pa konnen si'm ka kontinye, donk sa tèrib depase tout sa ke yo ka kwè." Tout tan ke je'm te kapab wè, bann nanm boule nan trou dife yo. "Pitit Mwen, se pou sa ke'w isi a," Jezi te reponn. "Ou dwe konnen e ou dwe di laverite sou Lanfè a. Syèl la reyèl! Lanfè a reyèl! Vini, nou dwe kontinye." Mwen te retounen mwen pou gade fanm nan. Kriye li yo te si tris. Kom Mwen t'ap gade'l, li te souke men megri li yo, tankou nan lapriyè. Mwen pa't ka anpeche'm kriye. Mwen te sou fòm lespri e mwen t'ap kriye. Moun nan Lanfè yo santi tout bagay sa yo, tou.

Jezi te konn panse'm. "Wi, pitit" Li di, "se konsa. ***Kan moun yo vin isi an, yo gen menm sansasyon ak menm panse yo menm jan yo te sou latè a. Yo sonje fanmi yo ak zanmi yo ak tout okazyon ke yo te genyen pou yo te repanti, men yo te refize fè li.*** Memwa yo toujou entak. Si sèlman yo te kwè nan Levanjil la e yo te repanti yo anvan ke li te trò ta!" Mwen te gade ankò granmoun fanm nan, e fwa sa a mwen te remake ke li te genyen yon sèl janm, e se te kom si zo anch li yo te genyen anpil trou. "Ki sa sa ye, Jezi?" Mwen te mande. Li di: "Pitit, pandan ke li te sou latè, li te gen kansè e li te nan gran doulè. Pou li te kapab viv li te sibi yon operasyon chirijikal. Li te vin yon gran moun trè amè, pale dwòl pandan anpil ane. Anpil moun nan pèp mwen an te ale priye pou li e te di ke Mwen te kapab geri li. Li te di, "se Bondye ki fè'm sa", e li pat repanti li e pa't kwè nan Levanjil. Li te menm konnen Mwen yon fwa, men li te fini pa deteste Mwen. Li te di ke li pa bezwen Bondye e li pa't vle ke Mwen geri li. Poutan Mwen te sipliye'l, te vle toujou ede li, e te vle geri'l e beni li. Li te refoule Mwen e te modi Mwen. Li te di ke li pa't vle Mwen. Lespri Mwen te sipliye'l. Menm aprè ke li te refoule Mwen, mwen te eseye toujou atire li pa Lespri Mwen, men li pa't koute. Finalman li mouri e vini isi a."

Granmoun nan t'ap kriye bay Jezi: "Senyè Jezi, padone'm kounye a silteplè. Mwen dezole paske'm pa't repanti mwen pandan ke'm te sou latè." Avèk bann gwo soufrans li t'ap kriye bay Jezi: "Si sèlman mwen te repanti mwen anvan ke li te trò ta! Senyè, ede'm soti isi a. Mwen pral sèvi'w. Mwen pral bon moun. Mwen pa soufri ase? Poukisa'm te tann jiskaske li te trò ta? O, poukisa'm te tann jiskaske Lespri'w te fatigue avèk mwen?" Jezi di li: "Ou te gen chans aprè Chans

pou te repanti'w e pou te sèvi'm." Yon tristès enfini te vizib sou vizaj Jezi alò ke nou te elwanye nou. Kòm mwen t'ap gade granmoun nan ki t'ap kriye, mwen te mande: "Senyè, ki sa ki pral rive?" Mwen te ka santi perèz tout kote. Chagren an, kri doulè yo ak yon atmosfè mò te tout kote. Jezi ak mwen t'ap mache nan chagren ak pitye jiskaske nou rive nan lòt trou a. Sèlman pa fòs Li mwen te ka kontinye. Donk sou yon gran distans mwen te ka tandè ankò kri granmoun nan ki te repanti li e t'ap plede pou padon an. Si sèlman te genyen la yon bagay ke mwen te ka fè pou ede li, mwen te panse.

Pechè, silteplè pa tann jiskaske Lespri Bondye sispann lite avèk ou. Nan trou swivan an, yon fanm te ajenou, kòm si li t'ap chache kèk bagay. Fòm kò zo li a tou te plen tou. Yo te ka wè atravè zo li yo, ak rad dechire li a te an dife. Tèt li te chòv, e li te genyen trou sèlman nan zòn kote je li yo ak nen li te sipoze ye yo. Yon ti dife t'ap boule ozalantou pye li yo, la kote li te ajenouye li a, e li te fouye avèk men li tout kote trou a kote ki te genyen souf. Dife a te akroche avèk men li yo, e chè mouri li yo te kontinye ap tonbe pandan ke li t'ap fouye. Bann tèrib doulè t'ap souke li. "O Senyè, ô Senyè", li t'ap kriye, mwen vle soti la." Kòm nou t'ap gade, li te rive finalman nan tèt trou a avèk pye li yo. Mwen te kwè ke li ta pral soti kan yon gran demon avèk gran zèl ke yo te sanble kase an wo e ki te pandye sou kote li yo, kouri sou li. Koulè li te nwa grizat e li te genyen bann pwal tout kote sou kò li. Je li yo te ploje nan tèt li e li te gen gwosè yon gran grizli. Demon an te Depeche li jiskaske li rive bò fanm nan e te pouse'l trè di dèyè nan trou a ak nan dife a. Mwen te gade avèk tristès kòman li te tonbe. Mwen te gen pitye pou li. Mwen te vle pran li nan bra'm e kenbe li, mande Bondye pou geri li e fè'l soti la.

Jezi te konnen panse'm e di: Pitit Mwen, jijman an te fèt. Bondye te pale. Kan li te genyen 16 zan, Mwen te al kote li e te di li: Mwen renmen'w. Ban Mwen lavi'w, vini e swiv Mwen, donk Mwen te rele'w pou yon bi espesyal. Mwen te rele'l pandan tout vi'l, men li pa't koute. Li te di: **Youn nan jou li yo m'ap sèvi'W. Mwen pa gen tan pou Ou kounye a.** Pa gen tan, pa gen tan, mwen gen vi'm pou amize'm. Pa gen tan, pa gen tan pou sèvi'W, Jezi. Demen m'ap fè li. Men demen pat janm vini, donk li te tann trè lontan. Fanm nan te kriye a Jezi: "Nanm mwen vrèman nan touman. Pa gen pyès rout pou soti. Mwen konnen ke mwen te vle mond la e mwen pat vle'W, Senyè. Mwen te vle anpil richès, renonme ak fòtin, e mwen te genyen yo. Mwen te ka achte tout sa'm te vle pou mwen; mwen te pròp patron mwen. Mwen te fanm ki te pi joli a e ki te abiye pi byen an nan tan pa'm nan. E'm te genyen bann richès, renonme ak fòtin, men mwen te trouve ke mwen pat kapab pran yo avèk mwen nan lanmò. O Senyè, Lanfè a tèrib. Mwen pa gen repo ni jou ni lannwit. Mwen toujou nan doulè ak nan siplis. Ede'm, Senyè!", li t'ap kriye.

Fanm nan te leve je'l sou Jezi avèk nostalji e di: "Dou Senyè'm nan, si sèlman mwen te koute'W! M'ap regrèt li pou toujou. Mwen te gen pou'm te sèvi'W youn nan jou sa yo kan mwen ap prè. Mwen te kwè ke Ou t'ap toujou la pou mwen. Men gade'm gen tò! Mwen te youn nan fi ki te gen plis demann nan tan pa'm nan pou bote mwen. Mwen te konnen ke Bondye te rele'm pou'm repanti mwen. Tout lavi'm Li t'ap rale'm avèk kòd lanmou e mwen te kwè ke'm te ka itilize Bondye tankou janm te itilize tout lòt yo. Li t'ap toujou la. A wi, mwen te itilize Bondye! Li te fè anpil efo pou ke'm sèvi Li, alòske tout tan, mwen te kwè ke

mwen pat bezwen Li. O, gade'm gen tò! Donk satan te kòmanse itilize'm e mwen te kòmanse sèvi satan deplis anplis. Nan final, mwen te renmen li plis ke Bondye. Mwen te renmen peche e mwen pa't tounen mwen sou Bondye.

Satan te itilize bote'm ak lajan'm, e tout panse'm te tounen sou chache pouvwa ke li te ban mwen malgre sa, Bondye te kontinye ap atire'm sou Li. Men mwen te panse ke mwen te genyen ankò landemen ou jou apre a. Alò yon jou nan machin, chofe'm nan te al frape nan yon kay e mwen te mouri. Senyè, fè'm soti silteplè." Kòm li t'ap pale, li te lonje men megri li yo ak bra li bay Jezi pandan ke flanm yo te kontinye ap boule'l. Jezi di: "Jijman an fèt." Bann dlo t'ap koule sou vizaj Li alò ke nou te ale bò trou swivan an. Mwen t'ap kriye nan fon anndan'm pou bagay tèrib nan Lanfè yo. "Chè Senyè," mwen t'ap kriye, "touman an trò reyèl. Kan yon nanm vin isi a, pa genyen okenn espwa, okenn vi, okenn lanmou. Lanfè a trò reyèl." Okenn rout pou soti, mwen te panse. Li dwe boule pou toujou nan flanm sa yo. "Tan an prale," Jezi di. "N'ap vini demen."

Konsa, si n'ap viv nan peche, silvouplè repanti nou! Si nou fèt yon lòt fwa e nou te vire do bay Bondye, repanti nou e retounen kounye a. Viv e konbat nou pou laverite a. Reveye nou anvan li trò ta e nou pral ka viv pou toujou avèk Senyè a nan syèl la. Jezi te pale ankò: "Lanfè a gen yon kò (tankou yon fòm moun) ki kouche sou do li nan mitan latè a. Lanfè a fòme tankou yon kò moun, trè gran e avèk anpil chanm pou siplis. Sonje pou di a moun sou latè yo ke Lanfè se reyèl. Anpil milyon nanm pèdi isi a ak pi plis lòt ankò vini chak jou. Nan gran jou jijman an, lanmò, ak Lanfè pral jete nan letan dife a; se pral dezyèm mouri a."

4- Janm dwat Lanfè a

Mwen pat kapab dòmi ni manje depi ke'm te ale nan Lanfè nan lannwit anvan an. Chak jou mwen t'ap reviv Lanfè a. Kan'm te fèmen je'm yo, tout sa ke'm te kapab wè, se te Lanfè a. Bann kri detestab yo t'ap sonnen nan zòrèy mwen ankò. Tankou yon program televizyon, mwen te reviv tout bagay ke'm te temwen nan Lanfè a ankò e ankò. Chak lannwit mwen te nan Lanfè e chak jou mwen te efòse'm pou trouve bon mo yo pou dekri e pote bagay efreyab sa a bay mond lan an antye. Jezi te parèt avè'm ankò e di: "Aswè a nou prale nan janm dwat Lanfè, pitit Mwen. Pa efreye, donk Mwen renmen'w e Mwen avèk ou." Vizaj Senyè a te aflije e je Li yo te ranpli ak yon gran tandrès ak yon lanmou profon. Byen ke moun ki nan Lanfè yo yo pèdi nèt, mwen te konnen ke Li te toujou renmen yo e t'ap renmen yo pou tout letènite.

"Pitit Mwen," Li di, "Bondye Papa nou, bay nou chak volonte, pou nou ka chwazi si nou vle sèvi Li ou sèvi satan. Ou wè, Bondye pa fè Lanfè pou pèp Li a. Satan tronpe plizye pou yo ka sèvi'l, men Lanfè a te fèt pou satan ak zanj li yo. Se pa ni dezi Mwen ni dezi Papa Mwen, ke yon moun peri." Bann dlo konpasyon t'ap koule sou figi Jezi. Li te kòmanse pale ankò: "Sonje pawòl mwen yo nan jou k'ap vini yo pandan ke m'ap montre'w Lanfè a. Mwen gen tout pouvwa nan Syèl la ak sou latè a. Kounye a, pa moman li ta sanble ke Mwen te kite'w, men se pap sa. Menm fason an, pa moman fòs dyabolik yo pral wè nou ak nanm pèdi yo, tandis ke a lòt moman, nou pap konsa. Nenpòt kote nou prale, se pou'w an pè e pa krenn pou swiv Mwen." Nou te ale ansanm. Mwen te swiv Li prè, pandan'm t'ap kriye. Pandan anpil jou mwen t'ap kriye e mwen pa't ka debarase'm nan prezans reyèl Lanfè a ki te toujou nan lespri'm.

Nou te rive nan janm dwat Lanfè a. Pandan'm t'ap gade devan, mwen te wè ke nou te sou yon chemen ki te sèk e boule. Rèl te ranpli lè sal la ak sant moun mouri trè santi te tout kote. Sant lan te kèlke fwa si tèlman santi li te ban mwen anvi vomi. Tout kote, te genyen fènwa apa limyè ki te nan Kris la ak trou anflame yo, ki te gaye sou pasaj byen lwen ke'm te ka wè. Menm moman an, bann demon nan tout tay ak tout fòm t'ap pale youn ak lòt. Devan nou, yon gran demon t'ap bay lòd a ti piti yo. Nou te rete nou pou nou te koute e Jezi di: "Genyen tou yon lame envizib ak fòs dyabolik ke nou pa wè isi a, bann demon tou byen ke se bann lespri dyabolik maladi."

"Ale!" pi gran demon an te di ak pi piti yo e ak demon yo. **"Fè anpil bagay dyabolik. Divize kay yo ak detwi fanmi yo. Sedwi kretyen fèb yo, bay fo ansèyman ak kondwi nan erè kantite ke nou kapab. N'ap jwenn rekonpans nou kan nou retounen.** Sonje, nou dwe pridan an fas moun ki aksepte Jezi tout bon yo kòm Sovè yo. Yo genyen pouvwa pou chase nou. Ale kounye a kouri sou tout latè. Mwen genyen deja anpil tankou nou la ba a, e mwen gen ankò lòt pou voye. Sonje, nou se sèvitè prens fè nwa yo ak pisans nan lespas yo." Sou sa, movè lespri yo kòmanse ap vole nan direksyon an wo ak deyò Lanfè a. Bann pòt, nan an wo janm dwat la, te ouvè e te fèmen prese pou lèse yo soti. Lòt menm jan an tou te soti nan antonwa ke nou te pase ladann nan pou desann.

Mwen pral eseye dekri aspè kreyati movè sa yo. Sila ki t'ap pale a te trè gra, li te gen tay yon grizli granmoun. Li te gen koule mawon. Tèt li te tankou yon tèt chòv sourit e je li yo te trè antre nan tèt ki te plen pwal. Bann bra plen pwal te tonbe sou kote li yo e te gen kwòk ki t'ap soti nan pwal ki te nan figi'l yo. Yon lòt te piti tankou yon makak, avèk bra trè long ak bann pwal sou tout kò li. Figi'l te piti avèk yon nen pweniti. Mwen pat wè je pyès kote nan li. Yon lòt ankò te genyen yon gwo tèt, gran zòrèy ak yon long ke. Yon lòt tou te gwo ke yon cheval e te genyen po lis. Gade demon sa yo ak movè lespri sa yo, ak sant santi kontamine ki t'ap soti nan yo a te ban mwen anvi vomi. Tout kote ki te genyen demon ak kreyati dyabolik. Senyè a te aprann mwen ke pi gran yo nan demon sa yo te resevwa lòd yo dirèkteman nan men satan.

Nou te kontinye sou chemen an, Jezi avèk mwen, jiskaske nou te rive nan yon lòt antonwa. Tout kote, se te sèlman bann kri doule ak bann jemisman nan yon tristès ki pa ka imajine. "Senyè mwen! Ki sa ki pral genyen aprè?" Mwen te mande. Nou t'ap mache dwat devan nou, nan mitan bann santèn èt vivan mekan ki te sanble pa wè nou, e nou te rete nou devan yon lòt pi, li te gen ladan kakas yon nonm ki te genyen yon gran dinyite. Mwen te tandè'l ap preche Levanjil. Mwen te vire sou Jezi, avèk etonnman, nan espwa ak yon eksplikasyon, donk Li te toujou konnen panse'm. Li di'm: "Pandan ke nonm sa a te sou latè, li t'ap preche. Pandan yon tan, li te preche laverite e li te sèvi Mwen." Mwen te mande'm sa nonm sa a t'ap fè nan Lanfè. Li te trè wo, anviwon 1m 80, e kò zo li a te sal, ak yon koulè grizat, tankou yon wòch tonm. Yon bann pati nan rad li yo te toujou koke a kò li. Mwen te mande mwen poukisa flanm yo te kite rad li yo dechire e an lèz e yo pat boule. Chè boule te pandye nan kò li e tèt li te sanble an flam. Yon sant efreyab t'ap soti nan li.

Mwen te wè li kole men li yo kòm si li te kenbe yon liv, e kòmanse li ekriti yo nan swadizan liv. Ankò, mwen te sonje sa Jezi te di a: "Yo genyen tout bon sans

yo nan Lanfè a, e menm nan lye sa a bon sans yo pi anfòm". Nonm nan te mete li vèsè ekriti yo youn apre lòt, e mwen te panse ke se te byen. Jezi te adrese Li ak nonm nan avèk yon lanmou profon nan vwa: "Silans! Pe bouch ou!" Imedyatman, nonm nan te sispann pale, e te vire lantman sou Jezi. Mwen te wè nanm ou anndan aspè kò zo'w la. Li te adrese li a Jezi: "Senyè! Kounye a mwen pral preche laverite ak tout mond lan. Mwen prè pou ale pale de lye sa a ak lòt yo. Mwen konnen lòske'm te sou tè, mwen pat kwè ke Lanfè te egziste e mwen pat kwè tou a retou'W la. Mwen te preche sa moun yo te anvi tandè e mwen te mete verite a an peril devan moun nan legliz mwen an. **Mwen rekonèt ke mwen pat renmen moun ki te diferan nan ras ou nan koulè ou nan po,** e mwen te fè plizye tonbe nan egareman lwen de Ou. Mwen te gen pwòp entèpretasyon'm sou Syèl la, sou byen ak mal. Mwen rekonèt mwen te kondwi plizyè nan erè e ke mwen te fè yo pran yon move chemen e soti sou Pawòl Sent Ou a, e mwen te pran lajan nan men pòv yo. Men, Senyè, Kite'm soti e mwen pral kondwi'm byen. Mwen pap janm pran lajan legliz la ankò. Mwen te deja repanti mwen. Mwen pral renmen tout moun nan tout ras e nan tout koulè."

Jezi di li: "Ou pat sèlman tòde e mal entèprete Sent Pawòl Bondye a, men ou te manti tou pandan'w t'ap di ke'w pat konnen laverite a. Mwen te vizite'w Mwen menm e Mwen te eseye ramne'w sou chemen dwat la, men ou pat vle koute Mwen. Ou te mache nan pwòp chemen'w e malen an te vin mèt ou. Ou te konnen verite a men ou pat vle repanti'w e retounen vin jwenn Mwen. Mwen te tout tan prezan e Mwen t'ap tann ou. Mwen te vle ke'w te repanti'w, men ou pat fè li. Kounye a jijman rete." Pitye a t'ap li sou vizaj Jezi. Mwen te konnen si nonm sa a te koute apèl Senyè a, li pa t'ap nan lye sa a kounye a. O! Zanmi mwen yo, mwen priye nou koute! Jezi te pale ankò yon lòt fwa ak nonm chite sa a: "Ou te dwe di laverite e ou te dwe mennen plizyè nan jistis avèk Pawòl Bondye a ki di ke tout moun ki pa kwè yo y'ap jwenn a pa yo nan letan dife ak souf la. Ou te konnen chemen lakwa a ak chemen jistis la. Ou te konnen kòman pou preche laverite a. Men satan te ranpli kè'w ak mansonj e ou te tonbe nan peche. Ou te dwe repanti'w sensèman e non a mwaye. Pawòl Mwen se laverite. Li pa manti. E kounye a li trò ta, trò ta." Ak mo sa yo, nonm nan te menase Jezi ak kout pwen e te modi Li.

Tou tris, Jezi ak mwen te monte bò selil swivan an. Predikatè ki te retounen nan peche a, an kolè, te kontinye ap modi Jezi ankò. Kòm nou t'ap mache pami selil dife yo, nou te ka wè men moun pèdi yo t'ap lonje sou Jezi, e, avèk bann vwa ki t'ap plenyen, te sipliyè Li pou Li gen pitye pou yo. Men yo te sèk ak bra yo te gen yon koulè gri nwa boule. Pat gen chè vivan, ni san, ni ògàn, sèl lanmò ki te renye. Mwen t'ap kriye nan mwen menm. O tè! Repanti'w. Si'w pa fè li w'ap vin nan lye sa a. Arete anvan ke li trò ta. Nou te rete nou devan yon lòt selil. Mwen te resanti tèlman pitye pou nanm sa yo e tèlman tristès ke'm te santi fòs fizik mwen te afebli. Mwen te gen malèz pou'm rete kanpe. Bann gwo doulè te souke'm. "Jezi! Sa fè tèlman mal anndan", mwen di. Depi nan selil la, yon vwa fanm te adrese li avèk Jezi. Li te kanpe nan mitan flanm yo ki te anvlope li nèt. Zo li yo te plen vè ak chè dekonpoze. Kòm flanm yo t'ap avanse tout ozalantou li, li te lonje men'l bay Jezi pandan li t'ap kriye: "Fè'm soti la. Mwen pral ba Ou kè'm kounye a. Mwen pral pale ak lòt yo de padon'W lan. Mwen pral temwanyè'W, mwen priye'W, silteplè, kite'm soti!"

Jezi di: "Pawòl Mwen se laverite, e li deklare ke tout moun dwe repanti yo, ki te peche yo e envite Mwen pou'M antre nan lavi yo si yo vle echape Lanfè a. Pa san Mwen, nou gen padon peche nou yo. Mwen Fidèl e Jis pou padone a tout moun ki vin jwenn Mwen. Mwen pap mete yo deyò". Li te retounen Li gade fanm nan e di: "Si'w te koute Mwen, si'w te vle vin jwenn mwen, si'w te vle repanti'w, Mwen t'ap padone'w." "Senyè", fanm nan te mande, "pa genyen yon mwayen pou soti isi a?" Jezi te pale avèk li avèk anpil dousè: "Fam, yo te ba ou plizyè opòtinite pou ou repanti, men ou te fè kè'w di e ou pat vle. Poutan ou te konnen Pawòl Mwen ki deklare ke tout moun ki nan dezòd lachè ap gen pati pa yo nan letan dife a."

Jezi te vire sou mwen e di: "Fanm sa a te mennen anpil gason nan peche. Plizye fwaye te brize, te kraze nèt a koz de li menm. Malgre tout sa, Mwen pat sispann renmen li. Mwen al jwenn li se pa pou Mwen te kondane li men pou sove li. Mwen te voye plizyè nan sèvitè Mwen yo kote li pou ke li ka repanti li nan move chemen li yo, men li pat vle. Kan li te ankò jèn, Mwen te rele li. Men li te kontinye pratike mal la. Li te komèt plizye fot, poutan Mwen t'ap padone li si li te aproche li sou mwen. Satan te antre nan li, si byen ke li te plonje nan èn ke li pa't padone pyès moun. Li te ale legliz sèlman pou li te rankontre ak gason e sedwi yo. Si li te aproche li sou Mwen, peche li yo t'ap lave pa San Mwen. Yon pati nan li menm te genyen poutan dezi pou sèvi Mwen. Men yo pa ka sèvi Bondye ak satan an menm tan. Chak moun dwe chwazi kiyès li deside sèvi!"

"Senyè", mwen te enpire, "ban'm fòs pou ale pi lwen." Mwen te ebranle depi nan pye rive nan tèt devan tout bagay tèrib nan Lanfè yo. "Se pou'w an pè, Jezi te di'm, rete trankil". "Ede'm, Senyè", mwen te kriye. Satan pa vle ke nou konnen laverite sou Lanfè a. Nan okenn vye rev ke mwen te ka fè nan vi'm, pat imajine ke Lanfè a te si tèrib konsa. "Chè Jezi, ki lè sa ap fini?" "Pitit Mwen, Jezi te reponn, Papa a sèl ki konnen ki moman lafen an ap vini." Li te pale avè'm ankò e di: "Se pou'w an pè e rete trankil". Yon gran fòs te vin nan mwen. Jezi ak mwen nou t'ap mache ant antonwa yo. Mwen te anvi atrap chak moun ki te la, retire'l nan dife a e mete'l nan pye Jezi. Mwen t'ap kriye anpil anndan mwen. Mwen te panse avèk mwen: Mwen pat vle pitit mwen yo janm vini nan lye sa a. Finalman, Jezi te vire li sou mwen e te di'm trankilman: "Pitit Mwen, nou pral antre lakay ou kounye a. Demen swa, n'ap retounen nan pati Lanfè sa a."

Kan nou te retounen nan kay la, mwen t'ap kriye san rete. Pandan jounen an, mwen t'ap reviv Lanfè a e soufrans tèrib tout moun ki te prizonye nan Lanfè a. Tout jounen an, mwen te rakonte avèk tou moun ke mwen te rankontre sa ke'm te wè nan Lanfè. Mwen te di yo konbyen doulè Lanfè a te inimajinab. Nou menm k'ap li temwanyaj sa a, mwen siplye nou, repanti nou nan peche nou yo. Adrese nou avèk Jezi e mande Li pou sove nou. Fè li jodi a; pa tann demen, donk demen ka pa janm vini. Tan an ap pase trè vit. Mete nou ajenou e lave nou de peche nou yo. Se pou nou bon youn ak lòt. Pou lanmou Jezi, se pou nou plen bonte e padone tout moun. Si nou fache ak yon moun, padone li. Donk li bon pou nou pa mete nou an kolè, si se pou ale nan Lanfè. Padone tankou Kris padone peche nou yo. Jezi gen pouvwa pou kenbe nou si nou gen yon kè repanti, e avèk San Li, Li ap lave nou nan tout peche. Renmen pitit nou yo ak vwazen nou yo tankou nou menm. Senyè a di: "Repanti nou e pou nou sove".

5- Lòt antonwa

Lan nwit swivan an, nou te nan janm dwat Lanfè a. Mwen te reyalize a kèl pwen Jezi te toujou renmen nanm sa yo ki te pèdi nan Lanfè a. Mwen te resanti lanmou Li pou mwen tankou pou tout moun ki sou latè a. "Pitit Li te di'm, se pa volonte Papa a pou pyès moun peri. Satan tronpe anpil moun e yo mete swiv li. Men Bondye padone. Li se yon Bondye damou. Si yo te aproche yo sensèman sou Papa a e si yo te repanti yo, Li t'ap padone yo." Yon trè gran tandrès t'ap li sou figi Jezi pandan Li t'ap pale a. Nou te avanse ankò pami selil ki te boule yo, e nou t'ap pase devan anpil moun ki nan touman yo, kòm mwen te dekri'l pi wo. Senyè, Senyè, kèl doulè! Mwen te di'm. Nou te defile enfatigableman devan anpil, anpil nanm ki t'ap boule nan Lanfè.

Tout chemen an, bann men t'ap lonje bay Jezi. Yo te genyen sèlman zo nan plas chè a, yon mas grizat e boule, ak chè dekonpoze ki te pandye an debri. Anndan chak kò zo, te genyen yon nanm, li te yon bwouya sal e gri, prizonye pou toujou nan yon kò zo deseche. Mwen ka vrèman di se a kri yo ke'w te ka rann ou kont ke yo te resanti reyèlman dife a, vè yo, doulè a ak dezespwa a. E rèl yo te ranpli nanm mwen ak yon chagren ke'm pa ka dekri. Si sèlman yo te koute, mwen te panse, yo pa t'ap isi a. Mwen te konnen ke moun pèdi yo nan Lanfè a te gen tout bon sans yo. Yo sonje tout bagay nèt ke yo te di yo. Yo te konnen ke pat genyen okenn pòt pou soti nan flanm sa yo e ke yo te pèdi pou toujou. Poutan, san espwa, yo kontinye ap sipliye Jezi.

Nou rete nou tou prè antonwa swivan an. Li te ekszateman tankou lòt yo. Anndan an, te genyen fòm yon fanm. Mwen te konnen li nan vwa li. Li t'ap sipliye Jezi pou delivre'l nan flanm yo. Jezi te gade'l avèk amou e di li: "Kan ou te sou tè, mwen te rele'w vin jwenn mwen. Mwen te sipliye'w pou mete'w an règ avèk Mwen anvan ke li te trò ta. Mwen te vizite'w plizye fwa nan mitan lan nwit pou di'w konbyen Mwen renmen'w. Mwen te cache'w avèk lanmou, e Mwen te vle mennen'w avèk Mwen pa Lespri Mwen. Ou te reponn: "Wi, Senyè, mwen pral swiv ou." Avèk bouch ou, ou te di ke ou te renmen Mwen, men sa pat soti nan kè. Mwen te konnen kote kè'w te ye. Mwen te souvan voye mesaj Mwen yo pou di'w repanti'w nan peche'w yo e vin jwenn Mwen. Men ou pat vle koute Mwen. Mwen te vle itilize'w pou ede lòt yo jwenn Mwen, men ou te prefere mond lan e non pa Mwen menm. Mwen te rele'w, men ou pat vle koute Mwen, ni repanti'w nan peche'w yo.

Fanm nan di Jezi: "Ou sonje, Senyè, ke mwen te ale legliz, e ke mwen te yon bon moun. Mwen te al jwenn legliz, e mwen te manm nan legliz Ou a. Mwen te konnen ke Ou te gen yon apèl pou mwen, mwen konnen ke mwen te dwe obeyi avèk apèl sa a pou nenpòt pri e mwen te fè li." Jezi di: "Fam, lavi'w ankò ranpli ak mansonj e ak peche. Mwen te rele'w, men ou pat vle koute Mwen. Se vre, ou te manm yon legliz, men lefèt ke'w se manm yon legliz pa kondwi'w nan Syèl. Peche'w yo te anpil e ou pat repanti'w nan yo. Ou te mennen lòt moun egare yo nan Pawòl Mwen an. Ou pat padone ak lòt yo kan yo te blese'w. Ou te pretann ke'w renmen Mwen e sèvi Mwen kan ou te avèk lòt kretyen yo, men rès tan an, ou te konn pratike mansonj, tronpri ak vòl. Ou te lesè aji lespri sediksyon yo e ou te renmen doub vi'w la. Poutan ou te konnen dwati ak chemen etwat la. Ou te gen yon doub langaj, ou pale de frè ak sè ou yo nan Kris pandan w'ap jije yo

e pandan'w te panse ke ou te pi sen pase yo, alò ou te genyen gran peche nan kè'w. Ou pat vle koute Lespri dousè'M nan ak konpasyon. Ou te jije aparans sou deyò yon moun san'w pa rann kont ke plizye te pitit Mwen nan lafwa. Ou te trè di avèk yo. Wi, avèk bouch ou ke ou te di ou renmen Mwen, men kè'w te elwanye Mwen. Ou te konn chemen Bondye yo e ou te konprann yo. Si'w te sèvi Bondye sensèman, ou pa t'ap isi a jodi a. Ou pa ka sèvi satan ak Bondye an menm tan."

Jezi te vire sou mwen e di: **"Gen anpil, nan dènye jou yo ki pral abandone lafwa, bay lib aksè a bann lespri sediksyon yo e sèvi peche a. Soti nan mitan yo, e separe nou. Pa swiv chemen yo."** Alò ke nou te elwanye nou, fanm nan te kòmanse modi ak ensilte Jezi. Li t'ap ouke ak raj. Nou te kontinye ap mache. Mwen te trè afebli nan kò mwen. Nan selil swivan an te gen yon lòt kò zo. Mwen te pran sant lanmò anvan menm mwen te rive tou prè. Kò zo sa a te sanble ak lòt yo. Mwen te mande'm sa nanm sa a te byen ka fè pou pèdi tèt li, san espwa ni lòt avni ke letènite nan tèrib lye sa a. Wi, Lanfè a ap dire pou tout letènite. Kan mwen te tande kriye nanm ki nan touman yo, mwen te tonbe kriye tou mwen menm. Mwen te tande yon fanm ki te pale ak Jezi nan flanm yo nan antonwa a. Li te site Pawòl Bondye a. "Senyè, sa l'ap fè isi a? Mwen te mande.

"Koute," Jezi te di'm. Fanm nan t'ap di: "Jezi se chemen lavi a ak laverite. Pèsonn pa ka al kote Papa san li pa pase nan Li. Jezi se limyè mond lan. Vin jwenn Jezi e Li ap sove nou!" Kan li t'ap pale, plizyè nan nanm pèdi yo ki te nan zalantou li yo t'ap koute. Kèk te modi li ak ensilte li. Lòt t'ap di'l pou li fè silans. Lòt ankò t'ap di: "Eske gen espwa vrèman?" ou byen "Ede nou Jezi!" Bann gran kri tristès te ranpli atmosfè a. Mwen pat konprann sa ki t'ap pase a. Mwen pat konnen poukisa fanm sa a t'ap preche Levanjil nan andwa sa a. Senyè a te konnen panse'm yo. "Pitit Mwen", Li te di'm, "Mwen te rele fanm sa a nan laj 30 tan pou preche Pawòl Mwen e pou li se yon temwen Levanjil. Mwen rele moun diferan nan bi diferan, pou kò Mwen an ka fonksyonè byen. Men si yon nonm ou yon fanm, si yon gason ou yon fi pa vle Lespri Mwen, alò Mwen elwanye Mwen. Li te reponn ak apèl Mwen an pandan plizye ane e li te grandi nan konesans Senyè a. Li te tande vwa Mwen e li te fè anpil bon bagay pou Mwen. Li te etidye Pawòl Bondye a, li te priye souvan e anpil nan priye li yo te ekszose. Li te ansenye a anpil moun chemen senntete a. Li te fidèl nan kay li.

Ane yo te pase jis rive nan jou kote li te dekouvri ke mari li te gen yon relasyon avèk yon lòt fanm. Malgre li te mande li padon, li te vin move pi plis, li pat vle padone'l, ni sove maryaj li a. Se vre ke mari li te trè mal kondwi anvè li. Li te komèt yon peche grav. Men fanm sa a te konn Pawòl mwen. Li te konn padone, li te konnen ke nan tout tantasyon, toujou gen yon mwayen pou'w echape. Mari'l te mande li pou padone li, men li pat vle. Olye de sa, kòlè te fè rasin nan li e te ogmante pi plis toujou. Li pat vle konfye Mwen problèm sa a. Li te vini chak jou pi amè. **Li te di nan kè li:** "E di ke mwen la ap sèvi Bondye pandan ke mari'm nan yon lòt fanm. Ou trouve sa byen?" Li te di Mwen. Mwen te reponn li: "Non, sa pa byen, men li te vin mande'w padon e te di'w ke li pa'p janm fè sa ankò." Mwen te di'l: "Pitit fi Mwen, gade nan ou menm, e w'ap wè e se ou menm ki te koz sitiasyon sa a." "Non se pa mwen menm Senyè," li te di. "Mwen menm mwen sen, se li menm ki pechè a." Li pat vle koute Mwen. Tan an te pase. Li pat vle priye ankò menm, ni li Bib la. Li te an kòlè, non sèlman kont mari li, men tou

kont tout moun ki te nan antouraj li. Li te site Ekriti Sent yo, men li pat vle padone'l menm. Li pat vle koute Mwen. Degoutans te grandi nan kè li e peche a te pran plas. Li te kòmanse ap kalkile pou'l touye olye pou'l renmen. E yon jou, nan kòlè li, li te touye mari li ak tout lòt fanm nan tou. Se kounye satan te konplètman anpare li e li te touye tèt li.

Mwen te gade nanm pèdi sa a ki te abandone Kris e ki te kondane nanm li pou toujou nan dife a ak nan touman. Mwen te tande'l reponn Jezi: "Mwen vle kite kounye a, Senyè. Fè'm soti. Mwen pral obeyi'w kounye a. Ou wè, Senyè, kounye a m'ap preche Pawòl Ou. Nan inèd tan demon yo pral vini pou pran'm pou yo toumante'm pi plis ankò. Yo pral tòtire'm pandan anpil èdtan. Paske mwen t'ap preche Pawòl ou, touman mwen yo pi mal. Senyè, mwen sipliye'w, kite'm soti!" Mwen te kriye avèk yon fanm ki te nan selil li a, e te mande Senyè a pou gade'm kont tout degou nan kè'm. "Senyè Jezi, pa pèmèt ke mwen lèse èn antre nan kè mwen." Mwen te di. "Vini, ann avanse," Li te di'm. Nan pi swivan an, te gen nanm yon nonm ak kò zo li ki t'ap kriye dèyè Jezi pandan li t'ap di: "Senyè, ede'm konprann poukisa ke mwen isi a!" "Silans! Pe bouch ou!" Jezi te di li, "ou konnen trè byen pouki sa'w isi a." "Lèse'm ale e mwen pral bon", li t'ap sipliye. "Menm nan Lanfè a, w'ap bay manti ankò", Senyè a te di'l.

Jezi te vire li sou mwen e di: "Nonm sa a te genyen 23 zan kan li te rive isi a. Li pat vle tande Levanjil Mwen an. Li te tande plizye fwa pawòl mwen an, e te vin souvan nan kay Mwen an. Mwen te envite'l, pa Lespri, pou li resevwa Sali a, men li te prefere mond lan ak plezi li yo. Li renmen bwè, e li pat vle koute apèl Mwen an. Li te leve nan legliz men li pat vle konfye li ak Mwen. Yon jou, li te di Mwen: "M'ap ba Ou lavi'm yon jou, Jezi." Men jou sa a pat janm vini. Yon lan nwit, apre yon sware yo fin fete, li te fè yon aksidan machin e li te mouri. Satan te tronpe'l jiskas ke li fini. Li te mouri sou plas. Li pat vle koute apèl Mwen an. Lòt moun te mouri tou nan aksidan sa a. Travay satan se touye, vòlè ak detwi. Si sèlman jèn nonm sa a te koute! Satan te vle nanm nonm sa a, e li te detwi li pa neglijan, peche ak bwason fò. Anpil fwaye ak vi detwi chak ane a koz alkòl."

Si sèlman moun yo te ka reyalize ke liks ak plezi yo nan mond lan t'ap dire ke yon tan. Si nou vin Jwenn Senyè Jezi, Li ap delivre nou nan lesklavaj bwason an. Rele Jezi, Li ap tande nou ak ede nou. Li ap zanmi nou. Raple nou ke Li renmen nou e Li genyen toutpouvwa pou padone peche nou yo. Nou menm, kretyen yo ki marye, Jezi ban nou yon avètisman: Pa komèt adiltè. **Konvwate yon moun ki gen yon lòt sèks, menm si nou pa komèt adiltè avèk li, se yon adiltè nan kè nou.** Jenn moun yo, veye nou avèk dròg e avèk sèks. Si nou te peche, Bondye ap padone nou. Rele Li kounye a pandan li ankò tan. Chache rankontre kretyen ki gen matirite yo, ki fò nan lespri e mande yo si nou ka konfye yo problèm nou yo. N'ap tèlman ere paske nou te pran tan fè li nan mond sa a, anvan ke li trò ta. Satan ap vin tankou yon anj limyè pou tronpe limanite. Pa etonan ke peche mond lan te kondwi nan tantasyon jenn nonm sa a, byen ke'l te konnen Sent Pawòl Bondye a. Ankò yon ti sware, yo te panse. Jezi ap byen konnen! Men lanmò pa gen pitye. Li trò ta. Li te tann trò lontan.

Mwen te gade nanm nonm nan e sa te raple'm pwòp pitit mwen yo. "O Senyè, ke yo sèvi'w! Mwen konnen ke anpil nan nou k'ap li sa a, genyen anpil moun ke nou renmen ak petèt menm pitit nou ke nou pa ta renmen wè ale nan Lanfè.

Pale yo de Jezi anvan ke li trò ta. Di yo pou yo repanti yo nan peche yo. Di yo ke Bondye ap padone yo e ap lave yo. Pandan anpil jou, mwen te obsede pa bann kriye nonm sa a. Mwen pap janm bliye bann rèl tris ak regrèt sa yo. Mwen te sonje bann chè ki te an debri ki t'ap boule nan flanm yo. Mwen pap janm ka bliye tout chè sa yo ki t'ap dekonpoze, sant lanmò a, trou vid ki te nan plas je yo, nanm grizat yo ak vè ki t'ap grouye sou zo yo. Jenn nonm sa a t'ap lonje bra li yo bay Jezi ap kriye, tandis ke nou t'ap avanse bò yon lòt antonwa. "Senyè," mwen te priye, "ban'm fòs pou'm avanse." Mwen te tandè vwa yon fanm ki t'ap kriye san espwa. Kri lanmò te tout kote. Nou te rive nan pi kote fanm sa a te ye a. Li t'ap enplòre Jezi nan tout nanm li pou li ka soti li la. "Senyè", li te di, "mwen pa rete ase nan lye sa? Touman'm nan plis pase sa'm ka sipòte a. Silteplè, Senyè, fè'm soti." Bann doulè t'ap souke kakas li a e te genyen yon gran pèn nan vwa li. Mwen te konnen ke li te soufri anpil.

Mwen te mande: Jezi, pa gen anyen ke Ou ka fè?" Alò Jezi te adrese li ak fanm nan: "Kan'w te sou latè, Mwen te rele'w, e rele ankò pou'w te ka vin jwenn Mwen. Mwen te sipliye'w pou te mete'w an règ avèk Mwen, pou padone lòt moun yo, pou fè byen, e pou veye'w ak peche a. Mwen te menm vizite'w pandan lan nwit ak atire'w pa Lespri Mwen plizye fwa. Avèk bouch ou, ou te di Mwen ke ou te renmen Mwen, men kè'w te elwanye de Mwen. Ou pat konnen ke anyen pa kache devan Bondye? Ou te tronpe lòt yo, men Mwen ou pat ka tronpe Mwen. Mwen te voye ankò moun kote'w pou di'w repanti. Men ou pat ni tandè, ni wè, e ou te fache pandan'w te fè yo retounen. Mwen te plase'w kote'w te ka tandè Pawòl Mwen, men ou pat vle ban'M kè'w. Ou pat gen okenn regrè, ni okenn wont nan fason'w t'ap aji. Ou te fè kè'w di e ou te vire do ban Mwen. Kounye a, ou pèdi e abandone pou toujou. Ou te dwe koute Mwen." Ak mo sa yo, li te vire li sou Jezi e te kòmanse modi Bondye ak ensilte Li. Mwen te santi prezans lespri movè yo e mwen te konnen ke se te yo menm ki t'ap ensilte a e ki t'ap modi a. Konbyen li tris pou'w pèdi pou letènite nan Lanfè. Reziste ak dyab la tandis ke nou kapab ankò, e l'ap kouri lwen nou. Jezi di: "Mond lan ak tout sa li genyen ap pase, men Pawòl Mwen pap janm pase."

6- Tinèl lapèrèz la

Mwen te eseye repase nan memwa'm mesaj ke mwen te konn tandè preche sou Lanfè yo, men mwen pat janm tandè ankò bagay tèrib konsa ke sa Senyè a te montre'm isi a. Lanfè a te nètman pi tèrib ke sa ke nenpòt moun ta ka panse ou imajine. Sa te fè'm mal pou konnen ke nanm ki trouve aktyèlman nan touman yo nan Lanfè a yo la pou letènite. Donk pa gen pyès mwayen pou soti. Mwen detèmine pou fè tout sa ke'm ka fè pou sove nanm yo nan soufrans sa yo. Fòk mwen preche Levanjil ak tout moun mwen rankontre, donk Lanfè se yon kote ki bay lapèrèz e sa ke'm di a se verite. Nou reyalize byen sa m'ap di la a? Si pechè yo pa repanti yo e si yo pa kwè nan Levanjil, se tout bon y'ap fini nan lye sa a. Kwè nan Jezi e mande Li pou sove nou nan peche nou yo. Li Levanjil Jan an, depi nan premye ak dènye paj la, pou ka konprann pi byen ki sa ki Lanfè a ak aprè lanmò. Pandan ke n'ap li a, priye pou Jezi antre nan kè nou ak pou lave nou nan peche nou yo, anvan li trò ta.

Jezi avèk mwen te pakouri Lanfè a. Chemen an te boule, tè a te sèch, fele e dezè. Mwen te gade anba ranje fòs yo byen lwen ke'm te ka wè. Mwen te trè

fatige. Tout mwen menm te brize a koz de tout sa ke'm te wè yo ak tandè yo, poutan mwen t'ap tann pou'm wè pi mal devan. "Jezi, ban'm kouraj pou kontinye," mwen te di. Tandis ke Jezi t'ap kondwi'm, mwen t'ap mache tou pròch dèyè Li. Mwen te trè angwase a koz bann bagay efreyan sa yo ke mwen te wè yo. **Mwen te mande mwen anndan mwen si mond lan t'a pral kwè mwen.** Mwen te fè yon ti gade sou kote goch mwen, a dwat mwen ak dèyè mwen. Te genyen pi dife byen fon ke je pa ka wè. Mwen te antoure pa dife, flanm e pa nanm ki t'ap boule. Devan degou konsa yo, mwen te kriye nan lapèrèz. Lapèrèz ak reyalite de sa ke'm te wè yo te plis pase sa ke'm te ka sipòte yo. "Tè, repanti'w!" Mwen te kriye. Bann gwo doulè t'ap souke tandis ke mwen te kontinye mache avèk Jezi. Mwen te mande'm sa ki t'ap tann nou devan an. Mwen te mande'm tou sa ke fanmi'm ak zanmi'm yo t'ap fè. Kòm mwen te renmen yo! Mwen te sonje kòman mwen te peche anvan mwen te vin jwenn Jezi e mwen te remèsye Bondye paske'm te retounen vin jwenn li anvan li te trò ta.

Jezi te di'm: "Nou pral antre kounye nan yon tinèl ki pral mennen nou nan vant Lanfè a. **Lanfè a sanble ak yon kò moun kouche nan mitan tè a. Kò a kouche sou do, avèk de bra li yo ak de janm li yo ekate.** Menm jan gen yon kò kwayan ki eksziste, menm jan an tou Lanfè a gen yon kò peche ak lanmò. E kòm kò Kris la ap grandi jou apre jou, menm jan an kò Lanfè ap konstwi Chak jou." Sou chemen ki mennen nou nan tinèl la, nou te traverse bann pi an flanm kote rèl t'ap soti ak jemisman kondane yo ki te sonnen nan zòrèy mwen. Plizyè nan yo t'ap kriye dèyè Jezi nan pasaj nou. Lòt te eseye eksprime yo nan pi dife a nan bi pou yo te jwenn Jezi, men yo pat ka rive. Trò ta! Kè mwen t'ap kriye.

Pandan mach nou an, tristès t'ap li nan yon fason san rete sou figi Jezi. Mwen te sonje ke pandan'm t'ap swiv pi dife yo, sa te fè'm panse ak bann fwa kote nou konn ap fè "babekiyou" deyò kay, e kòman chabon yo te rete wouj e y'ap boule pandan anpil èdtan. Se te menm jan an a sa ke'm te wè nan Lanfè a. Mwen te si rekonesan kan nou te rantre nan tinèl la, donk mwen te di ke se te ka petèt pa tèrib menm jan ak pi yo. Men konbyen mwen te tronpe mwen! Yon fwa nou te anndan, mwen te kòmanse wè bann gwo koulèv, bann gwo rat ki te pouse gwo kri fen. Te genyen la tout sot bwi dyabolik. Bann vipè ak bann lonbraj nwa te tou ozalantou nou. Jezi te sèl limyè vizib nan tinèl la. Mwen te kenbe Li di pi byen janm te kapab.

Bann ti demon ak bann ti dyab te tout kote nan kavèn sa a e t'ap pwomennen yo nan tout kwen tinèl la. Aprè, mwen te dekouvri ke movè lespri sa yo te rann yo sou latè pou yo akonpli lòd satan te ba yo. Pandan'm t'ap kontinye nan lapèrèz mwen an nan andwa fènwa sa a, tranpe e sal, Jezi te di: "Pa pè, n'ap rive trè vit nan bout tinèl la. Fòk Mwen montre'w bagay sa yo. Vini, swiv Mwen." Bann gwo koulèv t'ap ronpe devan nou. Kèk nan yo te mezire anviwon dis mètr nan longè ak yon mètr nan dyamèt. Bann sant santi k'ap repouse nou t'ap flote ak gwo konsantrasyon nan lè a, e bann lespri mechan yo te tout kote. Jezi te di'm: "N'ap rive tou swit nan vant Lanfè a. Pati Lanfè sa a mezire **venn-sèt kilomèt nan wotè ak senk kilomèt nan dyamèt.**" Jezi te ban mwen dimansyon an ekszat. Mwen pral eseye fè tout sa'm kapab pou dekri sa ke'm te wè ak tandè. Mwen pral fè li pou laglwa Papa a, pou laglwa Pitit la ak pou laglwa Sentespri a. Ke volonte Bondye fèt. Mwen konnen ke Jezi te montre'm tout bagay sa yo pou'm ka avèti gason ak fanm nan mond sa a, pou yo ka a tout pri pa ale nan Lanfè.

Chè zanmi, si n'ap li sa a e nou pa konnen Jezi, rete nou tou swit, repanti nou nan peche nou yo e envite Jezi pou Li vin Sovè nou!

7- Aktivite yo ki nan Lanfè a.

Devan nou mwen te ka distenge yon fèb limyè jòn. Jezi ak mwen te soti nan tinèl lapèrèz la, te kounye a sou yon pant sal ak plen pousyè ki te yon lavi laj sou vant lanfè a. Byen lwen ke mwen te kapab wè, yon bann aktivite t'ap dewoule nan sant (vant lan) nan Lanfè a. Nou te rete nou la e Jezi te di: "Mwen pral fè'w pakouri vant Lanfè a, ak revele'w anpil bagay. Vini, swiv Mwen." Alò nou te reprann nou tou lè de rout nou. Jezi te di: "Gen anpil lapèrèz pi lwen. Yo pa prodwi nenpòt kèl imajinasyon, yo vrè. Asire'w pou di a lektè'w yo ke pisans demonyak yo se reyalite. Di yo menm jan an tou ke satan eksziste tout bon vre, e pisans fènwa yo tou. Men di tou, pa dezespere, donk si pèp Mwen an k'ap envoke non Mwen an imilye yo ak priye ak detounen yo nan bann vye chemen yo a, alò Mwen pral koute yo nan syèl yo e Mwen ak geri yo, yo menm ak peyi yo. Menm jan an tou Syèl la se yon reyalite, Lanfè tou se yon reyalite."

Bondye vle ke nou genyen konesans sa a de Lanfè, e Li vle nou sove nou nan andwa sa a. Bondye vle ke nou konnen ke nou genyen yon sekou final. Chemen sa a se Jezi Kris Sovè nanm nou. Nou sonje ke se sèl moun ke non yo enskri nan "Liv lavi Ti Mouton an" k'ap sove. Nou te rive nan premye aktivite a nan vant Lanfè a. Se te adwat nan lye pa kote nou te antre a ak sou yon pati kolin nan yon kwen sonm nan Lanfè a. Mwen te repase nan memwa'm Pawòl Senyè yo kan Li te di'm: "Pa moman, li pral sanble ke Mwen pral abandone'w, men se pap sa. Sonje ke mwen gen tout pouvwa nan Syèl la ak sou tè a. Kèk fwa, bann lespri mechan yo ak nanm pèdi yo pap menm wè nou, e pap rann kont de prezans nou. Pa pè, sa'w pral wè yo se vre. Bagay sa yo ap prodwi kounye a, e y'ap pouswiv jiskaske lanmò ak Lanfè jete nan letan dife a." **Lektè! Asire'w ke non'w byen enskri nan Liv lavi Ti Mouton an!**

Devan nou, mwen te ka tandè vwa ak plent yon nanm ki t'ap dechire ak touman. Nou te grenpe sou ti kolin nan e nou te gade ozalantou nou. Yon limyè te ranpli zòn nan e mwen te ka pi byen wè. Bann kri tankou nou pat ka janm imajine te ranpli lè a. Se te kri yon nonm. "Koute mwen", Jezi te di. "Tout sa ke ou pral wè ak tandè se byen reyèl. Fèt atansyon, nou menm predikatè ak ansenyan Levanjil, donk bagay sa yo fidèl e vrè. Reveye nou, Evanjelis, Predikatè ak Ansenyan Pawòl Mwen an, nou tout ki te rele pou preche Levanjil Senyè Jezi Kris la. Si nou peche, repanti nou, si non n'ap peri menm jan an tou".

Nou te avanse nou jiskas ke nou trouve pi piti senk mèt nan andwa kote aktivite sa a t'ap dewoule li a. Mwen te wè bann ti aspè nan rad sonm ki t'ap mache ozalantou sa ki te sanble se yon sòt de kès. Pandan'm t'ap byen gade, mwen te wè ke kès la mwen t'ap gade a se pat lòt bagay ke yon sèkèy e ke bann aspè yo ki t'ap vire tout ozalantou se te bann demon. Wi, se te yon sèkèy tout bon, e te genyen douz demon ki t'ap mache ozalantou. Pandan ke yo t'ap mache, yo t'ap chante e t'ap ri. Yo chak nan yo te kenbe yon lans ki te byen pwenti ke yo t'ap fouye kareman nan sèkèy la a travè bann ti ouvèti ki te fè tout ozalantou. Yon santiman lapèrèz te renye nan lè a, e mwen t'ap tranble pou wè tout sa yo. Jezi te konn panse'm yo, donk Li te di: "Pitit, genyen anpil nanm ki nan touman nan andwa sa a, e genyen diferan tip touman pou nanm sa yo. **Pinisyon an pi gran**

pou moun ki te yon fwa preche Levanjil ki retounen answit nan peche a, ou pou moun ki pa't obeyi ak apèl Bondye a pou lavi li."

Mwen te tande yon kri si dezespere ke li te ranpli kè'm ak dezespwa. Kèk moun t'ap kriye: "Pa gen espwa menm ankò, pa gen espwa menm ankò!" Kri dezespere a ki t'ap soti nan sèkèy la. Se te bann jemisman regrè ki pap janm fini, "Bondye, se kriyèl!" Mwen te di. "Vini", Jezi di, "an nou aproche nou". Li te avanse li jis bò sèkèy la e te panche li sou li pou gade anndan. Mwen te swiv Li e mwen te fè menm jan an. San dout move lespri yo pat ka wè nou. Yon nyaj gri sal te ranpli anndan sèkèy la. Se te nanm yon nonm ki te nan sèkèy la. Mwen pap janm bliye bann soufrans nanm sa a. Mwen te kriye bay Jezi: "Fè li soti, Senyè, fè li soti!" Touman nanm li a se te yon bagay tèrib pou wè. Si sèlman li ka libere. Mwen te atrape men Jezi e te sipliye Li pou fè nonm nan soti nan sèkèy la.

"Rete an pè, pitit Mwen, kalme'w" Jezi te di'm. Nan son vwa Jezi, nonm nan te wè nou. Alò li t'ap enplòre Senyè a: "Senyè, Senyè, lèse'm soti; gen pitye pou mwen!" Mwen te bese je'm e te wè yon mas rouji. Devan je'm yo te gen yon nanm e nan nanm sa a yon kè moun. San t'ap jayi soti nan kè sa a. Kout lans yo ki t'ap antre yo, te transpèse kè li literalman. "Senyè", nonm nan t'ap sipliye, "mwen pral sèvi'w kounye a. Silteplè, lèse'm soti, mwen te konnen ke nonm sa a te santi kriyèlman chak kout lans ki t'ap transpèse kè li. "Li te toumante konsa jou ak nwit", Senyè a te di. "Se satan ki te plase li isi a e se satan k'ap toumante'l." Nonm nan t'ap kriye: "Senyè, mwen pral preche kounye a vrè Levanjil la. Mwen pral pale de peche a ak Lanfè. Men mwen priye'w, fè'm soti!"

Jezi di: "Nonm sa a se te yon predikatè Pawòl Bondye. Te gen yon tan kote li t'ap sèvi'M ak tout kè li e te kondwi anpil moun nan Sali a. Kèk nan moun ki te vin jwenn Mwen pa li ap sèvi'M toujou jodi a, anpil ane aprè. Plezi lachè yo e sediksyon richès yo te egare li. Li te pèmèt satan domine sou li. Li te gen yon gran legliz, yon bèl machin ak gwo revni. Li te kòmanse ap vòlè ofrann legliz yo, e ap ansenye bann mansonj. Laplipa nan tan an, li t'ap preche demi mansonj ak demi verite. Li pa't vle kite'M korije'l. Mwen te voye mesaje'M yo pou di li repanti li e pou preche laverite, men li te prefere plezi vi sa a kont laverite Bondye a. Li te konn ansenye laverite a trè byen jan li revele nan Bib la. Anvan ke li mouri, li te ale menm deklare ke batèm Sentespri a se te yon mansonj e moun ki te di yo gen Sentespri se te yon bann ipokrit. Li te di ke yon tafyatè ka ale nan Syèl san repantans."

"Li te di ke Bondye pa t'ap voye pyès moun nan Lanfè, e ke Bondye trò bon pou sa. Li te mennen anpil moun byen lwen gras Senyè a. Li te menm di ke li pa't bezwen Mwen, donk li menm li te tankou yon bondye. Li te ale si lwen ke li te menm fè bann konferans pou ansenye fos doktrin sa a. Li te foule anba pye'l Sent Pawòl Mwen an. Poutan Mwen te kontinye renmen li. Pitit Mwen, li pi bon pou pat janm konnen Mwen, ke pou te konnen Mwen e pou'w ki te sèvis Mwen an" Senyè a te di. "Si sèlman li te koute'w, Senyè", mwen te di. "Si sèlman li te sousye pou nanm li, ak pou nanm pa lòt yo!" "Li pat koute Mwen. Kan Mwen te rele, li pat vle tande'M. Li te renmen lavi fasil. Mwen te rele'l e te rele'l pou repantans, men li pat vle retounen vin jwenn Mwen. Yon jou, li te mouri e li te rive nan Lanfè. Kounye a satan ap toumante'l poutèt, pandan yon tan, li te preche Pawòl Mwen ak sove anpil nanm pou wayòm Mwen an. Se sa ki touman li".

Mwen te obsève demon yo pandan ke yo te kontinye ap vire ozalantou sèkèy la. Kè nonm nan t'ap bat ak san tout bon t'ap koule soti nan kè'l. Jamè mwen pap janm bliye kri dezespwa li yo ak doulè li yo. Jezi te gade nonm nan nan sèkèy la avèk yon gran konpasyon e di: "San anpil nanm pèdi nan men nonm sa a. Plizyè nan yo trouve yo isi a nan touman yo, nan moman sa a menm." Kè brize, Jezi avèk mwen nou te avanse nou pi lwen. Moman kote nou te kite li, yon lòt group demon te vin sou sèkèy la. Yo te mezire anviwon yon mèt an wotè e yo te abiye an nwa, **avèk bann kapichon nwa sou figi yo**. Yo te vin pran la relèv pou toumante nanm sa a. Mwen te panse nan fason ògèy nan chak, anpeche nou pafwa pou rekonèt erè nou yo e mande padon. Nou refize pou nou repanti e pou nou imilye nou, e nou kontinye kòm si nou te sèl moun ki toujou gen rezon. **Men koute, zanmi mwen yo, Lanfè se yon reyalite. Mwen sipliye nou, pa ale nan lye sa a!**

Alò Jezi te montre'm yon gwo revèy, ki te ouvè li sou mond lan an nantye. E mwen te tande son tik-tak. Zegwi lè a t'ap aproche nan douz e zegwi minit yo li te rete twa minit anvan douz la. Ankachètman zegwi minit yo t'ap bouje sou lè a. Kòm li t'ap bouje, bwi zegwi a te vin pi fò pi plis e te sanble ranpli tout latè. Bondye te pale tankou yon son tronpèt, e vwa Li te sanble a bwi bann gwo dlo: "Koute ak tande sa ke Lespri di ak Legliz yo", Li te di. "Se pou nou prè, donk nan moman kote nou pa panse, M'ap retounen. Mwen tande tik-tak la nan revèy la. Li minwi. Epou a vini pou Epouz Li a."

Nou prè pou retou Kris la, zanmi mwen yo? Ou byen, nou tankou moun ki di: "Se pa jodi a Senyè!" Nou vle vin jwenn Li e sove? Nou vle ba Li kè nou jodi a? Konnen ke Jezi ka ak vle sove nou nan tout mal si nou fè apèl avèk Li jodi a e si nou repanti nou. Priye pou fanmi nou ak pou moun nou renmen yo pou yo ka vin jwenn Kris anvan ke li trò ta. Koute sa ke Jezi di: "Mwen ap proteje'w nan mal, M'ap siveye'w nan tout chemen ou yo e M'ap sove'w. Mwen ap sove tout moun ou renmen anpil yo. Vin jwenn Mwen jodi a e w'ap genyen lavi." Avèk anpil dlo nan je'm, mwen priye pou ke nou tout k'ap li temwanyaj sa a, pou nou ka reyalize laverite anvan li trò ta. Lanfè, se pou tout letènite. Mwen fè tout sa ke'm kapab pou'm revele nou sa ke'm te wè ak tande. Mwen konnen ke bagay sa yo se vre. Pandan ke nou ap li swit liv sa a, mwen priye ke pou nou repanti nou e ke nou aksepte Jezi Kris kòm Sovè pèsonèl nou. Mwen te tande Senyè a di: "Se lè pou nou pati. N'ap retounen demen."

8- Vant Lanfè a

Nan lannwit swivan an, Jezi avèk mwen te retounen nan Lanfè a. Nou te antre dabò nan yon gran espas ouvè. Byen lwen ke mwen te kapab wè, bann aktivite dyabolik t'ap dewoule. Nou te nan sant bann gran aktivite sa yo. Avèk sèlman twa mèt a andwa kote nou te trouve nou an, mwen te remake te gen yon aktivite etranj ki t'ap pase la, etranj sitou a koz anpil aspè dyabolik ak bann lespri demonyak ki t'ap fè aktivite yo la nan andwa sa a ak ozalantou a. Sèn nan te sanble retire nan yon fim atròs. Byen lwen, te genyen bann nanm nan touman, e dyab la ak zanj li yo t'ap akonpli zèv yo. Bann jemisman agoni ak dezespwa t'ap fè tande yo nan demi fènwa a.

"Pitit" Jezi te di, "satan nan kèk fwa se sila k'ap tronpe moun yo sou tè a e se sila k'ap toumante moun yo nan Lanfè. Anpil nan pisans demonyak yo ke yo wè

isi a monte pafwa sou tè a, pou blese, pou aflije ak pou tronpe. Mwen pral montre'w bann bagay ke yo pat janm wè avèk anpil detay. Kèk bagay ke'w pral wè ap pase nan prezan, tandis ke lòt yo pral rive nan fiti." Mwen te gade ankò devan mwen. Tè a te klere ak yon limyè ki gen koulè gri nwa, e te san vi, san zèv, e san pyès pye bwa. Tout te mouri ou t'ap mouri. Kèk andwa te frèt e imid, tandis ke lòt te cho e sèk. Toupatou nou te santi sant pouri boule a ak chè ki t'ap dekonpoze, mele ak bann sant trip zannimo, debri ak pouri.

"Satan sèvi ak tout sòt pyèj ak filè pou tronpe pèp Bondye a", Jezi te dim. "Pandan vwayaj nou yo nan Lanfè a, Mwen pral montre'w bann pil kantite riz ak plan tronpè dyab la." Nou te fè sèlman kèlke mèt lòske mwen te apèsi yon bagay sonm, nwa, te desine li yon fason enkretan devan nou. Sa te sanble ap mouvman li nan anba rive anwo, li kontrakte li e gonfle li. E chak fwa ke sa te bouje li, sa te degaje tèrib sant santi, yon sant kontamine, pi tèrib ke sant abityèl ki te ranpli atmosfè Lanfè a. Mwen pral eseye eksplike nou sa ke'm te wè, pi byen janm kapab. Tandis ke gwo objè nwa a te kontinye t'ap kontrakte li e relache li pandan l'ap mete deyò bann sant santi li yo, mwen te remake kèlke bagay nan koulè sonm ki te sanble a bann kòn, e ki t'ap soti nan objè sa a pou dirije yo sou anwo, sou latè. Mwen te apèsi ke se te yon gwo kè nwa ak li te genyen plizye antre. Yon tèrib presantiman te sezi'm. Jezi te konn panse'm yo, Li te di: "Pa pè. Sa a se kè Lanfè a. Pita nou pral travèse'l. Pou kounye a nou pral rann nou nan prizon Lanfè a.

Prizon Lanfè a te genyen yon bann selil te gen yon wotè nan 27 kilomèt. Mwen te leve je'm e mwen te wè ke te gen yon fose gri nwa ant selil yo ak fon an ou vant Lanfè a. Mwen te gen lenpresyon ke fose a te genyen 1m 83 nan profondè, e mwen te mande'm kòman mwen pral kapab travèse li. Mwen raple'm menm ke nou te nan wotè sou yon pant, nan premye etaj selil yo. Pant lan te prezante tankou yon pasaj ozalantou selil yo e tou kòm yon bon andwa ki te ofri vizyon jeneral nan sant Lanfè a. "Bagay sa yo fidèl e veritab", Jezi te di'm. **"Lanmò ak Lanfè pral yon jou jete nan letan dife. Pandan n'ap tann, se isi a andwa ki kenbe lye Lanfè a.** Selil sa yo pral kontinye la, boure ak nanm pechè, toumante ak soufran. Mwen te bay vi Mwen pou ke nou ka pa vin isi a. Bagay tèrib sa yo reyèl, men mizerikòd Papa Mwen an li reyèl tou. Si nou lèse Li aji, Li ap padone nou. Kriye ba Li, nan Non Mwen, jodi a menm".

9- Selil Lanfè yo

Donk nou te, Jezi ak mwen, sou yon pant nan premye etaj selil yo. Pant lan te mezire anviwon 1m 30 nan lajè. Mwen te leve je'm, e byen lwen ke mwen te kapab wè, te genyen lòt pant an gran sèk, ozalantou de sa ki te sanble ak yon gran pi. A kote pant lan ou pasaj la, te genyen bann selil ki te fouye nan tè a. Selil sa yo, tankou selil prizon yo, se te yon ranje. Yon swasantèn santimèt labou te separe yo youn ak lòt. Jezi te di'm: "Prizon sa a gen anviwon 27 kilomèt nan wotè, depi nan fon Lanfè a. Isi a, nan selil sa yo, genyen anpil nanm ki te konn pratike maji, okiltis, lougawou ak sèvi satan. Kèk te lougawou, medyòm, trafikan dròg, bann adoratè idòl, ak tou bann moun movè ki te genyen dyab rasyal, lwa bò papa ak bò manman. Se bann nanm ki te komèt bagay ki te pi mal yo nan je Bondye. Plizyè nan yo trouve yo isi a depi bann santèn ane. Se sila yo ki pa repanti yo, patikilyèman sila ki te tronpe moun yo e ki te detounen moun yo sou

Bondye. Nanm sa yo te komèt gran inikite kont Senyè a ak pèp Li a. Mal la ak peche te lanmou yo ak pasyon yo.

Tandis ke mwen t'ap swiv Senyè a nan gran pasrèl la, mwen te jete yon kout je nan direksyon sant Lanfè a, kote ki t'ap dewoule majorite aktivite yo. Yon limyè fèb te ranpli mitan an nèt ale e mwen te kapab disène bann mouvman anpil aspè. Devan nou, nou pat ka wè, te genyen bann selil. Mwen te panse ke touman nanm ki nan prizon sa yo pat kapab sètènman pi tèrib ke soufrans nanm ki te nan pi dife a. Tout ozalantou nou, mwen te tande kri, rèl yo ak jemisman kondane yo nan selil sa yo. Mwen te kòmanse trè malad ak yon gran tristès te ranpli kè'm. Jezi te di'm: "Mwen pat lèse'w tande kri sa yo jiska prezan, pitit mwen. Men kounye a, mwen pral montre'w kòman satan vini pou vòlè, touye ak detwi. Isi nan Lanfè a, genyen diferan touman pou diferan nanm. Satan ba yo soufrans sa a siplis sa a jis jou jijman an kote lanmò ak Lanfè pral jete nan letan dife a. Dayè, yon lak dife pase atravè Lanfè a tan zantan.

Kòm nou te sou tout longè pant lan, bann bri pisan t'ap ogmante. Bann gran kri t'ap soti anndan selil yo. Alòs ke mwen t'ap mache sere avèk Jezi, Li te rete anfas twazyèm selil la. Yon limyè fò te klere anndan selil la. Nan selil la yon dam granmoun te chita sou yon fotèy kage, li t'ap balanse li pandan li t'ap kriye kè li t'ap brize. Mwen pa konn poukisa, men mwen te choke pou konstate ke fanm sa a se te vrèman yon moun avèk yon kò. Selil la te konplètman vid, sèlman fanm sa a ki te sou yon chèz baskile. Mi selil yo te konstwi avèk tè ajil ak salte, kole nan tè a. Pòt antre a te okipe tout devan selil la. Li te fèt ak metal nwa avèk bann bawo, nou te genyen, Jezi ak mwen, yon rega prèske konplè sou anndan selil la.

Koulè granmoun fanm nan te sanble ak sann chè melanje ak yon klate grizat. Granmoun nan t'ap balanse li devan deryè e dlo t'ap koule sou tout figi'l. Mwen te wè, nan ekspresyon agoni li a, ke li te nan yon profon doulè e ke li t'ap soufri yon gran touman anndan. Mwen te mande'm ki sa li te ka fè pou li prizonye konsa. Tou swit, la devan je'm, li te kòmanse ap transfòmè. Premyèman li te pase nan fòm yon trè trè vye granmoun gason ak tankou yon jèn fanm, epi tankou yon fanm ki gen laj mwayen. Anfen li retounen granmoun fanm nan ke'm te wè nan kòmansman an. Sou chòk, mwen te gade li pandan ke li t'ap opere tout chanjman sa yo, youn apre lòt.

Kan li te apèsi Jezi, li te rele: "Senyè, gen pitye pou mwen. Fè'm soti nan lye touman sa a!" Li te panche li devan, pi lwen posib, pou eseye atenn Jezi, men li pat kapab. Transfòmasyon an te kontinye, menm rad li te chanje. Konsa li te abiye li an gason, answit an jèn fi, an fanm ki nan laj mwayen e li te fini nan rad granmoun fanm nan. Tout transfòmasyon sa yo te sanble pran kèlke minit. Mwen te mande Jezi: "Poukisa, Senyè?" Ankò li te rele: "O, Senyè, fè'm soti isi a anvan ke yo retounen." Alò li te kanpe, sou devan selil la, pandan l'ap grenpe bawo yo li te sere pwen li. Li te di: "Mwen konnen ke lanmou'W lan li reyèl. Mwen konnen ke lanmou'W li vrè. Lèse'm soti." Alò ke fanm nan t'ap rele ak lapèrèz, mwen te wè kèlke bagay te kòmanse ap dechire chè kò li. "Li pat sanble sa li te ye a nan aparans", Senyè a te di.

Fanm nan te rechita nan chèz la e kòmanse ap balanse li. Men fwa sa a, se te sèlman yon kò zo ki te chita nan chèz kage a. Yon kò zo avèk yon bwouya plen

kras anndan. Kèlke minit anvan, li te gen yon kò, li te abiye, e kounye a li te sèlman yon pil zo nwa, boule, avèk bann tou vid nan plas je li yo. Nanm fanm sa a t'ap jemi e t'ap kriye repantans li bay Jezi, men li te trò ta. "Sou tè", Jezi te di'm, "fanm sa a se te yon lougawou e yon adoratrix satan. Non sèlman li te konn pratike bagay dyab lougawou, men li te konn ansenye li ak lòt. Kan li te timoun, manm fanmi li te konn fè maji nwa. Yo te prefere fènwa yo ke limyè a. Plizyè fwa Mwen te rele li pou li repanti, men li te moke Mwen pandan li t'ap di: "Sa fè'm plezi pou'm sèvi satan. Mwen vle rete nan sèvis li." Li te rejte laverite a e pat vle repanti li nan mechanste li yo. Li te detounen anpil moun nan Senyè a. Kèk nan yo avèk li nan Lanfè a jodi a. Si li te repanti li, Mwen t'ap sove li, ak plizyè manm nan fanmi li tou, men li pat vle koute. Satan te tronpe fanm sa a pandan li te fè li kwè ke li t'ap resevwa yon wayòm pou kont li kòm rekonpans pou tèl li te sèvi'l. Li te di'l ke li pap janm mouri, men li t'ap viv avèk li pou toujou. Li mouri pandan li t'ap glorifye satan. Pandan li te rive isi a, li te reklame wayòm li a. Satan, papa mantè a, te ri'l nan nen pandan li te di'l: "Ou panse mwen t'ap pataje wayòm mwen an avèk ou? Vwala men wayòm ou!" E li te fèmen'l nan selil sa a ak toumante'l jou e nwi.

Sou tè fanm sa a te ansenye anpil ajan dyab lougawou ki te konn pratike maji blan ak maji nwa. Youn nan tout maji sa yo se te pou transfòmasyon an jèn fanm, an fanm ki laj mwayen, an fanm granmoun ak menm granmoun gason. Se te amizan nan tan sa a pou opere chanjman sa yo ak pou efreye lòt ti ajan dyab lougawou, avèk pisans li. Jodi a l'ap souffri doulè Lanfè yo e chè li dechire nan chak transfòmasyon, aktyèlman, li pa genyen kapasite pou kontrole yo menm ankò, e li kontinye san rete ap transfòmasyon, pase nan yon fòm ak yon lòt fòm, men vrè fòm pa li se yon fanm sal nan kò zo li a. Satan sèvi avèk li pou akonpli desen dyabolik li yo. Li moke li pa bann ri li yo. Souvan li te posib tou, yo te mennen li devan satan ke li te totire li pou plezi li. Mwen te rele'l pou Mwen anpil fwa, e Mwen t'ap sove li. Men li pat vle Mwen. Kounye a, l'ap sipliye pou jwenn padon an. Men li trò ta; li pèdi e san espwa.

Mwen te gade fanm sa a, pèdi pou toujou nan soufrans yo ak doulè a, e byen ke li te yon fanm mechan, kè'm te brize ak konpasyon. "Senyè, se tèrib!" Mwen te di pandan'm t'ap kriye. Epi, yon ti tan, e kòm si Jezi ak mwen pat eksziste, yon demon byen sal, ak zèl kase, te genyen tay ak aspè yon gran lous, te rive devan pòt selil li a. Li te ouvri pòt la avèk èd yon kle. Li t'ap fè bann gran bwi kòm pou fè li pè. Fanm nan t'ap kriye nan lapèrèz tandis ke li te kòmanse atake li e ap pouse li deyò selil la pou mennen li deyò. "Senyè", mwen te mande, "pa gen anyen ke nou ka fè?" Mwen te tèlman gen pitye pou li. "Li trò ta", Jezi te replike, "li trò ta".

10- Atrosite yo nan Lanfè a

Mwen konprann poukisa moun yo ki nan selil sa yo nan vant Lanfè a te diferan ak moun ki te trouve yo deyò nan lòt touman yo. Genyen anpil lòt bagay ke mwen pat konprann. Mwen te senpleman koute Jezi e mwen te fè yon rapò de tout sa ke mwen te wè ak tande, pou laglwa Bondye. Byen lwen selil yo te sanble dispoze nan yon sèk san fen. Te genyen yon nanm pa selil. Bann jemisman, bann plent, bann soupi ak manje dan t'ap soti yo nan selil yo tandis ke nou te pase devan yo. Nou pat ale lwen, lòske Jezi te rete Li devan yon lòt selil. Nan moman kote nou te jete yon kout je anndan, yon limyè te parèt, sa Jezi te prodwi

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

a. Mwen te kanpe e mwen t'ap gade yon nanm ke mwen te konnen ki te nan yon gran touman. Se te yon lòt fanm, e li te genyen yon koulè ble gri. Chè li te mouri, e pati yo ki t'ap dekonpoze yo te tonbe soti nan zo li yo. Zo li yo yo tout te boule ak yon nwa byen fonce. Li te pote sou li bann ti moso rad mizerab ak bann bout rad dechire. Bann vè t'ap soti nan chè li ak nan zo li yo. Yon sant kontamine te ranpli selil la.

Kòm fanm anvan an, li menm tou li te chita nan yon chèz an baskil. Li te kenbe nan bra li yo yon poupe an chifon e l'ap balanse li, li t'ap kriye pandan li t'ap sere poupe a nan lestomak li. Bann gwo doulè t'ap souke li ak bann kri plenyen t'ap soti nan selil la. Jezi te di'm: "Li menm tou se te yon sèvant satan. Li te ba li nanm li, e nan vivan li li te pratike tout sòt de mal. Lougawou, sèvi dyab se yon reyalite", Jezi te di. "Fanm sa a te pratike ak ansenye lougawou, kòman pou sèvi dyab, e li te mennen anpil moun nan chemen peche a. Moun ki te konn ansenye lougawou, kòman pou sèvi dyab resevwa bann atansyon patikilye ak bann pouvwa patikilye an pi gran nonb, nan men satan, ke moun ki tou senpleman pratike yo. Li te fè divinasyon ak pale ak lespri sal yo pou mèt li. Li genyen gran favè nan men satan pou tout mal li te komèt yo. Li te konnen kòman pou itilize pisans fènwa yo pou li menm ak pou satan. Li te konn asiste nan mès nwa e te konn rann kil a satan. Li te yon pisans fanm pou li."

Mwen te mande'm konbyen moun li te tronpe pou satan. Mwen te gade kakas zo nanm sa a, ki t'ap kriye sou yon poupe an chifon, jis yon moso chifon sal. Tristès te ranpli kè'm e mwen te gen dlo nan je'm. Li te sere poupe chifon an ak li kòm si sa ta kapab pote'l sekou, ou kòm pou proteje poupe a. Sant lanmò te ranpli andwa a. Epi mwen te wè li kòmanse ap transfome li tankou lòt fanm nan. An premye lye, li te yon granmoun dam nan lanne trant, apre li te vin yon jèn dam nan tan nou an. Yon fwa apre lòt, li te fè transfòmasyon fantastik sa a devan je nou.

"Fanm sa a", Jezi te di'm, "te egal ak yon predikatè satan. Nan menm fason ke yo preche nou vrè Levanjil la pa yon vrè minis Bondye, menm jan an tou, satan gen fo minis pa li ki se yon kontrefason pou vrè yo. Li te genyen pisans fòm pouvwa satanik, moun ke li pat ka pran apre ke li te fin vann nanm li." Kado satanik yo se ekszatteman opoze avèk kado espartyèl ke Jezi akòde a kwayan yo. Sa, se pisans fènwa a. Ouvriye satan sa yo travay nan okiltis, nan boutik dyab. Yo li nan tras men moun yo e fè bann lòt bagay ankò. Yon moun k'ap kominike ak move lespri yo se yon pisan ouvriye satanik. Endividi sa yo yo konplètman tronpe e yo plase yo antyèman anba otorite satan. Kèk ouvriye fènwa pa kapab menm adrese yo avèk satan si se pa yon entèmedyè yon moun k'ap kominike ak move lespri yo. Yo fè bann sakrifis imen ak bann sakrifis bèt bay satan.

Anpil moun bay satan nanm yo. Yo chwazi sèvi'l, o lye yo sèvi Mwen. Chwa yo a se lanmò, sof si yo ta repanti yo nan peche yo a, e ke yo rele Mwen. Mwen fidèl, e m'ap sove yo nan peche yo a. Anpil tou vann nanm yo bay satan panse ke yo pral viv etènèlman. Men yo mouri nan yon lanmò tèrib. Aktyèlman satan panse ke l'ap kapab ranvèse Bondye ak pètibe plan Bondye a. Men li te pèdi sou lakwa a. Mwen te retire kle yo nan men satan e Mwen genyen tout pouvwa nan syèl yo ak sou tè a.

Kan fanm sa a mouri, li te ale dirèkteman nan Lanfè. Demon yo te mennen li devan satan kote, firye, li te mande poukisa demon yo te gen pouvwa sou li, donk sou latè, li te panse ke li te kontrole yo. Sou tè, yo te fè volonte li. Li te reklame tou nan men satan wayòm ke li te promèt li a. Satan te kontinye ba'l manti, men aprè lanmò'l. Li te di'l ke li pral fè li reviv ankò e itilize'l ankò. Pa tronpri a, li te mennen ba li anpil nanm, konsa li te sanble kwè nan mansanj satan yo. Men finalman, satan te ri e moke li avèk mepri, pandan li te di'l: "Mwen te tronpe'w e mwen te sèvi avè'w pandan tout ane sa yo. Mwen pap janm ba'w wayòm mwen an."

Dyab la te leve bra'l sou li e li te resanti kòm si chè li te rache nan zo li yo. Li t'ap souffri ak doule tandis ke yo te pote yon gwo liv nwa bay satan. Li te ouvè'l e pakori paj yo avèk dwèt li jiskas ke li te trouve non li. "O wi", satan te di, "ou te byen sèvi'm sou latè, ou te mennen ban mwen plis pase senk san nanm". Epi, li te bal manti pandan li te di'l: "Pinisyon pa'w la pa pral di menm jan ak lòt yo". Kakas yon demon mokè te vibre; satan te leve e lonje dwat li sou fanm nan, e yon gran van te leve e te ranpli andwa a. Li bay yon son ki sanble ak yon mijisman loraj k'ap gronde: "A! A!" Dyab la te fè. "Pran wayòm ou an si'w kapab." E yon fòs envizib te plake'l nan tè a. "Ou pral sèvi'm tou nan lye sa a." Satan t'ap blage tandis ke fanm nan t'ap eseye leve li. Li t'ap souffri ak doule donk demon yo te kontinye ap rache chè li nan zo li yo. Yo te trennen li jis rive nan kaj sa a. Li te sonje promès satan yo. Li te di'l ke li te gen tout pouvwa. Li te di'l ke li pap janm mouri. Li te di'l ke li gen pouvwa sou lavi ak sou lanmò e li te kwè li. Yo te rakonte'l ke satan te kapab anpeche nenpòt bagay touye li. Satan te rakonte li anpil mansanj ak promèt li anpil bagay.

"Mwen vini pou sove tout moun", Jezi te di. "Mwen dezire ke tout moun ki pèdi yo repanti yo ak rele non Mwen. Se pa volonte pa Mwen pou yon moun peri, men ke pou yo tout gen lavi etènèl. Se tris pou di, men laplipa ladan yo pap repanti yo nan peche yo anvan yo mouri e yo prale nan Lanfè. Men chemen Syèl la se menm pou tout moun. Nou dwe refèt yon lòt fwa pou nou antre nan wayòm Bondye a. Nou dwe vin jwenn Papa a nan non Mwen ak repanti nou nan peche nou yo. Nou dwe sensèman bay Bondye kè nou ak sèvi Li." "Pitit", Jezi te kontinye, "prochèn bagay ke Mwen pral revele'w li ankò pi tèrib. Mwen konnen ke sa pral aflije'w, men Mwen vle ke mond lan tandè ak konnen sa ke Lespri di ak Legliz yo. Nan selil sa yo, kote'w pa ka wè ankò, genyen sèlman nanm toumante. Chak fwa ke selil yo plen, Lanfè a vin laj pou resevwa ankò plis nanm. Nou genyen tout bon sans nou nan Lanfè a. E si sou tè a nou te avèg, n'ap avèg nan Lanfè. Si nou te gen yon sèl bra sou tè, n'ap genyen yon sèl bra nan Lanfè.

Mwen di nou pou nou repanti nou donk Lanfè se yon kote ki tèrib, efreyab, yon lye nan yon tristès atròs ak etènèl kri regrè. Mwen sipliye nou pou kwè sa ke'm di yo donk se laverite. Sa te tèlman difisil pou mwen, ke mwen te malad plizyè fwa pandan preparasyon liv sa a. Mwen te wè bann bagay nan Lanfè a ki trò tèrib pou rakonte. Plis atròs ankò ke jemisman nan touman yo, sant chè yo ki t'ap dekonpoze ak degou dife yo nan Lanfè a avèk antonwa byen fon sa yo. Mwen te wè bagay ke Bondye pat pèmèt mwen ekri. Kan nou mouri sou tè, si nou fèt yon lòt fwa pa Lespri Bondye, nanm nou pral nan Syèl; si'w se yon pechè, ou prale nan Lanfè brilan sa a. Bann demon avèk bann gwo chèn trennen nanm ou e fè'w pase nan pòt Lanfè yo kote yo pral jete'w nan antonwa yo e

toumante'w. A nenpòt moman, y'ap mennen'w devan satan. W'ap konsyan nan tout sa k'ap rive'w nan Lanfè a.

Jezi te di'm genyen yon andwa nan Lanfè a ki rele "Sant amizman". Nanm ki pa ka soti yo nan pi yo yo pa kapab mennen yo lòt bò a. Li te di'm tou ke byen ke touman bann nanm pèdi yo diferan ant youn ak lòt, yo tout boule ak dife. Sant amizman an gen fòm yon pis. Moun ki dwe fè pati objè amizman an yo mennen yo sou pis santral la nan sant amizman an. Li fè pati de moun ki, te volontèman chwazi pou yo sèvi satan. Se moun ki, avèk tout volonte yo, te chwazi swiv satan o lye pou yo swiv Bondye. Tout ozalantou pis la tout lòt nanm yo te asanble, eksepte moun ki te nan antonwa yo.

Nanm ki te plase nan sant yo se te lidè mond yo ki te nan okiltis anvan yo te mouri. Yo te moun ki te konn kominike ak lespri sal yo, bann deven, ajan dyab, lougawou, vwayan, bann majisyen, sa vle di tout moun ki, konsyammam, te fè chwa pou sèvi satan. Nan vivan yo, yo te tronpe moun yo e te mennen yo swiv satan ak viv nan peche. **Moun ki te tronpe yo ak moun yo te kondwi yo pou fè yo tonbe nan peche vini e toumante moun ki te tronpe yo a. Youn pa youn, yo otorize yo pou tòtire yo.** Nan moman tip touman sa yo, zo espiyèl yo ekate e antere nan diferan andwa Lanfè a. Nanm nan literalman dechikete e moso yo gare atravè Lanfè a nan yon sòt chas o trezò demonyak. Nanm ki te brize yo santi doulè tèrib. Sa ki te deyò pis la kapab voye wòch sou sa ki te nan pis yo. Metòd ki pa kapab imajine pou tòtire moun yo te pèmèt yo fè yo. Nanm toumante yo dezire lanmò. Se sa malerezman lanmò etènèl la. Satan bay lòd pou tout bagay sa yo fèt. Men sa ki sant amizman satan an.

Jezi te di: "Mwen te etire kle Lanfè yo nan men satan sa genyen anpil ane. Mwen vin ouvri selil sa yo pou libere pèp mwen an. **Donk nan epòk Ansyen Testaman an, anvan ke mwen te bay lavi'M sou lakwa, Paradi a te sitiye touprè Lanfè a.** Selil sa yo te otrefwa nan paradi a, men kounye a satan sèvi avèk yo pou move desen li yo e li fabrike lòt. O lektè, w'ap repanti nan peche'w yo anvan ke li va etènèlman twò ta? Donk nou tout ap vin devan Mwen nan jijman. **Paradi a te deplase nan andwa kote li te ye a, prè Lanfè a, nan moman Mwen te mouri a ak lè Mwen te leve vivan nan lanmò a pa pisans Bondye, Papa Mwen.** Yon fwa pi plis Mwen redi nou ke selil sa yo dispoze sou anviwon 27 kilomèt nan wotè, sèvi prizon pou moun ki te pou satan ouvriye fènwa yo, moun ki te enplike nan tout sòt peche konsènan pisans demonyak yo, okiltis ak adorasyon satan. Vini, Mwen pral montre'w kèlke bagay", Jezi te di'm.

Nan yon ti moman, nou te anviwon 800 mètr nan lespas, nan sant vant Lanfè, ak nan sant de kèlke 27 kilomèt prizon sa yo. Se kòm nan yon pi donk ou pat ka ni wè tèt li ni fon li a koz fènwa a. Yon limyè jòn te kòmanse ap klere andwa sa a. Mwen te sere men Jezi. "Senyè," mwen te di, "poukisa nou isi a?" Tou swit te gen yon van pisan tankou yon oragan akonpanye ak yon bwi trè fò. Bann gran vag dife te kòmanse ap bale mi selil yo, pandan li t'ap boule tout sa ki te sou pasaj li. Flanm yo te atenn anndan chak selil yo, te genyen bann kri atrès nan doulè ak nan detrès. Byen ke Jezi avèk mwen pat touche nan flanm yo, yon gran lapèrèz te sezi'm lòske mwen te wè nanm pèdi yo te kouri antre nan fon bann ti selil yo, yo t'ap tante trouve yon kote pou yo kache.

Yon son dyabolik te kòmanse fè tande li nan bò goch nou. Mwen te gade e satan te kanpe, nou te vire do nou. Li te nan flanm yo nèt men li pat boule, o Kontrè,

se te li menm ki te prodwi dife a. Kounye a li te anglouti li nan flanm yo, te pran plezi nan kri pòv nanm pèdi sa yo. Kan satan te bouje bra li yo, bann gwo boul dife te soti nan li. Bann jemisman t'ap dechire ak gran kri nan doule t'ap soti nan selil yo. Nanm yo te boule vif anndan an pa chalè sa a ki pi cho ke chalè yon lak dife, e Sepandan yo pat ka mouri. Demon yo tou te tonbe ri menm jan ak satan tandis ke li te ale de selil an selil, tòtire moun pèdi yo. **Jezi te di: "Satan nouri li nan mal. Li savoure doule ak soufrans. Se nan sa yo li jwenn pisans li."**

Mwen t'ap obsève satan lòske yon flanm wouj te aranje prè yon flanm sonm te ogmante tout ozalantou li. Yon kout van vyolan e move t'ap soufle sou rad li yo, ki pat boule. Sant chè boule te ranpli atmosfè a. Yon nouvèl fwa mwen te reyalize ke soufrans Lanfè yo yo byen reyèl. Satan t'ap mache nan mitan flanm yo, men yo pat ka boule'l. Byen ke se do'l sèlman ke mwen te wè, mwen te tande patou ri efreyab li a. Mwen te obsève, kan satan te anlve li nan yon nyaj nan fime, li te pote avèk li toran dife a jis nan tèt vant Lanfè. Li te retounen li ak yon vwa pisan li te anonse ke tan ke tout nanm yo pa adore li, li t'ap voye yo fè yon tou nan pis amizman an.

"Non! Silteplè satan, nou pral adore'w", yo tout te kriye ansanm, pandan yo te kòmanse ap prostène yo nan adorasyon dyab la. E plis yo t'ap adore li, plis li te grangou adorasyon. Bwi louwanj yo te sonnen pi plis toujou pi fò jiskas ke estrikti Lanfè a menm te sonnen. Jezi te di: "Tout moun ki okipe selil Lanfè yo te tande vrè Levanjil la tandis ke yo t'ap viv ankò sou tè. Plizyè fwa yo te ofri yo Sali Mwen an. Plizyè fwa Lespri' Mwen te atire yo, men yo pat vle prete zòrèy yo, aproche yo sou Mwen pou yo sove." Tandis ke Jezi t'ap pale, satan te di avèk prizonye li yo: "A! A! Men wayòm nou an, wayòm ke nou pral genyen pou toujou. Wayòm mwen an kouvri tout latè ak mond anba dlo a tou." E tandis ke bann rèl regrè t'ap soti nan selil an dife yo, mwen te tande'l deklare ankò: "Men sa ki lavi nou pou letènite."

Jezi te di: "Sali Mwen an gratis. Nenpòt moun ki dezire'l, ke li vini e ke li sove nan lye pinisyon etènèl sa a. Mwen pap mete'l deyò. Si'w te yon ajan dyab lougawou ou yon lougawou, e menm si'w te fè yon pak ekri avèk dyab la. Pisans Mwen ap brize li ak san Mwen ki te repann nan ap sove'w. M'ap retire nan lavi'w malediksyon dyab la e M'ap rachte'w nan Lanfè a. Ban'M kè'w pou Mwen ka anlve chèn ou yo ak pou Mwen kapab rann ou lib."

11- Kè Lanfè a

Lan nwit lan, mwen te rann mwen avèk Jezi nan Lanfè a. Pandan jounen an, Lanfè a te toujou devan je'm. Mwen te eseye rakonte avèk lòt moun sa ke'm te wè, men yo pat vle kwè mwen. Mwen te santi'm te tèribleman sèl e se sèlman pa gras Bondye ke'm te kapab kontinye. Ke tout lagwa retounen sou Senyè Jezi Kris. Lan nwit swivan an, Jezi ak mwen te retounen nan Lanfè a. Nou t'ap mache arebò pant nan vant Lanfè a. Mwen te rekonèt kèk pati paske mwen te ale ladan deja. Menm chè pouri yo, menm sant mal la, menm sant pouriti a, kache ak tanperati brile tout kote. Mwen te deja akable. Jezi te konn panse mwen e te di: "Mwen pap kite'w. Mwen pap abandone'w, Mwen konnen ke ou epwize, men Mwen pral fòtifye'w." Li te touche'm e sa te fòtifye'm vrèman, e nou te kontinye. Devan nou, mwen te apèsi yon gwo mas nwa, prèske menm gwochè ak yon tèren

baseball, ki te sanble t'ap mouvman li an wo an ba. Mwen te sonje ke Jezi te di'm ke se te "kè Lanfè a".

Nan gwo kè nwa sa a t'ap soti sa ki te sanble ak bann gran men ou ak bann kòn. Kòn sa yo soti nan kè a pou ale nan tout kote nan deyò Lanfè a, sou la tè ak anwo tè a. Mwen te mande'm si kòn sa yo se te sa Bib la te pale yo. Tout arebò kè a, tè a te deseche e nwasi. Nan yon perimèt nan yon dizèn mèt, tè a te boule e te pran yon koulè nwasi rouye. Kè a te pi nwa, men yon lòt koulè tankou kal po koulèv te anrasine nan nwa a. Yon sant tèrib t'ap soti nan kè sa a nan chak batman. Li te fonksyone tankou yon kè tout bon e bat an wo an ba. Li te antoure ak yon chan fòs malefik. Etone, mwen te gade kè sa a e mwen te mande mwen avèk ki sa li kapab byen sèvi.

Jezi te di: "Desen sa yo sanble ak atè yon kè, se yon bann sòt piplin ki remonte atravè latè ak ki sèvi pou voye demon yo sou fas tè a. **Se bann kòn sa yo ke Danyèl te wè**, e yo reprezante wayòm satanik yo sou latè. Kèk te deja eksziste. Lòt pral etabli yo. Lòt aktyèlman etabli yo. Bann wayòm satanik pral parèt e antikris la pral renye sou anpil pèp, bann kote ak bann bagay. Si sa te posib, menm vrè eli yo ta tronpe pa li. Anpil pral egare yo ak adore bèt la ak imaj li. Nan branch prensipal yo ou kòn yo pral pouse lòt kòn pi piti. Nan pi piti branch sa yo demon pral soti, bann move lespri ak tout sòt pisans dyabolik. Yo pral lache yo sou latè ak kòmande pa satan pou fè tout sòt move zèv. Wayòm sa yo ak pisans satanik sa yo pral obeyi a bèt la e anpil moun pral swiv li pou ale nan destriksyon. Se isi, nan kè Lanfè a, ke tout bagay sa yo soti."

Men sa Jezi te di'm. Li te chaje'm pou'm ekri yo nan yon liv ak fè mond lan konnen yo. Pawòl sa yo se laverite. Se Senyè Jezi Kris ki te ban mwen revelasyon sa yo pou ke tout moun ka konnen ak konprann zèv satan yo ak plan dyabolik yo ke l'ap prepare pou vini. Jezi te di: "Swiv Mwen." Nou te pran yon eskalye ki te kondwi anndan kè a, kote yon pòt te ouvè devan nou. Nan kè a, se te fènwa prèske nèt. Mwen te tandè bann rèl ak sant kè yo te santi a te si tèlman movè ke mwen te kapab apèn respire. Tout sa ke'm te kapab wè nan fènwa yo, se te Jezi. Mwen te avanse, akoupi avèk Li. Tou swit, Jezi te pati. Sa'm pat panse a te fèt. Mwen te retrouve'm sèl nan kè Lanfè a. Mwen te sezi ak lapèrèz, lapèrèz te kouvri nanm mwen, lanmò te anbrase'm.

Mwen te kriye bay Jezi: "Kote Ou ye? O! Mwen priye'W, retounen Senyè!" Mwen rele men pèsonn pat reponn. "O! Bondye mwen," mwen te di pandan'm t'ap kriye, "fòk mwen soti isi a." Mwen te kòmanse kouri nan fènwa a. Kan mwen te touche mi yo, yo te sanble respire e bouje anba men'm. Mwen pat sèl ankò: Mwen te tandè bann ekla ri pandan ke bann demon, antoure nan yon limyè jòn fèb, sezi de men'm yo. Yo te pase rapidman bann chèn nan tout men mwen yo, e te trennen'm nan profondè kè a. Mwen t'ap kriye, rele nan pye Jezi, men pat gen repons. Mwen te kriye e mwen t'ap debat mwen ak tout fòs mwen, men yo te tire'm tankou mwen pat genyen pyès rezistans.

Kòm nou t'ap desann pi fon nan kè a, mwen te santi yon doule trè vif, tankou se yon fòs enkoni t'ap dechire kòm. Se te tankou chè'm menm te rache. Mwen t'ap kriye nan lapèrèz. Agresè'm yo te trennen'm jis rive nan yon selil e lage'm anndan. Alò yo te fèmen pòt la, mwen te kriye ankò pi fò. Yo te kòmanse ri ak yon ri mechanste pandan yo t'ap di: "Sa pap fè'w byen pou w'ap kriye. Kan lè

pa'w la ap rive, yo pral mennen'w devan mèt nou an. Li pral toumante'w pou plezi li." Sant kontamine kè a te kounye a plen tout kòm. "Poukisa mwen isi a? Sa ki rive'm? Èske mwen vin fou? Lèse'm soti, lèse'm soti." Kri'm yo te san rezilta. Aprè kèk tan, mwen te kòmanse ap remake mi selil mwen te ladan an. Li te awondi e lis tankou kèlke bagay nan vivan. Se te vivan donk e sa te kòmanse ap bouje. "O Senyè," mwen te kriye, "sat pase? Jezi, kote'w ye? Men sèl eko pwòp vwa'm ki te reponn mwen.

Yon lapèrèz, ki pi efreyab ki eksziste, te sezi'm nan yon titan. Pou premye fwa depi ke Jezi te kite'm nan, mwen te kòmanse ap reyalize ke mwen te vrèman pèdi, san pyès espwa ankò. Mwen te kòmanse ap jemi e mwen te rele Jezi tout otan ke'm te kapab, alò mwen te tandè yon vwa nan fènwa ki te di: "Sa pap fè'w byen pou ap rele Jezi, Li pa isi a." Yon fèb eklè te kòmanse ap ranpli andwa a. Pou premye fwa, mwen te kapab konstate lòt selil, tankou pa'm nan, fèmen nan mi kè Lanfè a. Te genyen devan nou yon sòt de twal, e anndan chak selil yon espès labou, sou fòm kolan, t'ap koule atravè selil yo. Yon vwa fanm te soti nan selil vwazen an te di'm: Ou pèdi nan lye touman sa a. Pa gen pyès rout pou sekou.

Mwen pat ka distenge'l tèlman limyè a te fèb fanm nan te eveye menm jan avèk mwen, men sila ki te okipe tout lòt selil yo te sanble ap dòmi ou tankou te nan yon sòt koma. "Pat genyen espwa menm ankò," li te kriye, "pa gen espwa menm." Yon santiman gwo solitid ak dezespwa total te tonbe sou mwen. Pawòl fanm nan pat ede'm nan anyen. "Se isi a ki kè Lanfè a," li te di'm; "Isi a nou toumante, men touman nou yo pa tèrib menm jan ak lòt moun ki nan lòt pati Lanfè a." Mwen te dekouvri pi ta ke li te manti apropo de sa li te di'm ke pa genyen menm soufrans isi a a lòt pati deyò Lanfè.

"Pafwa," li te kontinye, "yo mennen nou devan satan e li pran plezi pou li tòtire nou. Satan fè doulè nou an sèvi manje e li ogmante pisans li avèk bann kri dezespwa nou yo ak pèn nou an. Peche nou yo toujou devan je nou. Nou konnen ke nou se bann enkredil. Nou konnen tou nan yon epòk nou te konnen Senyè Jezi, men ke nou te refize Li, nou te bay Bondye do. Nou te fè sa ki te fè nou plezi. Anvan nou rive isi a, mwen te yon fanm movèz vi. Mwen te rale gason ak fanm sou mwen pou lajan yo e mwen te rele "lanmou" sa ke nou t'ap fè a. Mwen te fè avèk yo sa ke'm te vle. Mwen te detwi anpil fwaye. Nan selil sa yo, genyen anpil lesbyèn, omoseksyèl ak adiltè."

Mwen t'ap kriye nan fènwa yo: "Mwen pa pou mond sa a, mwen sove. Mwen pou Bondye. Poukisa mwen isi a?" Men pat genyen pyès repons. Alò demon yo te retounen e te ouvè pòt selil mwen an. Youn t'ap rale'm tandis ke lòt la t'ap pouse'm nan yon chemen plen ròch. Kontak demon yo te tankou yon flanm chofe sou chè mwen. Yo te britalize'm. Mwen te kriye: "O! Jezi, kote Ou ye? Silteplè, ede'm Jezi! Yon dife briyan t'ap jayi nan yon ti moman anfas mwen, li te rete jis anvan li te atenn mwen. Kounye a, mwen te gen lenpresyon ke yo t'ap rache chè kòm. Doulè ki te pi atròs ke'm pat ka imajine te travèse tout mwen menm. Mwen te soufri plis pase sa ke'm te ka sipòte. Kèlke bagay ke mwen pat wè te kòmanse dechire kòm, alò ke bann lespri mechan sanble a bann chòv sourit t'ap mòde'm tout kote. "Chè Senyè Jezi," mwen te kriye! "Kote'w ye? O silteplè, fè'm soti!"

Yo te trennen'm ak pouse'm jis nan yon vas anplasman vid, nan kè Lanfè a, epi yo te jete'm devan yon sòt otèl plen kras. Sou otèl la, yon gran liv te ouvè. Mwen te tandè yon ri dyabolik e mwen te rekonèt ke mwen te nan salte devan satan. Satan te di: "Finalman, mwen genyen'w!" Mwen te rekile, efreye, men tou swit aprè, mwen te apèsim se pat avèk mwen li te adrese li, men ak yon lòt moun ki te trouve li devan mwen. Satan te di: "A a, anfen, mwen ka detwi'w. Ann gade ki pinisyon ke ou pral jwenn." Li te ouvè liv la li kouri ak dwèt li paj yo. Non nanm sa a te site e pinisyon an te bay. "Chè Senyè," mwen te kriye, "eske se posib ke tout sa yo se reyèl?" Mwen te moun ki aprè a. Demon yo te pouse'm sou yon platfòm e te fòse'm pou'm prostène'm devan satan. Menm ri dyabolik la te jayi nan li menm. "Sa fè lontan ke'm t'ap tann ou e finalman mwen genyen'w." Li te pale trè fò avèk yon satisfaksyon sadik. "Ou te eseye echape'm, men kounye a mwen pran'w." Yon lapèrèz tankou'm pat janm konnen te sezi'm. Chè'm te dechire ankò ak yon gwo chèn te anwoule sou tout kò'm. Mwen tap gade'm tandis ke yo te antoure'm nan chèn sa a. Mwen te tankou lòt yo. Mwen te yon kò zo moun mouri e vè yo t'ap gwouye nan mwen. Yon dife te soti nan pye'm yo e te kouvri'm nèt. Mwen t'ap kriye ankò: "O Senyè Jezi, ki sa ki pase? Kote Ou ye, Jezi?"

Satan t'ap ri otan ke li te kapab e te di: "Pa gen Jezi isi a. Se mwen menm ki wa ou dezòmè. Ou pral rete isi a avèk mwen pou toujou. Ou pou mwen kounye a." Mwen te tranble nan pi wo pwen. Mwen pat kapab santi ni Bondye, ni lanmou, ni pè, ni okenn chalè moun, bann doulè atròs ak bann pèn depase tout mezi. Mwen te sipliye Jezi pou sove'm, men pat genyen pyès repons. "Mwen se senyè'w kounye a," satan te di, pandan li te leve men li pou fè yon demon vin bò kote li. Tou swit yon lespri malen trè lèd te monte platfòm nan kote'm te ye a e te pwanade'm. Li te gra, avèk figi chòv sourit ak gwo zwazo ki manje vyann te nan plas men li yo. Yon sant trè santi t'ap soti nan li. "Ki sa'm pral fè avèk li, senyè satan?" Lespri malen an te mande, tandis ke yon lòt demon, te kouvri ak pwal nèt e avèk yon tèt sangliye, te pwanade'm tou li menm. "Mennen li kote ki pi fon nan kè a, la kote soufrans yo toujou la devan je li. La li pral aprann rele'm senyè."

Yo te trennen'm pi lwen, nan yon andwa sonm, trè sonm, e jete nan kèlke bagay frèt ak imid. O kòman yo ka santi frèt ak boule an menm tan? Mwen pat konnen, men dife a t'ap boule kò mwen e vè yo t'ap gwouye sou mwen ak nan mwen. Jemisman lanmò yo te ranpli espas la. "O Senyè, poukisa mwen isi an? Bondye mwen, lèse'm mouri." Mwen t'ap kriye, mwen te dezespere. Tou swit, yon limyè te briye nan zòn kote mwen te chita a. Jezi te parèt e te pran'm nan bra Li. Nan yon ti tan mwen te retrouve mwen nan kay la lakay mwen. "Senyè'm Jezi, kote Ou te ye? Mwen te mande Li, tandis ke dlo t'ap koule sou figi'm."

Tandreman Jezi te pale e te di: "Pitit Mwen, Lanfè se yon reyalite. Men ou pa tap janm byen sèten konsa si ou menm ou pat fè eksperyans lan pou ou menm. Kounye a ou konnen laverite a e ou konnen ke se reyèlman ke moun pèdi nan Lanfè. Kounye a ou pral kapab pale de li ak lòt yo. Fòk Mwen te fè'w pase ladann pou ka konnen bagay sa yo san yon ti kal dout." Mwen te si tris ak si fatige. Mwen te lage'm nan bra Jezi. Ebyen ke Li te restore'm konplètman, mwen te vle pati lwen, trè lwen Jezi, fanmi mwen ak tout moun. Nan jou ki te swiv yo, lakay mwen, mwen te trè malad. Nanm mwen te tèribleman atriste, e doulè Lanfè yo

te toujou devan je'm. Fòk mwen te pran plizyè jou pou'm te ka konplètman retabli.

12- Fènwa deyò yo

Nwit apre nwit, Jezi ak mwen te retounen nan Lanfè a pou'm kapab redije verite tèrib sa yo. Chak fwa ke nou te pase nan kè a, mwen te sere'm trè fò avèk Jezi. Yon lapèrèz atròs te sezi'm chak fwa mwen te sonje sa ki te rive'm nan lye sa a. Mwen te konnen fòk mwen te kontinye pou sove nanm yo. Men se atravè mizerikòd Bondye sèlman ke'm te kapab retounen. Nou te rete nou devan yon group demon ki te kòmanse ap chante ak resite bann louwanj pou satan. Li te sanble yo t'ap rejwi yo anpil. "Mwen pral fè'w tande sa y'ap di yo", Jezi te di'm. "Nou pral rann nou nan kay sa a jodi a ak toumante moun ki abite ladan li yo. Nou pral jwenn plis pisans nan senyè satan si nou fè li byen" yo te di. O! Wi, nou pral provoke plis doulè, maladi ak anpil chagren ak tout moun nan kay sa a." Yo te kòmanse ap danse e ap chante bann chan dyabolik adorasyon nan satan, pandan y'ap glorifye yo nan mal. Yon demon te di: "Nou dwe fè trè atansyon ak veye nou ak moun ki kwè nan Jezi yo, donk yo gen pouvwa pou chase nou." "Wi," yon lòt te di, "o non de Jezi nou dwe jete nou rapid." Alò yon dènye move lespri te di: "Men pa ale kote sa yo ki konnen Jezi yo ak pisans Non Li."

"Anj Mwen yo," Jezi te di'm, "Veye pèp Mwen an ak move lespri sa yo, e zèv yo a pap prospere. Mwen proteje menm jan an tou anpil moun ki pa sove, byen ke yo pa konn sa. Mwen gen anpil anj ki mete yo pou estope plan dezastre satan yo. Genyen anpil demon ki nan lespas ak sou latè. Mwen te pèmèt ou pou wè kèk nan demon sa yo, men lòt moun pa kapab. Men poukisa laverite Levanjil la dwe preche a chak moun. Laverite ap libere moun yo e Mwen ap proteje yo kont malen an. Se Nan Non Mwen ki gen delivrans ak libète. Mwen gen tout pouvwa nan Syèl yo ak sou tè a; pa krenn satan, men krenn Bondye!" Alò ke nou te avanse atravè Lanfè a, nou te rive devan yon moun trè gran ak trè sonm. Li te anvlope ak fènwa e te genyen aparans yon anj. Li te kenbe kèk bagay nan men goch li. Jezi te di'm: "Andwa sa a rele fènwa ki deyò yo

Mwen te tande bann kriye ak bann manje dan. Pyès kote, jiske la, mwen pat janm wè tout bann dezespwa sa yo ke sa mwen te resanti yo nan lye sa a. Anj ki te kanpe devan nou an li pat gen zèl. Li te mezire anviwon yon dizèn mètr nan wotè ak li te konnen ekszateman sa ke li t'ap fè. Li te kenbe yon gwo sede nan men goch li e li t'ap vire lantman sou li menm, pandan li te soulve sede a tankou li t'ap prepare li pou voye'l. Te genyen yon dife nan mitan sede a ak bòdi sede a te sonm. Anj lan te plase men li sou sede a e li te rekile li pou pran plis elan. Mwen te mande'm kiyès gwo anj sa a te ye ak sa li ta pral fè. Jezi te konnpanse'm, te di'm yon lòt fwa: "Se isi fènwa deyò yo, kote ki pral genyen bann kriye ak bann manje dan." Matye 8:12.

"Senyè," mwen te di, "Ou vle di ke sèvitè Ou yo isi a?" "Wi," Jezi te di'm. "Sèvitè ki te vire do ban Mwen yo aprè ke Mwen te fin rele yo. Sèvitè ki te renmen mond lan plis pase'M e ki te retounen al benyen nan labou peche a, sèvitè ki pat vle mache nan laverite a ak senntete a. Li bon pou pat janm kòmanse ke pou ta retounen dèyè aprè pou te kòmanse sèvi'M." "Kwè Mwen", Jezi te di, "si nou peche, nou gen yon avoka bò kote Papa a, si nou repanti nou nan peche nou yo, Mwen fidèl pou lave nou nan tout inikite. Men si nou pa repanti nou, M'ap vini

nan moman kote nou pa t'ap tann e n'ap pèdi avèk enkredil yo e voye nou jete nan fènwa deyò yo."

Mwen t'ap swiv anj nwa a tandis ke li te voye gwo sede a byen lwen nan fènwa yo. "Pawòl Mwen an di byen sa ke li vle di kan li ekri: "Yo pral lage yo nan Fènwa deyò yo." Aprè, Jezi ak mwen nou te retrouve nou nan lespas t'ap swiv sede a nan lespas. Nou te aproche nou bò kote sede a pou swiv anndan li. Te genyen dife nan sant sede a e bann moun t'ap naje ladann, detanzantan yo te plonje nan vag dife. Pat genyen la ni demon, ni move lespri, men sèlman bann nanm ki t'ap boule nan yon lanmè dife. Deyò sede a, se te fènwa yo ki te pi nwa yo. Sèl limyè flanm yo ki te anndan sede a ki te klere lè a lannwit. Nan limyè sa a, mwen te wè bann nanm k'ap eseye naje jiskas ke yo rive bò kote sede a. Kèk te sou pwen pou yo soti kan yon atraksyon te soti anndan sede a te rale yo lage nan flanm yo. Mwen t'ap swiv fòm yo ki te transfome an kò zo avèk bann nanm grizat tankou bwouya. Mwen te konprann alò ke se te yon lòt pati Lanfè a.

Epi, tankou nan yon vizyon, mwen te wè bann anj ouvri yon bann so. Bann nasyon ak bann wayòm te sanble fèmnan anba so sa yo. Kan anj yo te brize so yo, bann gason ak bann fanm ak bann fi te dirije yo tou dwat nan flanm yo. Mwen te sezi nan lapèrèz, mwen te gade sèvitè Senyè a ki t'ap pase te tonbe, pandan mwen te mande'm si mwen te konnen kèk nan yo. Mwen pat rive detounen je'm nan espektak nanm sa yo ki t'ap mache tou dwat vè dife a e pyès moun pat eseye kanpe yo. Mwen te rele: "Senyè, silteplè, kanpe yo anvan ke yo rive nan dife a!" Men Jezi te reponn: "Ke moun ki zòrèy tande! Ke moun ki je wè! Pitit mwen, leve vwa'w kont peche ak mal la. Di ak sèvitè'm yo pou yo fidèl ak rele Non Senyè a. Si'M mennen'w atravè tèrib andwa sa a, se pou'w ka di yo ki sa Lanfè a ye." Jezi te kontinye: "Kèk pap kwè'w, kèk pral di ke Bondye Li trò bon pou Li voye bann gason ak bann fanm nan Lanfè. Men di ke Pawòl Mwen se vre. Di yo ke moun ki pè yo ak moun ki enkredil yo yo pral jwenn ak pa yo nan letan dife a."

13- Kòn yo

Jezi te di: "Lannwit sa a, pitit Mwen, nou pral nan diferan pati nan kè Lanfè a. Mwen vle pale'w de kòn yo ak montre'w kòman yo pral itilize yo pou trase chemen pou lespri dyabolik yo ak fòs demonyak yo jis rive sou tè a." Kòm Jezi t'ap pale, mwen te kòmanse ap wè yon vizyon. Nan vizyon an mwen te wè yon ansyen kote yo gade bèt, abandone e grizat, antoure ak anpil pye bwa mouri ak zèb wo ki mouri. Lakou ki te antoure fèmnan te kouvri ak bann bagay mouri. Pat genyen pyès vi la. Fèmnan te parèt tankou li te sitiye nan kwen jaden an e t'ap mouvman li nan direksyon sant li. Pa gen pyès batiman ou te ka wè.

Lanmò te tout kote. Mwen te konnen ke fèmnan sa a te fè pati Lanfè a, men mwen pat kapab konprann ankò sa ke mwen te wè a. Anndan, dèyè fenèt yo te genyen yon gran tristès, t'ap jayi bann gran lonbraj ki te genyen fòm moun. Te genyen kèlke bagay demonyak nan aspè yo. Youn nan fòm sa yo te deplase li nan direksyon pòt antre a e te ouvè li. Mwen t'ap swiv yon nonm trè gran ki te genyen bibit li yo ki te vrèman laj, soti nan pòt la e mache nan direksyon galeri a. Li te mezire anviwon 1.83 m e te genyen kari yon nonm k'ap bat fè. Koulè li te gri pal menm jan ak anviwon li yo. Li te pote sèlman yon pantalon grizat e pal tankou po toutouni lestomak li. Po li te sanble ak bann kal e tèt li te vrèman gwo. Donk,

tèt li te si gwo ke janm li te koube paske yo te pote yon gwo chay lou konsa. Pye li yo te genyen sabo tankou pye yon kochon. Figi'l te sevè e mechan e li te sanble li te trè vyeyi. Je li yo te pal e figi'l te trè laj.

Nan vizyon an, mwen te wè tèrib kreyati sa a ta prale pase nan vye pòtay la. Tè a te tranble kan li te deplase, ak bann kòn te soti nan mitan tèt li, bann gwo kòn ki t'ap alonje yo pi plis toujou nan direksyon an wo trè wo ke je pat ka wè, tout tan li t'ap mache, mwen te wè ke kòn yo t'ap alonje yo, toujou, trè lantman. Lòt kòn te kòmanse ap soti nan tèt li. Pi gran kòn, t'ap soti nan pi piti yo. Mwen te wè ke tèt li te tankou yon bèt, yon bèt dyabolik e pisan, plen destriksyon. Chak pa li te poze te fè tè a tranble. Jezi te di: "Gade!" Mwen te wè kòn yo t'ap trase chemen yo e abouti nan kay yo, legliz yo, lopital yo, biwo yo ak batiman yo nan tout sòt patou sou latè. Mwen te wè bèt la pale ak bann lespri mechan te vide sou latè. Mwen te wè anpil moun sedwi pa fòs demonyak sa yo ak tonbe nan pyèj satan.

Nou nan lagè, byen kont mal, mwen te panse. Mwen te tande Lespri Senyè a te di: "Nou nan lagè, byen kont mal!" Bann nyaj sonm te soti nan kòn yo e te kache anpil fòm mal ki t'ap soti e te gaye sou latè. Tout bagay sal ke Bondye deteste te la. Mwen te wè bann wayòm te leve sou latè ak bann milyon moun kòmanse ap swiv fòs demonyak sa yo. Mwen te wè ansyen kòn yo te anlve e nouvo kòn parèt nan plas yo. Mwen te tande Jezi te di: "Sa yo kòmanse rive kounye a! Bagay sa yo la, yo te la e yo pral vini. Moun yo pral renmen tèt yo o lye yo renmen Bondye. Se mal la ki pral sèvi nan dènye jou yo. Gason ak fanm pral renmen kay yo, machin yo, tè yo, batiman yo, antrepriz yo, lajan yo ak lò yo plis ke Mwen. Repanti nou!" Li te di, "donk Mwen se yon Bondye jalou. **Anyen pa ka plase anvan adorasyon ke n'ap ofri Mwen an: Ni pitit gason, ni pitit fi, ni madanm, ni mari. Donk Bondye se Lespri e yo dwe adore Li nan Lespri ak nan verite.**"

Mwen te gade ke kòn yo t'ap mouvman te yo sou sifas tè a, nan direksyon syèl yo anwo. Lòt wayòm te leve e te genyen lagè ak destriksyon tout kote sou latè. Moun ki te adore bèt la te anpil. Bèt demonyak la avèk kòn yo t'ap mache tout kote tankou li t'ap reflechi, e latè t'ap tranble anba pwa li. Kèlke minit aprè, li te retounen fèm. Bann nyaj sonm te parèt e anpil moun te mouri sou latè. Mwen te wè mond lan nan mitan yon gran tribilasyon, e mwen te kòmanse ap priye nan tout kè'm. Mwen te rele: "O Senyè, ede nou". Alò de gran bèt sou fòm lespri te monte soti anba tè a e kòmanse ap fè lagè antre yo. Mwen te konnen ke yo te soti nan Lanfè a. Yon mare moun te kanpe pou gade konba a antre de demon sa yo. Epi mwen te wè kèlke bagay monte soti anba tè a nan mitan yo. Yo te sispann lit la, e yo chak te kanpe yon kote yon gran navi. De bèt yo t'ap eseye detwi navi a, men yo pat kapab. Yo te pouse li anba tè a e antere li nan mitan yo de a. Yo te kanpe ankò fas a fas, prè pou rebran gè yo a. Mwen te tande yon vwa di: "Gade!"

Kòm mwen te gade, yon limyè te parèt sou sòl tè a la kote bato a te antere a. Bato a te reparèt alò sou sifas tè a e te vin yon gran sede. De bèt yo te kòmanse ap pran lòt fòm e te vin gran e nwa. Yon devan sede a te ouvri li, e yon reyon limyè fò te nan mach eskalye yo. Eskalye yo te desann, an ba nan tè a, e mwen te tande yon vwa di: "Nan Lanfè!" te genyen yon sansasyon mal fò nan lè a, e mwen te santi'm pèdi ak defèt pandan ke mwen t'ap gade. Yon fòs paralizant te

soti nan sede a e mwen pat ka kouri pyès kote. Mwen te santi'm pyeje, byen ke mwen te nan lespri. Jezi te sòlve piwo ak piwo ankò jiskas ke mwen te retrouve'm anwo sa ke'm te wè a. Men nan moman sa a, eskalye yo te vin yon eskalye mekanik, ki t'ap mouvman li soti anba monte anwo soti nan kè latè a. Kan mwen te akote Jezi, mwen te santi mwen an sekirite ak proteje. Mwen te tande yon vwa di: "Li soti nan Lanfè a!" Jezi te di: "Se sa'k pral fèt. Sa a ankò pral vini! Ekri pou ke tout moun konnen li!"

Nan vizyon'm nan, eskalye mekanik la te remonte bann fòs demon ak bann movè lespri mechan. De bèt yo te kanpe, yo chak sou yon kote navi a e mwen te wè ke yo te kòmanse ap chanje fòm ankò. Mwen te tande yon gran jemisman – bwi motè ki t'ap vire a ak yon gran vitès. Tèt bèt yo te vin gran ak yon limyè te kòmanse ranpli men yo. Mwen te wè de bèt yo ak bato a pandan ke tou le twa te rejwenn yo. Anpil nanm, tankou moun k'ap mache ki gen dòmi nan je yo, te antre nan youn nan bèt yo. Pandan anpil èdtan mwen t'ap swiv imaj tèrib sa a, jiskas ke finalman, youn nan bèt yo swa boure ak moun. Ke mwen t'ap koute, premye bèt la te pouse yon gran rijisman kòm si yon avyon t'ap prepare li pou li dekoule. Bèt la te resevwa pouvwa nan navi a.

Kòm li te kòmanse ap vole, li te pran ankò yon fòm moun. Pandan ke li t'ap vole, tèt li te sanble plen limyè, ak bann gran pouvwa t'ap soti nan li. Kòm li t'ap disparèt nan syèl yo, tèt li te retounen ankò yon navi. Mwen te ka toujou tande bwi premye bèt la pandan ke mwen t'ap gade dezyèm bèt la ki t'ap ranpli ak nanm. Kan li te ranpli, mwen te wè dezyèm bèt la kòmanse ale dirèkteman nan direksyon anwo tankou yon fize. Li te rejwenn lòt bèt la, e tou lè de te antre lantman nan syèl gri a. Dezyèm bèt la te pran tou menm jan an fòm yon moun. Mwen te tande rèl yo fò alò ke mwen pat kapab wè yo ankò. Mwen te mande'm sa sa te sinyifi. Mwen te wè navi a ou sede a enstale ankò sou tè a. Tè a te fèmen sou li, jiskas ke yo pa kapab wè li ankò. Kòm vizyon an te kòmanse ap kanpe, mwen te wè yon gran sal tribunal e mwen te panse ak gran tròn blan jijman an.

14- Bra dwat Lanfè a

Après premye vizyon an, Jezi avèk mwen te ale nan yon lòt pati nan Lanfè a. Jezi te di: "Bagay sa yo ke ou wè yo se pou fen tan an." Yon lòt vizyon te parèt devan mwen. Jezi te di: "Nou nan bra dwat Lanfè a." Nou te monte sou yon wotè ak yon kolin sèch. Nan tè kolin nan, mwen te gade anba e mwen te wè yon flèv donk dlo a t'ap fè toubiyon. Te gen yon pant an dife, pat genyen ni demon ni lespri mechan, sèlman gran flèv la ki t'ap koule ant riv envizib yo. Riv flèv la yo te kache pa fènwa yo. Jezi avèk mwen t'ap mache trè prè flèv la e mwen te wè ke li te plen san ak dife.

Kòm mwen t'ap gade pi prè, mwen te wè anpil nanm, anchennen anba sifas lak dife a. Nanm yo ki nan Lanfè a te nan dife Lanfè a. Mwen te wè tou ke li te sou fòm kò zo e te gen yon koulè gri nwa. "Ki sa sa ye?" Mwen te mande Senyè a. "Se nanm enkwayan yo ak bann irelijye yo. Yo te renmen tèt yo plis ke yo te renmen Bondye. Se te gason ki te renmen gason parèy yo ak fanm ki te renmen fanm parèy yo, ki pat repanti yo pou yo sove nan peche yo a. Yo te renmen vi peche yo a e te repouse Sali Mwen an."

Mwen te kanpe prè Jezi e mwen te gade nan lak dife a. Dife a te kòmanse ap jayi tankou yon gran fou, li te deplase e devore tout sa li te jwenn sou wout li. Nan yon ti tan, li te prèske ranpli bra dwat Lanfè a. Dife a t'ap aproche li tou pre pye nou yo, men li pat touche nou. Flèv la te boule sa li te jwenn sou wout li. Mwen te gade figi Jezi; Li te tris e tand. Li te toujou gen lanmou ak konpasyon pou nanm pèdi sa yo. Ou te ka wè sa pa ekspresyon Li. Mwen te kòmanse ap kriye e ap swete pou nou ka kite andwa touman sa a, donk, kontinye se te prèske ensipòtab. Mwen te gade ankò nanm yo ki te nan dife a. Yo te trè wouj, e zo yo te brile, kangrennen. Mwen te tand nanm sa yo kriye nan regrè ak nan chagren. Senyè a te di: "Sa a se touman yo. Yo mare ansanm pa long chèn. Yo te pote dezi yo sou moun ki genyen menm sèks ak yo, gason avèk gason e fanm avèk fanm, te fè sa ki kont nati. Yo te kondwi anpil jèn fi ak anpil jèn gason nan ak peche sa yo. Yo te rele'l lanmou, men nan lafen se te peche ak lanmò."

Mwen konnen ke anpil gason ak anpil fi, gason ak fanm yo te fòse yo, kont volonte yo, pou komèt yon tèl atosite. Mwen konn sa e mwen pap mete peche sa a sou kont yo. Ruple'w sa byen, Mwen konnen tout bagay ak moun ki te fè jèn moun sa yo peche ap genyen pi gran pinisyon. Mwen pral jije dwatman. Pechè yo, Mwen di, repanti'w e m'ap fè mizerikòd. Rele'M e M'ap tand! Ment fwa Mwen te rele nanm sa yo pou yo repanti yo ak pou vini jwenn Mwen. Mwen t'ap padone yo ak Mwen t'ap pirifye yo; e nan Non Mwen yo t'ap libere. Men yo pat koute Mwen. Yo te prefere konvwatiz chèn a o lye lanmou Bondye vivan an. Paske Mwen Sen, nou dwe sen. Pa touche sa ki sal e Mwen ap resevwa nou," Jezi te di. Mwen te santi mwen trè malad lòske mwen t'ap gade nanm yo nan lak dife a. "Si sèlman yo te tounen vin jwenn Mwen anvan ke li te trò ta!" Jezi te kontinye. "San Mwen te koule pou ke chak moun ka vini jwenn Mwen. Mwen te bay lavi Mwen pou ke menm pechè ki pi mal la ka viv."

Bann militid nanm te pase nan flèv flanm nan. Anwo ak anba vag dife yo, yo te pase, san okenn lòt chwa ke naje nan lak dife a. Mwen te tand bann kri regrè nan moman kote flèv ansanglante t'ap koule devan nou. Nou te aproche nan yon pis a kote rivyè a. Devan nou, yon gran fanm te chita sou yon kolin. Li t'ap balanse devan dèyè tankou li te sou. Sou li, mo sa yo te ekri "Mistè Babilòn." Mwen te konnen alò ke manman bann bagay sal yo sou tè a te soti nan Lanfè a. Yon pisans fòs demonyak t'ap soti nan li. Mwen te wè bann militid pèp ak lang li te chita sou yo. Li te genyen sèt tèt ak dis kòn. Nan li yo te trouve san profèt yo, sen yo ak tout moun yo te touye sou latè. "Soti nan mitan li e separe nou", Senyè a di. "Nan tan li. Li pral detwi."

Nou te depase fanm dyabolik la ki te genyen kòn yo sou tè li a. Tout te kòmanse ap vin fènwa. Nan moman sa a, Jezi te sèl limyè. Nou te mache jous rive nan moman kote nou rive nan yon lòt kolin. Byen lwen mwen te ka wè flanm cho yo nan lè a. Atmosfè a te vin kwense e cho. Nou te fè viwonn kolin nan e te vini devan yon gran pòt ki te genyen bann tras fann. Li te anbwate nan yon kote kolin nan. Yon gran chèn te sou pòt la ak bann flanm te fè pòt la tounen manje yo. Pòt la te fèmen ak bann gran seri egalman. Mwen te mande'm sa tout sa yo te sinyifi. Nan yon ti tan, figi yon nonm sonm te kouvri ak yon long manto sonm te parèt devan pòt la. Figi'l te sanble trè vye ak trè fatige. Po figi'l te kole trè fèm ak zo tè li. Li te sanble li te genyen mil ane. Jezi te di'm: "Dèyè pòt sa a genyen pi labim nan. Pawòl Mwen se vrè."

Flanm yo ki dèyè pòt la yo te tèlman wo ke pòt la te gonfle anba presyon chalè a. "Chè Senyè," mwen te di, "m'ap ere kan yo jete satan nan pi labim nan ak tout bagay dyabolik sa yo pral rete pou yon tan." Li te reponn: "Vini, tandè sa Lespri di ak Legliz yo. Fen an pròch e Mwen rele pechè yo pou yo repanti yo ak pou yo sove. Gade kounye a!" Nou te kanpe nan yon eklèsi e mwen avèk Senyè a nan lespri. Mwen te gade e mwen te gen yon vizyon. Nan vizyon an mwen te wè yon koulèv tèrib, kòmanse ap frape lè a avèk gwo ke li a. Mwen te gade kòman koulèv espiyèl sa a te deplase li avèk yon pouvwa enpresyonan. Epi, mwen te wè'l retounen nan bra dwat Lanfè a e ap tann. Mwen te konnen ke li pat kapab frape latè tanke Pawòl Bondye a pa fin akonpli.

Mwen te wè dife ak lafimen leve soti nan tè a ak mwen te wè yon etranj bwouya ki te fòme sou latè. Mwen te wè bann moso fènwa te parèt tout kote. Bann kòn te kòmanse ap pouse sou tèt koulèv tèrib la. Yo te gaye yo ak kouvri tout sifas latè a. Satan te bay bann lòd ak koulèv tèrib la, nan prezans lespri mechan yo ak demon yo. Alò mwen te wè koulèv dyabolik tèrib la te soti nan bra dwat Lanfè a e kòmanse ap frape latè avèk yon gran fòs, pandan l'ap fè mal ak pandan l'ap detwi anpil moun. Jezi te di: "Sa pral rive nan dènye tan yo. Monte pi wo!" Chè lektè, si nou komèt youn nan peche sa yo ke mwen dekri a, sispann peche silvouplè e mande Jezi pou souve nou. Pa ale nan Lanfè. Rele Jezi pandan ke Li prè. Li ap tandè nou e sove nou. Nenpòt moun ki rele non Senyè a ap sove.

15- Bra goch Lanfè a

Yon profesyon Jezi pou tout moun: "Bagay sa yo ki kòmanse rive yo kounye a sou latè dwe rive e talè pral tonbe sou tout tè a. Koulèv tèrib la se yon pati nan bèt la. Profesi sa yo ke nou kòmanse ap li yo yo se vre. Revelasyon yo vrè. Veye e priye. Se pou nou youn renmen lòt. Se pou nou toujou rete sen. Kenbe men nou pwòp. Mari yo, renmen madanm nou yo menm jan Kris renmen Legliz la. Mari yo ak madanm yo, se pou nou youn renmen lòt menm jan Mwen renmen nou an. Mwen dekrete maryaj la e beni li ak Pawòl Mwen. Kenbe kabann maryaj la sen. Se pou nou lave nou nan tout enjistis, se pou nou pwòp, menm jan Mwen pwòp la. Pèp sen Bondye a te detounen pa bann flatè yo. Pa tronpe nou nan sa, yo pa moke Bondye. N'ap gen entelijans si nou ouvri zòrèy nou e koute Mwen." Se mesaj Senyè a pou Legliz yo. "Fè atansyon ak fo profèt yo ki mete yo kanpe nan lye sen Mwen an e k'ap tronpe pa bann flatèri.

O latè, sen pèp Mwen an ap dòmi pandan y'ap koute fos doktrin nan. Reveye nou! Mwen di nou ke tout enjistis se peche. Lave nou nan tout peche kò a ak lespri a! Sen profèt Mwen yo te mennen lavi sen, men nou menm nou revòlte kont Mwen ak senntete'M nan. Nou atire mal sou nou. Nou peche ak nou tonbe nan sèvitid maladi ak lanmò. Nou komèt inikite e nou aji malisyezman ak nou revòlte kont Mwen. Nou elwanye nou nan presèp Mwen yo ak jijman Mwen yo. Nou pa koute pawòl sèvitè'M yo profèt yo. Kan byen menm bann malediksyon tonbe sou nou o lye de benediksyon, nou refize retounen vin jwenn Mwen ak repanti nou nan peche nou yo. Si nou retounen ak si nou repanti nou ak si nou onore Mwen avèk fwi dwati. Mwen ap beni kay nou e M'ap onore kabann maryaj nou yo. Si nou imilye nou ak rele'M, M'ap tandè nou.

Koute, nou menm minis Sent Pawòl Mwen an. Pa ansenye ak pèp Mwen an pou peche kont Bondye yo a. Sonje ke jijman an ap kòmanse nan kay Bondye a; a mwen ke nou ta repanti nou, M'ap retire nou pou peche yo ke nou te ansenye

ak pèp Mwen an. Nou kwè ke Mwen avèg e ke Mwen pa ka wè? Nou ki kenbe laverite a kaptif nan enjistis ak ranpli pòch nou yo avèk lajan ak lò bann moun pòv yo, repanti nou, mwen di nou, anvan ke li trò ta. Nan jou jijman an, nou pral rete kanpe sèl devan Mwen pou rann kont pou tout sa ke nou te fè avèk Pawòl Sent Mwen an. Si nou rele'M nan repantans, M'ap retire malediksyon nan tè nou yo ak M'ap beni nou nan yon pisans benediksyon. Si nou repanti nou ak si nou gen wont pou peche nou yo, M'ap genyen mizerikòd ak konpasyon pou nou e Mwen pap janm sonje peche nou yo ankò. Priye pou nou ka venkè! Reveye nou pou lavi e viv. Repanti nou devan pèp la ke nou te fè yo fè erè yo e ke nou te ansenye fos doktrin nan. Di yo ke nou te peche ak nou te gaye bann mouton'M yo. Repanti nou devan yo!

Gade, M'ap prepare yon lame sent pou Mwen. Yo pral fè bann pisan eksplwa pou Mwen e yo pral detwi bann wo lye nou yo. Yo se yon lame gason ak fanm sen, jèn gason ak jèn fanm. Yo te wen yo pou preche vrè Levanjil la, pou enpoze lamèn sou malad yo ak rele pechè yo pou yo repanti. Se yon lame gason k'ap travay, fanm ki nan fwaye, gason ak fanm silibatè ak ekolye. Se yon bann moun komen, donk anpil nòb pat reponn ak apèl Mwen an. Nan pase yo te mal konprann ak maltrete, abize ak rejte. Men Mwen beni yo pandan Mwen ba yo odas nan senntete ak nan lespri. Yo pral kòmanse reyalize profesyèl nan ak fè volonte'M. Mwen pral mache nan yo, Mwen pral pale nan yo ak travay nan yo. Se moun ki vin jwenn Mwen ak tout kè yo, ak tout nanm yo, ak tout lespri yo e ak tout fòs yo. Lame sa a pral reveye anpil moun pou lajistis ak pwòpte nan lespri. Mwen pral kòmanse nan yon ti tan pou mwen manifeste ak yo, pou Mwen ka chwazi pou lame Mwen an moun mwen dezire.

Mwen pral chwazi yo nan vil yo ak nan site yo. Anpil pral sezi de chwa Mwen an. Nou pral wè yo kòmanse ap pakouri mond lan an nantye ak fè bann eksplwa a koz non Mwen. Gade e wè pisans Mwen an ki an aksyon. Ankò Mwen di nou li, pa sal kabann maryaj la. Pa sal kò a nan li Sentespri a abite. Peche kò a kondwi nan peche lespri a. Kenbe kabann maryaj la sen. Mwen fè gason pou fanm e fanm pou gason e Mwen òdone ke yo de a ini nan yon sen maryaj. Ankò, Mwen di reveye nou!"

"Lame sa, donk profèt Jowèl te pale a, pral leve sou tè e pral fè bann gran zèv pou Bondye. Solèy lajistis la pral leve, e gerizon an ap anba zèl li yo. Li pral kraze mechan yo e y'ap vin tounen sann anba plat pye li yo. Yo pral yo lame Senyè a. Mwen pral ba yo bann don ak yo pral akonpli zèv pisan Mwen yo. Yo pral fè bann eksplwa pou Senyè laglwa a. Mwen pral vide Lespri'M sou tout chè e pitit gason nou yo ak pitit fi nou yo pral profetize. Lame sa a pral lite kont fòs mal yo e pral detwi yon gran pati nan travay satan an. Yo pral pran anpil moun pou Jezi Kris anvan ke jou bèt dyabolik la parèt," Senyè a te di. Jezi te di: "Vini, li lè pou nou ale kounye a." Anfen nou te kite vizyon yo ak bra goch Lanfè a. Mwen te trè kontan. Kòm nou t'ap pati, Jezi te di: "Di ak manm fanmi'w ke Mwen renmen yo e M'ap kourije yo nan lanmou. Di yo ke M'ap veye yo kont mal si yo mete konfyans yo nan Mwen."

16- Mitan Lanfè a

Jezi ak mwen te ale ankò nan Lanfè a. Jezi te di'm, "pitit Mwen, men poukisa ke'w fèt: Pou ekri ak di sa ke Mwen di'w ak sa ke Mwen montre'w. Donk bagay sa yo yo sèten. Mwen rele'w pou di mond lan a travè ou menm, ke genyen yon

Lanfè, men Mwen prevwa yon echapatwa. Mwen pap montre'w tout pati Lanfè a. E gen kèk bagay kache ke Mwen pa ka revele'w. Men Mwen pral montre'w anpil bagay. Vin wè pouvwa fènwa yo ak lafen yo."

Nou te ale ankò nan vant Lanfè a e nou te kòmanse ap mache nan direksyon yon ti ouvèti. Mwen te vire pou'm gade la kote nou te antre a e mwen te konstate ke nou te sou yon rebò, a kote yon selil nan mitan Lanfè a. Nou te rete nou devan yon selil ladann te gen yon bèl fanm. Sou tèt selil la te ekri lèt sa yo "av. J.-K." Mwen te tandè fanm nan di, "Senyè, mwen te konnen ke'W t'ap vini youn nan jou sa yo. Soti mwen la silteplè nan andwa touman sa a." Li te abiye nan vètman yon epòk byen lwen e li te trè bèl. Mwen te konnen sa. Li te isi a depi anpil syèk, men li pat ka mouri. Nanm li te nan touman. Li te kòmanse ap tire sou bawo yo e ap kriye.

Jezi te di dousman: "Silans, pe bouch ou." Li t'ap pale avèk li ak yon tristès nan vwa Li. "Fanm, ou konnen poukisa ou isi a." "Wi," li te di, "men mwen ka chanje. Mwen sonje, kan ou te fè tout lòt yo soti nan paradi a. Mwen sonje Pawòl Sali yo. Mwen pral bon kounye a," li te di pandan li t'ap kriye, "e mwen pral sèvi'W." Li te sere ba selil yo nan ti pwen li yo e kòmanse ap kriye, "Fè'm soti! Fè'm soti!" Pandan li t'ap fè sa, li te kòmanse ap chanje anba je nou an. Rad li yo te kòmanse ap boule. Chè li te tonbe e tout sa ki te rete, sete yon kò zo nwa avèk bann twou kangrennen nan plas je yo ak yon kakas vid angiz de nanm, mwen te gade avèk lapèrèz vye fanm nan te tonbe a tè a. Tout bote li te pati nan yon bat je. Mwen te sezi pou konstate ke li te isi a anvan Jezi Kris te fèt. Jezi te di'l: "Ou te konnen sou latè ki sa ki t'ap tann ou a lafen. Moyiz te ba ou lalwa e ou te tandè li. Men o lye pou obeyi avèk lwa Mwen an, ou te chwazi pou te yon enstriman nan men satan, yon divinèz e yon lougawou. Ou te menm ansenye travay lougawou a. Ou te renmen fènwa a plis pase limyè a e aksyon'w yo te mechan. Si'w te repanti'w nan tout kè'w, Papa'M t'ap padone'w. Men kounye a, se trò ta."

Avèk anpil chagren ak yon gran pitye nan kè nou, nou te elwanye nou. Pap janm gen fen nan doulè li a ak nan soufrans li yo. Li te lonje men megri li yo sou nou, alò ke nou te elwanye nou. "Pitit Mwen," Senyè a te di, "satan itilize anpil atifis pou detwi bann gason ki bon ak bann fanm ki bon. Li travay jou ak nwit, pandan l'ap eseye genyen bann moun pou sèvis li. Si nou pa chwazi pou nou sèvi Bondye, sèke nou chwazi sèvi dyab la. Chwazi lavi ak laverite n'ap libere." Aprè ke nou te fin mache sou yon kout distans, nou te rete nou devan yon lòt selil. Mwen te tandè vwa yon gason ki t'ap kriye: "Kiyès ki la a?" Mwen te mande'm poukisa li t'ap kriye. Jezi te di: "Li avèg."

Mwen te tandè yon son e mwen te vire. Devan nou se te yon gran demon avèk gwo zèl ki te parèt kase. Li te jis gade e te depase nou. Mwen te mete mwen prè Jezi. Ansanm, nou te vire gade nonm ki te pale a. Li te nan yon selil tou e te vire do ban nou – li te yon kò zo anflame avèk yon sant mò sou li. Li t'ap bat lè a pandan li t'ap pouse bann kri: "Ede mwen! O sekou, gen yon moun la a?" Tandremen, Jezi te di: "Nonm, silans! Pe bouch ou!" Nonm nan te vire e te di: "Senyè, mwen te konnen ke Ou t'ap vini pou mwen. Mwen repanti mwen kounye a. Silteplè fè'm soti. Mwen konnen ke mwen te yon moun tèrib e mwen te itilize andikap mwen an pou yon gen egoyis. Mwen konnen ke mwen te yon gason lougawou ak mwen te tronpe anpil moun pou genyen yo pou satan. Senyè, mwen repanti kounye a. Silteplè fè'm soti isi a. Jou ak nwi mwen touman nan flann

sa yo, pa gen dlo. Mwen si tèlman swaf." Li t'ap kriye, "Ou pa ban'm dlo pou'm bwè?"

Nonm nan t'ap rele Jezi toujou lòske nou t'ap elwanye nou. Mwen te bese rega'm nan tristès. Jezi te di: "Tout lougawou ak ouvriye inikite yo y'ap jwenn a pa yo nan letan dife ak souf la, se dezyèm mouri a." Nou te rive nan yon lòt selil ladann te genyen yon lòt nonm. Li te di: "Senyè, mwen te konnen ke'W t'ap vin libere'm. Mwen te repanti mwen depi lontan." Nonm sa a tou se te yon kò zo, plen ak flanm e ak vè. "O nonm, ou toujou ranpli ak mansonj e ak peche. Ou konnen ke'w te yon disip satan, yon mantè ki te tronpe anpil moun. Ou pat janm gen verite nan bouch ou e lanmò te toujou rekonpans ou. Ou te souvan tandè pawòl Mwen yo e ou te konn ap moke Sali Mwen an ak Lespri Sen Mwen an. Ou te manti pandan tout lavi'w e ou pat koute'M. Tout mantè yo ap gen pati pa yo nan letan dife a. Ou te blasfème kont Lespri Sen." Nonm nan te kòmanse ap modi e ap di anpil bagay mechan kont Senyè a. Nou te kontinye chemen nou. Nanm sa a te pèdi pou toujou nan lanfè.

Jezi te di: "Nenpòt moun ki dezire li, ka vin jwenn mwen e sila ki pèdi lavil a koz de Mwen ap retrouve li nan abondans. Men pechè yo dwe repanti yo pandan yo ankò vivan sou latè. Se trò ta pou yo repanti yo kan yo rive isi a. Anpil pechè vle sèvi Bondye ak satan, ou alò, yo kwè yo gen yon tan ilimite pou aksepte gras Bondye ofri a. Sila ki veritabman saj la ap chwazi jodi a kiyès l'ap vle sèvi." Nou te rive answit nan selil swivan an. Yon kri dezespwa ak chagren te soti anndan an. Nou te gade e nou te wè kò zo yon nonm akrokiye sou tè a. Kò li yo te nwa, kangrennen e nanm li te yon bwouya gri sal anndan. Mwen te remake ke kèk pati nan kò li te manke. Lafimen an ak flanm yo t'ap leve ozalantou li. Vè yo t'ap ronpe anndan li.

Jezi te di: "Peche nonm sa a te anpil. Li te konn touye moun e li te gen èn nan kè li. Li pat repanti li ou pat menm kwè ke Mwen te ka padone li. Si sèlman li te vin jwenn Mwen!" "Ou vle di, Senyè," mwen te mande, "ke li te panse Ou pa t'ap padone'l pou touye moun nan ak èn nan?" "Wi", Jezi te di. "Si sèlman li te kwè e te vin jwenn Mwen, Mwen t'ap padone tout peche li yo, gran kou piti. O lye de sa li te kontinye ap peche e li te mouri nan eta sa a. Se pou tèt sa li la kote li ye jodi a. Yo te ba li anpil opòtinite pou li sèvi'M ak pou li kwè nan Levanjil, men li te refize. Kounye a se trò ta."

Selil swivan an nan sa nou te rive devan li a te ranpli ak yon sant tèrib. Mwen te ka tandè patou kri mò yo ak jemisman regrè. Mwen te si tris ke mwen te prèske malad. Mwen te rezoud pou'm fè tout sa ke mwen te kapab pou pale avèk mond lan de andwa sa a. Yon fanm te di: "ede'm." Mwen te gade fiks nan yon reyèl pè je, e se pat nan boul je kangrennen yo ki te mak dife yo. Mwen si tris ke mwen te genyen frison e mwen te resanti yon tèl pitye ak yon tèl chagren pou nanm sa a. Mwen si tèlman te vle retire'l nan selil la e kouri avèk li. "Se te trè penib," li te di. "Jezi, mwen pral fè sa ki jis kounye a. Mwen te konnen'W yon fwa e Ou te sove'm." Li yo te sere bawo selil yo ak men li yo. "Poukisa Ou pa ta Sove'm kounye a." Gwo moso chè boule te tonbe soti nan li e li te rete sèlman zo yo pou sere bawo yo.

"Ou te menm geri kansè mwen," li te kontinye. "Ou te di'm ale e pa janm peche ankò pou ke yon bagay pi mal pa rive'm. Mwen te eseye, Senyè; Ou konnen ke

mwen te eseye. Mwen te menm eseye temwen'W. Men, Senyè, mwen te aprann ke moun ki t'ap preche Pawòl Ou a yo pat a la mòd. Mwen te vle moun yo renmen'm. Mwen te retounen lantman nan mond lan e dezi lachè yo te devore mwen. Diskotèk ak bòdèl yo ak bwason fò te vin pi enpòtan pou mwen ke Ou. Mwen te pèdi kontak zanmi kretyen mwen yo e nan yon ti tan mwen te trouve'm sèt fwa pi mal ke janm te ye anvan an. Ebyen ke mwen te vin mètrès anpil gason ak anpil fanm, mwen pat vle mwen pèdi. Mwen pat konnen ke satan te posede'm. Mwen te santi toujou nan kè'm, apèl Ou pou mwen repanti e pou'm sove, men mwen pat fè anyen. Mwen te kontinye ap panse ke mwen te toujou gen tan. Demen mwen pral pran chemen Jezi e L'ap padone'm e delivre'm. Men mwen te tann trò lontan e kounye a se trò ta!" Li t'ap kriye.

Je tris li yo te eklate nan flanm yo e te disparèt. Mwen te kriye e te tonbe sou Jezi. O Senyè, mwen te panse, sa te ka fasil pou se te mwen menm ou youn nan moun mwen renmen yo! Silvouplè, nou menm pechè, reveye nou anvan ke li trò ta. Nou te nan direksyon yon lòt selil. Anndan li te gen yon lòt gason sou fòm kò zo te genyen yon nanm gri sal anndan kò zo a. Bann kri yon doulè tèrib ak regrè te soti nan nonm sa a, e mwen te konnen ke mwen pral mal pou bliye yo. Jezi te di: Pitit Mwen, kèlke nan moun k'ap li liv sa a pral konpare li ak yon istwa envante ou ak yon fim ke yo te wè. Yo pral di sa se pa vrè. Men ou konnen ke bagay sa yo se vrè. Ou konnen ke Lanfè se reyèl, donk mwen te mennen'w isi a anpil fwa pa Lespri Mwen. Mwen te revele'w laverite pou ke ou ka temwen li."

Pou nou, moun pèdi yo, si nou pa repanti nou ak si nou pa fè yo batize nou e pa kwè nan Levanjil Jezi Kris la, se pral fen nou tout bon. "Nonm sa a li isi a," Senyè a te di, "a koz de rebelyon li. Peche rebelyon an sanble ak peche lougawou, moun k'ap sèvi satan. Donk, tout moun ki konnen Pawòl Mwen ak chemen Mwen yo e ki te tandè Levanjil, men ki pa repanti yo, yo toujou nan rebelyon kont Mwen. Anpil yo nan Lanfè a jodi a a koz peche sa a." Nonm nan te pale ak Jezi e te di: "Mwen te panse pou mwen te fè Ou Senyè lavi'm yon fwa, men mwen pat vle mache nan chemen dwat e etwat Ou a. Mwen te vle wout laj la. Li te tèmman pi fasil pou te sèvi peche a. Mwen pat kwè mwen te dwe jis. Mwen te renmen wout pechès la. Mwen te dezire bwè anpil bwason fò ak fè bagay mond lan pi to pou obeyi ak lòd Ou yo. Mwen te dwe koute moun Ou te voye pou mwen yo. O lye de sa mwen te aji mal e mwen pat repanti."

Bann gwo doulè te fè kò li tranble kòm li t'ap pouse bann kri regrè. "Pandan anpil ane mwen te toumante nan andwa sa a. Mwen konnen kiyès mwen ye e mwen konnen ke mwen pap janm soti. Mwen toumante jou ak nwit nan flanm sa yo e pa vè sa yo. Mwen kriye, men pèsonn pa vin ede'm. Pyès moun pa sousye yo de nanm mwen isi a – pyès moun pa sousye yo de nanm mwen." Li te blonje an tikal nan tè a e te kontinye ap kriye. Nou te mache nan direksyon yin lòt selil. Yon fanm te chita, t'ap retire vè sou zo li yo. Li te kòmanse ap kriye kan li te wè Jezi. "Ede'm Senyè," li te di, "Mwen pral bon. Fè'm soti silteplè." Li te leve li e te sere bawo selil la. Mwen te resanti yon gran pitye pou li. Kòm li t'ap kriye, soufrans yo t'ap fè kò li tranble.

Li te di: "Senyè, kan mwen te sou latè, mwen te adore bondye endou yo ak anpil idòl. Mwen pat kwè nan Levanjil ke misyonè yo te preche mwen an, byen ke mwen te tandè li plizyè fwa. Yon jou mwen te mouri. Mwen rele bondye mwen yo pou sove'm nan Lanfè a, men yo pat kapab. Kounye a, Senyè, mwen ta vle

repanti mwen." "Se trò ta" Jezi te di. Flanm yo te kouvri li pandan ke nou t'ap elwanye nou; rèl li yo toujou ranpli nanm mwen, menm kounye a. Satan te tronpe li. Avèk tristès nan vwa li Jezi te di: "Vini, n'ap retounen demen. Li lè pou nou ale kounye a."

17- Machwa Lanfè yo

Lan nwit swivan an, Jezi ak mwen te antre nan machwa Lanfè yo. Jezi te di: "Nou pral fini nan yon ti tan vizit Lanfè a. Mwen pap montre'w tout Lanfè a. Men sa ke Mwen montre'w yo, Mwen vle ke ou di mond lan yo. Di yo ke Lanfè a se reyèl, di yo ke rapò sa a se reyèl." Nou te rete nou sou yon kolin ki te kouvri yon ti vale. Byen ke mwen te kapab wè, te genyen pil nanm pil sou pil tout sou kote pant kolin nan. Mwen te ka tandè bann kriye yo. Bann gran bwi te ranpli lye a. Jezi te di: "Pitit Mwen, se isi a machwa Lanfè yo ye. Chak bouch Lanfè a te ouvri, w'ap tandè gran bwi sa a." Nanm yo t'ap eseye pou yo soti, men yo pat kapab, paske yo te fèmen nan kote Lanfè yo.

Kòm Jezi t'ap pale, mwen te wè plizye fòm sonm tonbe devan nou e ateri avèk yon bwi kache anba kolin nan. Demon yo t'ap trennen bann nanm byen avèk bann chèn. Jezi te di: "Mwen renmen'w pitit Mwen e Mwen vle ke ou pale de Lanfè a ak moun ki sou la tè yo." Mwen te gade nan fondè nan direksyon anba, nan machwa Lanfè yo pa yon ti ouvèti sou kote machwa Lanfè yo. Bann kri doulè ak touman t'ap monte soti la. Ki lè sa ap pran fen? Mwen te mande mwen. Mwen ap si tèlman ere lè ma repoze'm nan tout bagay sa yo. E nan yon ti tan, mwen te santi'm konplètman pèdi. Mwen pa ka di kòmman mwen te konnen sa, men mwen te konnen nan tout kè'm ke Jezi te pati. Mwen te santi'm trè tris. Mwen te vire mwen sou kote Li te ye a. Pou sèten, ke Li pat la menm. "O non!" Mwen t'ap kriye, "pa yon lòt fwa ankò! Jezi, kote Ou ye?"

Sa ke nou kòmanse ap li a pral fè nou pè. Mwen priye pou sa ka fè nou sifizamman pè pou nou ka aksepte Jezi. Mwen priye pou nou repanti nou nan peche nou yo pou nou pa ale nan andwa tèrib sa a. Mwen priye pou nou ka kwè mwen, donk mwen pa vle pou sa rive ak yon lòt moun. Mwen renmen nou e mwen espere ke n'ap reveye nou anvan ke sa va trò ta. Si'w se yon kretyen e w'ap li sa a, rasire ke'w sove. Se pou prè pou rankontre Senyè a a nenpòt moman, donk kèk fwa pa gen tan menm ankò pou repanti. Kenbe limye'w limen ak lanp ou plen lwil. Se pou'w prè, donk ou pa konnen ki lè Li ap vini. Si'w poko fèt yon lòt fwa, li Jan 3:16-19 e rele Senyè a. Li ap sove'w nan lye touman sa a.

Tandis ke mwen t'ap kriye pandan'm t'ap chache Jezi, mwen t'ap kouri pandan'm t'ap desann nan direksyon anba kolin nan. Yon gran demon te kanpe'm ki te gen yon chèn. Li te kòmanse ap ri e ap di: "Ou pa ka kouri pyès kote, fanm. Jezi pa isi a pou sove'w. Ou nan Lanfè pou toujou." "O! Non" mwen te kriye. "Lese'm soti! Mwen te konbat li ak tout fòs mwen, men trè vit mwen te anchennen e frape a tè. Tandis ke mwen te kouche la, yon bagay etranj te kòmanse ap kole ak kò mwen avèk yon sant tèrib ke mwen te santi'm mal. Mwen te santi alò chè'm ak po'm kòmanse ap detache nan zo'm. Mwen te jemi e jemi ankò, efreye. "O Jezi!" Mwen te kriye. "Kote'w ye? Mwen te gade mwen e mwen te wè bann trou te kòmanse sou sa ki te rete nan chè mwen. Mwen t'ap pran progresivman yon koulè gri sal, e chè gri te soti tonbe nan mwen. Te genyen bann trou nan kote'm yo, nan janm mwen yo, nan men mwen yo ak nan bra mwen yo. Mwen

t'ap pouse bann rèl: "O, non! Mwen nan Lanfè pou toujou! O, non!" Mwen te kòmanse santi vè nan mwen. E pandan'm t'ap gade, mwen te konstate ke tout zo'm t'ap gwouye nan vè. Kan byen menm, mwen pat kapab wè yo, mwen te konnen ke yo te la. Mwen t'ap eseye retire yo, men plizyè lòt te rebran plas lòt yo byen vit. Mwen te ka santi tout bon vre dekonpozisyon kò'm.

Wi, mwen te byen konsyan e te kapab sonje ekszat sa ki te pase sou latè. Mwen te kapab wè, santi, tandè ak santi tout touman Lanfè yo. Mwen te kapab wè anndan mwen. Mwen jis yon fòm kò zo sal, poutan mwen te ka santi tout sa ki t'ap rive mwen. Mwen te wè lòt tankou mwen. Te genyen nanm tout o tan ke mwen te kapab wè. Mwen te pouse kri nan gran doulè, "O Jezi! Ede'm silteplè, Jezi." Mwen te vle mouri, men mwen pat kapab. Mwen te santi dife a relimen nan janm mwen yo. Mwen te kriye: "Kote Ou ye, Jezi?" Mwen te woule a tè e t'ap kriye ak tout lòt yo. Nou te poze nan machwa Lanfè a an ti pil, tankou bann fatra jete. Yon sant ensipòtab t'ap antre nanm nou. Mwen te kontinye ap kriye: "Kote ou ye Jezi? Kote Ou ye?"

Mwen te mande mwen si se te jis yon rèv. Mwen ta reveye mwen? Mwen te vrèman nan Lanfè? Mwen te komèt yon gran peche kont Bondye e mwen te pèdi Sali'm? Ki sa ki te rive? Eske mwen peche kont Sentespri? Mwen t'ap repase nan tèt mwen tout ansèyman Bib la ke mwen te toujou tandè. Mwen te konnen ke fanmi'm te kèlke pa sou tèt mwen. Avèk lapèrèz, mwen te reyalize ke mwen te nan Lanfè tankou tout lòt nanm yo ke mwen te wè yo e avèk sila mwen te pale yo. Mwen te santi'm si etranj pou mwen te wè mwen ka gade atravè kò mwen. Vè yo te kòmanse ap wonpe sou mwen. Mwen te ka santi yo ap wonpe. Mwen te kriye nan krent ak nan doulè.

Jis aprè yon demon te di: "Jezi'w la lèse'w tonbe, pa vre? E byen, ou se propriyete satan kounye a!" Li te fè yon ri mechan nan moman kote li t'ap ramase'm nan e te plase'm sou yon bagay wo. Mwen te dekouvri tou swit ke mwen te sou do yon espès bèt mouri-vivan. Bèt la, tankou mwen, te yon vye koulè gri plen salte ak chè mouri ki t'ap pouri. Yon tèrib sant santi te ranpli espas sal la. Bèt la te pote'm anwo, sou yon rebò. Mwen te panse, o Senyè kote Ou ye? Nou te depase anpil nanm ki t'ap kriye pou yo sove. Mwen te tandè gran bwi ouvèti machwa Lanfè a ak anpil nanm te tonbe a kote'm nan. Men mwen te atache dèyè do'm. Doulè a pat tout tan la: Li te vini sibitman e repati sibitman. Mwen te kriye chak fwa ke doulè yo te vini e mwen t'ap tann nan lapèrèz ke yo kalme yo.

Mwen te panse: kòman'm pral soti? Ki sa ki genyen devan'm? Èske se lafen? Ki sa'm fè pou'm merite Lanfè? "O Senyè, kote Ou ye?" Mwen te kriye nan doulè a. Mwen te rele, men pat genyen pyès dlo ki te koule nan je'm, kò'm te sèlman ap sekwe ak gwo soufrans sèk. Bèt la te rete li devan yon bagay. Mwen te gade an wo e mwen te wè yon bèl pyès plen ak bann richès ekstravagan ak bann bijou briyan. Nan mitan pyès sa a se yon bèl fanm ki te abiye ak yon rad rèn. Nan dezespwa mwen, mwen te mande'm sa sa a te ye. Mwen te di: "Fanm ede'm silvouplè." Li te aproche e te krache nan figi'm. Li te modi'm ak te di'm bann bagay repinyan. "O Senyè, ki sa ki pral rive?" Mwen te kriye. Li te fè yon ri mechan. Anba je'm yo fanm nan te chanje an gason, an chat, an cheval, an koulèv, an rat ... Kèlke swa a sa li ta swete pou li ye a, li te sa. Li te genyen yon gran pouvwa dyabolik. Nan lè pyès la ke fanm nan te ye a, te ekri "rèn satan."

Animal la te repati pou sa ki ta sanble se bann lè epi li te rete li. Avèk yon sekous, mwen te tonbe a tè soti sou bèt la. Mwen te leve je'm e mwen te wè yon lame kavalye t'ap vini nan direksyon mwen. Yo te fòse'm pou'm mete mwen sou kote pandan ke yo t'ap pase. Yo te kò zo tou avèk koulè gri sal lanmò. Aprè ke yo te pase, yo te leve'm a tè a e enstale'm nan yon selil. Kòm kèk moun t'ap fèmen pòt la, mwen te gade avèk lapèrèz selil la e mwen te kriye. Mwen te priye, men san espwa. Mwen te rele e mwen te repanti bann milye fwa pou peche'm yo. Wi, mwen te panse avèk anpil bagay ke'm te ka fè pou kondwi lòt moun a Kris ak ede moun yo kan yo te bezwen mwen. Mwen te repanti bann bagay mwen te fè ak bann bagay ke mwen te lèse ki pat fèt yo.

"O Senyè, sove'm," mwen te rele. Chak fwa mwen te kriye bay Bondye pou ede'm. Mwen pat ka wè Li ou santi Li. Mwen te nan Lanfè tankou tout moun mwen te wè yo. Mwen te tonbe a tè nan doulè e mwen te rele. Mwen te santi ke mwen te pèdi pou toujou. Bann lè t'ap pase e trè souvan, gran bwi a t'ap fè tandè li ankò ak lòt nanm t'ap tonbe nan Lanfè a. Mwen te kontinye ap kriye, "Jezi, kote Ou ye?" Pyès repons pat vini. Vè yo te kòmanse ankò ap wonpe anndan mwen. Mwen te ka santi yo anndan mwen. Lanmò te tout kote. Mwen pat gen pyès chè, pyès ògàn, mwen pat gen san, pyès kò ak pyès espwa. Mwen te kontinye ap voye vè jete deyò kò zo mwen an. Mwen te konnen tout sa ki te pase ak mwen te vle mouri e mwen pat kapab. Nanm mwen ap vivan pou toujou. Mwen te kòmanse ap chante lavi ak pisans nan san Jezi a, kiyès ki kapab sove nan peche. Kan mwen te fini'l, bann gran demon ki te kenbe bann lans te vini e te di: "Sispann ak sa!" Yo te pwanyade'm avèk lans yo e mwen te santi bann ekla dife lòske pwent yo te penetre nan mwen. Ankò e ankò yo te pwanyade'm. Yo t'ap repete bann slogan, "satan se bondye isit la. Nou deteste Jezi ak tout sa Li reprezante."

Kòm mwen pat sispann chante, yo te pran'm anndan selil la e te trennen'm rive nan gran ouvèti a. "Si'w pa rete trankil", yo te di, "siplis ou yo pral ogmante." Mwen te sispann chante e a lafen, yo te retounen'm nan selil la. Mwen te sonje yon vèsè nan Bib la konsènan anj dechi yo ki te nan chèn yo pou jiska dènye jijman an. Mwen te mande mwen si se te jijman mwen. "Senyè, sove moun ki sou latè yo," mwen te di. "Reveye yo anvan ke li va trò ta." Anpil pasaj nan ekriti yo te vin nan lespri'm, men mwen te krenn demon yo e mwen pat resite yo. Jemisman yo ak kri yo te ranpli espas sal la. Yon sourit t'ap wonpe tou pre'm nan. Mwen te fè'l retounen ak kout pye. Mwen te panse ak mari'm e ak timoun mwen yo. "O Bondye, pa pèmèt yo vini isi a," mwen te di, donk mwen te konnen mwen te nan Lanfè. Bondye pat ka tandè'M. Zòrèy tou pisan an fèmen pou kri moun ki nan Lanfè yo, mwen te panse. Si sèlman yon moun t'ap koute!

Yon gran sourit te monte sou janm mwen e te mòde'm. Mwen te kriye e retire'l. Mwen te genyen yon gran doulè. Mwen pat konn kote yon dife te soti e te kòmanse ap boule lantman nan direksyon'm. Bann segond, bann minit, bann èd tan te pase. Mwen te yon pechè, ki vin nan Lanfè. "O mò, vini silteplè, mwen te rele. Kri'm te sanble ranpli totalite machwa Lanfè a. Lòt nanm pèdi pou toujou, san pyès sekou, te mete yo a Kri'm yo. Mwen te vle mouri, men mwen pat kapab. Mwen te tonbe a tè tankou yon ti pil, pandan'm t'ap santi tout touman sa yo. Mwen te tandè machwa yo te ouvè ankò, e ankò plis nanm te antre. Dife yo t'ap boule'm kounye a, e yon nouvell doulè te vini. Mwen te konsyan de tout bagay

sa yo. Lespri'm te trè file ak trè pwenti. Mwen te konn tout bagay sa yo ak mwen te konnen kan nanm yo mouri sou latè e yo pa sove nan peche yo a, yo vini isi a. "O Bondye'm, sove'm," mwen te rele, "Sove nou tout silteplè."

Mwen te sonje lavi'm antye ak tout moun ki te pale mwen de Jezi. Mwen te sonje'm konn priye pou malad yo e kòman Jezi te geri yo. Mwen te sonje ak pawòl lanmou Li yo ak rekonfò ak fidelite Li. Si sèlman mwen te ou yon ti kras tankou Jezi, mwen pa t'ap isi a, mwen te panse. Mwen te panse ak tout bon bagay ke Bondye te ban mwen, kòman Li te ban mwen yon bon lè pou respire, bann aliman, pitit, yon kay ak bann bon bagay pou apresye. Men, si Li se yon bon Bondye alò poukisa mwen isi a? Mwen pat genyen okenn fòs pou leve mwen men nanm mwen te kontinye ap kriye: "Soti'm isi a."

Mwen te konnen ke lavi te kontinye an wo sou tèt mwen e kèk kote zanmi'm yo ak fanmi'm t'ap mennen vi yo nòmalman. Mwen te konnen te genyen bann ri, lanmou ak bonte kèlke kote an wo a. Men, menm sa te kòmanse ap etèn nan doulè tèrib mwen an. Yon demi fènwa ak yon bwouya sal e sonm te ranpli pati Lanfè sa a. Yon limyè jòn sonm te tout kote ak sant santi chè pouri ak koripsyon te ensipòtab. Minit yo te sanble se lè e lè yo te vin tankou letènite. O kan sa va sispann li? Mwen pat gen somèy, pat gen repo, pat gen mange ak dlo. Mwen te grangou anpil ak swaf anpil ke'm pat janm genyen pandan tou vi'm, menm nan sovni'm yo mwen pat genyen yo. Mwen te fatigue anpil e trè asoupi, men doulè a te kontinye san rete. Chak fwa ke machwa yo te ouvri yo, yon lòt kagezon moun an pèdisyon te tonbe nan Lanfè a. Mwen te mande mwen si yon moun ke mwen te konnen te pami yo. Y'ap mennen mari'm isi a?

Bann lè t'ap pase depi ke mwen te rive nan machwa Lanfè yo. Men alò mwen te remake yon limyè te kòmanse ranpli pyès la. Menm moman an dife a te sispann, sourit la te kouri e doulè a te kite kòm. Mwen te chache kote pou'm te kouri, men pat genyen pyès kote la. Mwen te mande mwen sa ki ta pral rive. Mwen te gade pa fenèt Lanfè a, pandan mwen t'ap panse se kèk bagay ki fè pè. E alò Lanfè a te kòmanse ap tranble e dife boule a te retounen ankò. Koulèv yo, sourit yo, vè yo, doulè ensipòtab la te ranpli nanm mwen e touman yo te rekòmanse. "O Bondye, lèse'm mouri," mwen te di pandan ke mwen te kòmanse ap frape a tè a nan selil mwen an avèk men zo mwen yo. Mwen te rele mwen te kriye, men pyès moun pat sousye de mwen.

Nan yon ti moman, yo te retire'm nan selil la avèk yon fòs envizib. Kan mwen te reprann konsyans, Senyè avèk mwen te kanpe a kote kay mwen an. Mwen te pouse bann rèl, "men Senyè, poukisa?" E mwen te tonbe nan pye Li yo avèk dezespwa. Jezi te di: "Lapè avèk ou, kalme'w." Imedyatman mwen te anpè. Li te soulve'm tandreman e mwen te dòmi nan bra Li yo. Kan mwen te reveye nan jou swivan an, mwen te trè malad. Pandan bann jou mwen te reviv soufrans Lanfè yo ak touman li yo. Pandan lan nwit la mwen reveye pandan mwen t'ap kriye pandan mwen t'ap di genyen bann vè ki t'ap wonpe nan mwen. Mwen te si pè Lanfè a. Mwen ta vle sètifye nou, yon fwa ankò, ke bagay sa yo ke nou li yo yo vrè. Lanfè se veritableman yon lye touman ak flanm. Men mwen ta vle di nou tou ke Syèl la se yon reyalite tou e li kapab demè nou pou letènite. **[Fen Temwanyaj la]**

18- Apèl pou Repantans

Chè frè, chè zanmi ak nou tout k'ap li mwen, pèmèt mwen fè nou yon konfidans: Se yon privilèj espesyal ke nou menm avèk mwen, pou dekouvri sa Lanfè a ye, pandan ke nou ankò an vi, e pandan ke nou ka kouri pou li. A efè sa a mwen ta vle di tout rekonesans mwen nan Senyè Jezi Kris! Kòm nou te li li nan temwanyaj sa a, Lanfè a eksziste, Lanfè a reyèl. Mary Baxter te vizite'l pou nou. Senyè a te ba li bann deskripsyon ase detaye de Lanfè a. Byen ke pandan'm t'ap li temwanyaj sa a mwen gen deja konviksyon ke li te vrè, Senyè a chwazi beni'm ankò avèk yon revelasyon ki davantaj ranfòse jwa'm ak louwanj mwen a Bondye. Mwen pa pral kenbe revelasyon sa a pou mwen sèl.

Chè frè ak chè zanmi, pou nou ki te li ou swiv ansèyman'm yo sou Riz satan an ak Konba Espirityèl la, nou pral konprann pi byen sa ke mwen pral eksplike a. Plizyè fwa mwen te fòse'm pou eksplike nou kòman satan ak ajan li yo manipile mond lan, e kòman tout bagay ou prèske tout bagay nan mond sa a se yon pyèj pou moun. Se pou sa ke Bondye mande nou pou nou veye nou ak mond lan, kòm pasaj Bib sa a ateste sa: **"¹⁵Pa renmen mond lan menm, ni bagay ki nan mond yo. Si yon moun renmen mond lan, lanmou Papa a pap nan li menm; ¹⁶donk tout sa ki nan mond lan, konvwatiz kò a, konvwatiz je yo, ak ògèy lavi a, pa soti nan Papa a, men soti nan mond lan. ¹⁷E mond lan ap pase, e konvwatiz li tou; men sila ki fè volonte Bondye ap demere etènèlman."** 1Jan 2:15-17.

Nan ansèyman sou Konba Espirityèl la, mwen te atire atansyon nou sou pyèj ki genyen lefèt ke'w vle konfòme'w ak mond lan, ak vle viv menm jan ak mond lan. Mwen te pale nou de pòt ouvè bay satan, pandan'm te site kèk nan tout swadizan bèl tablo ki koute bann milyon ak bann santèn milyon, e ke monden yo, ak kèk swadizan kretyen, y'ap bouskile lòt pou achte. Pandan'm t'ap pale de Riz satan an, mwen te di nou ke **tout** sa satan mete a dispozisyon moun yo, se yon pyèj pou sila sa yo. Satan pap **janm** fè nou yon kado. Mwen te di nou tou ke satan, ki konnen jiska kèl pwen mond lan inyoran, li pèmèt li pa fwa fè kèlke "revelasyon" a moun yo, pandan ke li sèten ke pyès pap apèsi sa.

Se ka tout sirèn nan dlo ki pa jennen menm ankò pou prezante yo devan moun kòm sirèn. Men sa pa di anyen ankò menm a pyès moun. Malgre pwòp deklarasyon yo, moun yo pran yo jis pou bann vedèt ou ankò bann selebrite, kòm yo renmen rele yo konsa. Se menm jan an tou pou ka chantè Rock and Roll sa yo k'ap chante Lanfè, k'ap vante Lanfè, e envite moun yo pou swiv yo nan Lanfè. Moun yo swiv yo nan Lanfè a. Yo achte mizik yo, koute yo pandan anpil tan, fredone, chante ak danse nan rit mizik sa yo. Yo pa rate okenn nan konsè yo e peye bann fòtin, sakrifye tan yo ak somèy yo pou asiste yo. Se menm jan an pou ka swadizan bèl tablo, ak lòt ti objè nan yo menm satan chwazi pou li ekspoze li, ak ekspoze bann mekan plan li genyen kont limanite, san enkrete li, piske li konnen degre inyorans moun. Se de youn nan swadizan bèl tablo enspire sa yo, ke mwen pral pale nou kounye a.

Pandan ke mwen t'ap travay sou ansèyman sa a sou Lanfè a, Senyè a te revele'm ke fòm Lanfè a menm jan ke Li te chwazi revele'l a Mary Baxter, te deja revele ak limanite genyen prèske sis syèk, pa yon ajan Lanfè e fidèl sèvitè satan. Donk, 15 avril 1452 te fèt a Vinci an Itali, redoutab Leonard de Vinci. Jeni sa a ki, san

yon edikasyon fòmèl, li te a la fwa atis, syantifik, matematisyen, ingenyè, envantè, anatomis, pent, eskiltè, achitèk, ibanis, botanik, mizisyen, powèt, filozòf ak ekriven, se enstriman ke dyab la te chwazi vè 1492 pou revele ekszitans ak fòm Lanfè bay limanite. Demon sa a ki te mouri a Amboise nan Lafrans 2 me 1519, se li menm ki pou premye fwa, te revele nan yon tablo ki reste trè selèb, fòm Lanfè a ak limanite. Tablo sa a rele "Homme de Vitruve", lwen pou se yon senp revelasyon Lanfè ak moun yo, se te tou yon bagay ki pou te fè ke tout moun ki te fè li yon bagay ònman pèdi ak bann degre maji ak pawòl madichon. Tout moun ki achte ou ki kenbe lakay yo yon tablo konsa, kan byen menm yo ta inyore sa ki cache dèyè tablo a, yo mare pa demon Lanfè yo, e yo pap echape Lanfè a, sof si yo aksepte Senyè Jezi Kris, ak aksepte pou yo Debarase yo de eritaj satanik sa a.

E se menm pawòl madichon Lanfè sa a, ke lòt demon yo k'ap dirije mond sa a, te fenk sot eksplwate pou te fè efiji pyès Ero italyen an. N'ap trouve imaj sa a tou sou kat asirans maladi an Almay, e sètènman sou lòt objè ke yo efòse yo pou rann endispansab pou moun yo sou tè a. Mwen chwazi mete kèk nan imaj sa yo a dispozisyon nou. N'ap jwenn yo nan fen liv sa a. Nou pral konprann donk trè byen kounye a, ke vrè desidè mond sa a, yo se ajan satan, ki vini espesyalman fè volonte mèt yo satan, e ki konnen trè byen sa ke y'ap fè yo, kontrèman a se ke nou toujou panse. Si nou kontinye swiv yo, nou lib. An tou ka, nou konnen kounye a ke Lanfè a li eksziste. A nou menm pou chwazi!

Kan nou te kòmanse ap atire atansyon moun yo sou riz satan yo, ak bann bagay ak degre maji ak pawòl madichon ki fèt sou diferan objè ke nou genyen nan mond sa a, genyen kèk moun tèt di ki te trouve ke yo te wè demon tout kote. Li tan ke pou mwen raple nou ankò yon lòt fwa deplis, ke demon yo yo bèl e byen tout kote. Ale kounye a gade pyès 1 Ero italyen, ak lòt pyès monnen lòt peyi yo nan zòn Ero a. Nou pral wè ke chak peyi chwazi fòm abominasyon pa li pou mete sou monnen li. Gade pyès yo ak biyè bank nenpòt kèl lòt peyi nan mond sa a. Nou pral apèsi ke imaj ki sou yo a pa inosan ditou. Demon sa yo konnen trè byen sa ke y'ap fè yo, e yo konnen trè byen kiyès y'ap sèvi. Donk pa fye ajan Lanfè yo ki tante konvenk nou ke demon sou fòm moun yo pa eksziste. Yo pa inyoran, yo jis ap chache kouvri yo, ak kouvri frè demon parèy yo. Demon sou fòm moun yo eksziste, Bondye ban nou anpil prèv konsa nan pawòl Li, ak nan tout sa k'ap pase ozalantou nou. Si nou kontinye fè tèt nou di, nou pral peye yon pri etènèl. **Lanfè reyèl, e li etènèl.**

Mwen repete'l ankò, pa imite ajan satan yo k'ap tante demontre nou demon sou fòm moun yo pa eksziste. Se bann sèvitè satan, ki kontinye kwè ke pandan y'ap detounen anpil moun sou chemen Bondye a, satan pral akòde yo yon gran rekonpans. Yo inyore ke chatiman pa yo a ap pi mal. Sitou pa imite yo, e pa swiv yo. Si nou swiv yo, n'ap regrèt li pou letènite. Konnen ankò trè byen ke Lanfè a eksziste, ak ajan Lanfè yo, ki se bann demon sou fòm moun sou la tè yo, eksziste. Senyè a te deja avèti nou. Ansèyman sou Disèneman an li plis ke vrè. Si avèk tout konesans sa yo ak revelasyon sa yo nou chwazi fè tèt nou di, n'ap peye pri a. Senyè a fè travay Li pandan Li revele nou pawòl Li, e mwen sèvitè Li, mwen fè pa'm nan, pandan'm mete a dispozisyon nou tout sa ke mwen resevwa nan men Li. A pati kounye a, san nou ap retonbe sou tèt nou! Mwen pwòp nan sa.

Pou nou menm madan marye, si nou genyen mari ajan Lanfè, pa swiv li. E pou nou menm gason marye yo, si nou gen madanm ajan Lanfè, pa swiv yo. Nan Lanfè a pap genyen ankò relasyon mari ak madanm. Pou nou menm paran yo, si nou genyen pitit ajan Lanfè, pa swiv yo. E pou nou menm timoun yo, si nou genyen paran ajan Lanfè, pa swiv yo. Nan Lanfè a pap genyen fanmi ankò. Pou nou menm anplwaye yo, si nou genyen patron ajan Lanfè, pa swiv yo. E pou nou menm domestik yo ak lòt moun k'ap travay nan kay yo, si nou genyen mèt ou metrès ajan Lanfè, pa swiv yo. Nan Lanfè a pap genyen relasyon patron ak anplwaye menm ankò. Touman ki lòt bò a li tèlman atròs kote ke pyès moun pap okipe yo de lòt moun. Pran pozisyon pou Senyè Jezi Kris kounye a, anvan ke li trò ta. **Lanfè a reyèl, e li etènèl.**

Pou nou menm jèn ki lanse nou nan sa nou rele Rock, Rap ou Hip Hop kretyen pou "Evanjelizasyon", konnen ke nou nan kòd satan. Kèk pami nou ka perèt inyoran, men inyorans nou an pa pral yon ekskiz pou nou. Se devwa'm pou raple nou ke yo pa pase pa bann metòd satanik pou "genyen" nanm pou Kris. Kris pa bezwen tout metòd ki gen anpwent Lanfè sa yo. Li jis bezwen ke nou pale de Li natirèlman ak moun yo, e Lespri Sen Li ap fè rès la. Kouri antre nan mizik satanik la ak nan bann abiman sanzave sou pretèks nou vle fè pase mesaj Sali a, se yon vrè sediksyon. Soti nou nan foli sa a rapidman. Si nou rete ladan yo, nou pral pase letènite nou nan dife Lanfè a ap danse e ap "evanjelize". Nou menm ki pretann n'ap evanjelize lòt yo, nou poko resevwa Jezi. Donk si nou te resevwa Li, Sentespri Li t'ap deja raple nou ke se pa nan ni teni sanzave vwayou, avèk zanno nan zòrèy, bann chèn, bann gwo bag ak lòt bijou, avèk bann cheve long e ou trese, ni nan mizik satanik, ke nou dwe chache genyen moun yo pou Kris. Aksepte Jezi Kris Kounye a, fè yo batize nou nan plonje nan dlo, e renonse ak foli a.

Pou nou lòt swadizan kretyen k'ap sedwi nou pandan nou pretann ke pandan n'ap jwe nan bann gwoup mizik nou ka "evanjelize", prete zòrèy a dènye avetisman Senyè a. Sa ke nou rele opera kretyen, ou balè kretyen, ou nenpòt kèl lòt gwoup divètisman monden ke nou fè rele yo gwoup kretyen nan bi pou jistifye nou, se yon vrè sediksyon e trè senp. Konnen ke sediksyon diferan ak Evanjelizasyon an, e Evanjelizasyon an pa bezwen sediksyon an. Evanjelize, se pale de Sali a nan Jezi Kris ak moun ki pa ko genyen Li ankò, avèk èd pawòl Bondye a ak Sentespri a, san nou pa bezwen kouri nan metòd sediksyon yo, ki pa lòt ke bann metòd Lanfè. Si nou pa repanti nou, n'ap pase letènite nou nan Lanfè a ap chante opera, ou ap danse balè, e "evanjelizasyon nou an pral kontinye nan touman ki pap janm fini. E pou nou menm sediktè ki ale nan kafe yo, diskotèk yo, kote moun al chache fanm penda yo "pou evanjelize", renonse a foli a pandan li ankò tan. Sove nanm nou kan sa posib. **Lanfè reyèl, e li etènèl.**

Pou nou menm ki kwè ke Levanjil Jezi Kris la se yon bagay ki pase mòd e ki nesesite dwe modènize ou aktyalize'l a koz reyalyite tan an, fèt atansyon! Nou nan pòt Lanfè a nou kòmanse amize nou. Konnen ke se pa pawòl Bondye ki pou chanje nan fason nou, se nou menm ki pou chanje pou nou konfòme nou ak pawòl Bondye a. Mwen repete li ankò. **Bondye pral jije nou sèlman sou sa ki ekri nan Pawòl Li a.**

Pou nou menm pastè ki renmen lajan yo, nou men ki abandone laverite a a koz lajan, nou menm donk mesaj prensipal nou se sou dim ak ofrann, nou menm ki

kreye bann metòd satanik pou fè fidèl yo danse ak fè yo defile nan sal la chak dimanch nan bi rasanble lajan, nou menm k'ap pouse fidèl yo fè bann ve e k'ap fòse yo pou bay lajan, e fè bann malediksyon peze sou yo kan yo pa ka bay, nou menm ki pouse fidèl yo pou yo pran bann angajman pou yo bay regilyèman lajan pou diferan pwojè inital ke n'ap fè tout tan, konnen ke mekanste nou an ap koute nou chè. Pa riz e ak sediksyon nou pouse fidèl yo mare tèt yo nan bann angajman sakre ke yo inyore konsekans yo. A koz renmen lajan an ak chache vanite a, nou prè pou tout bagay. Si nou pa repanti nou, si nou pa renonse nou ak mekanste nou yo, se nan touman etènèl ke nou pral kontinye ministè nou an. **Lanfè a reyèl, e li etènèl.**

Nou menm Jezabèl yo ki fè nou pase pou bann fanm pastè, fanm evanjelis, fanm doktè, fanm apot ou fanm ansyen Legliz, konnen ke satan ke nou panse n'ap rann sèvis la, se pa yon mèt rekonesan. Se li menm an premye ki pral tètire nou lòske nou pral rive nan Lanfè a. E si genyen pami nou kèlke inyoran ki ta kwè reyèlman y'ap sèvi Bondye, ke yo konnen jodi a ke Bib la entèdi fòmèlman pou fanm pa ansenye, ou pran otorite sou gason nan Legliz Senyè Jezi Kris la. Bondye pa rekonèt okenn fanm ansyen Legliz. Si nou vle sove, renonse ak salte a pandan li ankò tan.

Nou menm lòt swadizan kretyèn ki ranpli legliz yo dimanch an pantalon, ak jip kout, ak rad transparan ak lòt bann abiman sediksyon, avèk bann bijou ak lòt bèlte satanik, avèk bann tèt ki pa vwale, ak tout fòm makiyaj, konnen ke si nou pa repanti nou, se nan dife a ak nan vè Lanfè yo ke nou pral kontinye makiyaj nou an ak sediksyon nou an pou letènite. Nou avèti.

Nou menm ki pran swen kò fizik nou pi plis ke nanm nou, pou nou menm louk sou deyò yo, pafen, makiyaj, kwafi, elatriye. Pase anvan obeyisans Bondye, aprè nou fin li temwanyaj sa a, nou konnen kounye a sa k'ap tann nou nan Lanfè a, si nou pa repanti nou.


Pou nou menm ki marye, se nan maji nou te pran patnè nou an, se tan pou nou konfese bagay dyab nou yo pou nou libere de yo, ak pou libere pòv patnè a ki ankò anba degre maji ak pawòl malefik nou te fè sou li yo. Si nou pa fè anyen, lanfè ap tann nou. Nou avèti de sa.

Genyen kèlke ajan satan ki divòse, swadizan kretyen, ki depi yo panse pou yo remarye ak aprann ke konfòmèman a Bib la yo pa gen dwa pou yo remarye tanke ansyen madanm nan ap viv, yo lage yo davantaj nan okiltis pou touye li, nan bi pou yo atrape rapidman yon lòt manje ki pral prochèn viktim nan. Mwen gen yon mesaj pou mechan sa yo. **Lanfè a reyèl, e li etènèl.** Si nou pa repanti nou, nou pral konprann li nan jou k'ap vini yo.

Nou tout ki santi nou alèz nan prostitisyon an, kòm nou li'l nan temwanyaj 7 jèn Kolonbyen yo, si nou pa repanti nou, nou pral kontinye prostitisyon nou an nan Lanfè a. Malerezman se pap yon prostitisyon ki pral ka fè nou jwenn nenpòt kèl jwisans, men pi to yon tris fòm prostitisyon ki pat janm imajine. Mwen rekòmande nou vivman pou nou li **"Temwanyaj 7 Jenn Kolonbyen yo"** ki sou sit la www.mcreveil.org. Li konplete sa a, e l'ap ede nou konprann davantaj reyalite Lanfè a.

Si aprè nou fin li temwanyaj sa a nou vle repanti nou ak nou vle èd pou sa, kontakte nou e n'ap ede nou. E si nou genyen kesyon sou sa pou nou fè pou mete vi nou an lòd devan Bondye, ale sou sit la www.mcreveil.org, e n'ap trouve tout ansèyman yo ke n'ap bezwen, ak repons pou tout kesyon nou yo.

"Lanfè a sanble ak yon kò moun ki kouche nan sant latè. Kò a kouche sou do, avèk de bra ak de janm ouvè."



***L'Homme de Vitruve
(Léonard de Vinci)***



***Pyès 1 euro italyen
Ak l'Homme de Vitruve.***



Modèl kat asirans maladi an Almay ak l'Homme de Vitruve.

Repanti nou anvan li fè trò ta. Lanfè a reyèl, e li etènèl.

***Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an,
ak yon renmen ki p'ap janm fini!***

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!